МАЙ ДУГ

МАЙ ДУГ



ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА ∞ ГАМЗАТ ЦАДАСА

11
2023

11
2023





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет

Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023



11
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

Редакторы ныхас 5

РАСУЛ ГАМЗАТОВ: 100 АЗЫ

Мæ ныстуан 8

Расул Гамзатов. Адæм, цард нæ райдайдзæни ногæй. *Æмдзæвгæтæ* ... 9

Расул Гамзатов. Хæдзар. *Радзырд* 22

Хæлæртты мысинæгтæ 28

Дзырдаивады цæргæстæ 47

ТЫДЖЫТЫ Юри. Бирæ кæй уарзут. *Æмдзæвгæ* 48

Марат ГАДЖИЕВ. Удуæлдай фæллой æмæ сфæлдыстадон æнтыстытæ. *Интервью* 49

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

Магомед БИСАВАЛИЕВ. «Хуыздæр зынгхуыссынгæнæг» 55

ПОЭЗИ

Расул БАГОМЕДОВ. *Æмдзæвгæтæ* 58

Аминат АБДУЛМАНАПОВА. *Æмдзæвгæтæ* 61

Гасан КУРУХОВ. *Æмдзæвгæ* 64

Магомед АХМЕДОВ. *Æмдзæвгæтæ* 66

Миясат МУСЛИМОВА. *Æмдзæвгæтæ* 69

Магомед ПАТАХОВ. *Æмдзæвгæ* 73

Сабигат МАГОМЕДОВА. *Æмдзæвгæ* *75*

Билал АДИЛОВ. *Æмдзæвгæ* 76

Мурад АХМЕДОВ. *Æмдзæвгæтæ* 77

ПРОЗÆ

Ахмедхан АБУ-БАКАР. Уыцы ‘хсæв, сæхи мæлæтмæ цæттæ кæнгæйæ... *Уацау* 80

Магомед БИСАВАЛИЕВ. Удвидар. *Радзырд* 101

Гамзат ИЗУДИНОВ. Харибы æфцæгыл. *Уацау* 105

АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ

Дагестаны адæмты æмбисæндтæ 112

Хæлардзинады нысан 115

ПУБЛИЦИСТИКÆ

Магомед АХМЕДОВ. Хъуыдытæ Хетæгкаты Къостайы тыххæй. *Уац* ... 116

ГАСАНТЫ Валери. Дагестан æмæ Ирыстон: хæлардзинады уидæгтæ. *Уац* 120

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН 125

ЗОНДЫ НЫХÆСТÆ

Абуталибы загъдау... 137

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

РЕДАКТОРЫ НЫХАС



НÆ ФÆНДАГ – ДАРГЪ ÆМÆ УÆРÆХ!

Ацы аз æфсымæрон республикæ Дагестанимæ æмцин стæм нæ уарзон поэт, прозаик, драматург, публицист æмæ æхсæнадон архайæг, Советон Цæдисы паддзахадон премийы лауреат, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат (2003 аз), Ирыстон йæ зæрдæйы рæбинаг кæмæн уыд, æнæзивæгæй Дзæуджыхъæумæ йæ бирæ хæлæрттæм чи уад, уый, Расул Гамзатовы 100 азы юбилейыл.

Кавказы фысджыты ‘хсæн куыд раджы, афтæ ныр дæр стыр архайд цæуы адæм иудзинад æмæ хæлардзинадыл. Хатгай иугай адæймæгтæ свæййынц сæ адæмы ирвæзынгæнджытæ, фыдбылызæй сæ хизджытæ, амонд сын хæсджытæ. Хъæрмуд ахастдзинæдтæ ирон адæмимæ уыд Расулы фыд Гамзатæн дæр. Йæхæдæг æфсымæры цард кодта Нафиимæ, нæ республикæйы уæды сæргълæууæг Дзасохты Алыксандримæ, Ходы Камалимæ, Дзасохты Музаферимæ, Хостыхъоты Зинæимæ, Абойты Зауырбегимæ. Уæдæ Хуыбецты Райæимæ та иумæ ахуыр кодтой Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты.

Фыццаг хатт Расул Ирыстонмæ æрцыд 1959 азы, Къостайы райгуырды 100 азы бонмæ. Бирæтæн сæ зæрдæты баззадис йæ арф æмæ æнкъарæнджын раныхас ирон литературæйы бындурæвæрæджы тыххæй. Æмæ куыд нæ, кæд æмæ зæрдæйы тæгтæй баст уыд Къостаимæ, хæстæг ын уыдысты йæ хъуыдытæ æмæ сагъæстæ. Йæ фыд Гамзат Къостайы нымадтæ Кавказы бæрзонддæр хохыл литературæйы, хуыдта йæ йæхицæн æфсымæр, ратæлмац ын кодта йе ‘мдзæвгæтæ авайраг æвзагмæ дæр. Уый бындур бавæрдта Расулы уарзондзинадæн дæр ирон адæммæ, Ирыстонмæ. Фæстæдæр фыста: *«Коста Хетагуров стал моим личным, родным поэтом... У каждого человека есть наследственная и приобретенная любовь. Коста для меня и то, и другое... Каждый народ имеет свой Эльбрус и свой Казбек в поэзии. Коста Хетагуров – мост между ними и самая высокая гора, всеобщая гора...»*.

Афтæ куы зæгъон, æмæ Ирыстон æмæ Дагестаны республикæты литературон журналты ‘хсæн фыццаг хатт рацæудзысты, кæрæдзи фысджыты уацмыстæ тæлмацгондæй кæм уыдзысты мыхуыргонд, ахæм сæрмагонд номыртæ, уæд, æвæццæгæн, нæ фæрæдидзынæн. Абон дыууæ республикæйы ‘хсæн рæзынц бастдзинæдтæ культурæ æмæ æхсæнады къабæзты. Фестивальтæ, конкурстæ, сфæлдыстадон изæртæ, концерттæ, иумæйаг мадзæлттæ æнувыд кæнынц адæмы.

Дагестаны цы бирæ адæмыхæттытæ цæры, уыдонæн сæ фылдæр сты авайрæгтæ. Нæ фысджыты уацмыстæ дæр тæлмац æрцыдысты авайраг æвзагмæ æмæ рацыдысты сæ литературон журналы дыууæ номыры ацы аз. Уый, æнæмæнг, æнтыст у! Ахсджиаг у, ацы хъуыддаг журналы 90 азы юбилейы къæсæрыл кæй æрцыд, уый дæр.

Уазæг – Хуыцауы уазæг! Фарн æрбахæссут уæ æрбакъахдзæфæй!

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

РАСУЛ ГАМЗАТОВ: 100 АЗЫ



(1923 – 2003)

Мæ адæмæй хицæн мæ амонд нæ уыд...

МÆ НЫСТУАН

Кæй ныффыстон, уыцы чингуыты ис мæ ныстуан. Фæстагæттæн уадзын фыдæлтæй мын фæдзæхст Дагестан – мæ уарзт, ныфс æмæ цины бæстæ, рæсугъд чызджыты æмæ сæрыстыр лæппуты зæхх. Дагестан мæнæн дæр у мæ чызг, мæ Кумари. Мæ царды цалх. Мæ сагъæсты хох Ахульго. Ænæ уымæй мæ цард цы у, ницы?!

Уыцы уаз дунейы хæрзтæй æз мемæ ницы хæссын. Дагестан хъахъхъæнын дæр уæ уый тыххæй курын. Хъахъхъæнут æй æмæ йын кадджын кæнут йе стыр ном. Дагестан у уæ цард, уæ намыс æмæ уæ уарзт.

Нæ, уыцы æгъдæуттæ æнæбындур не сты – аудут сыл, хъахъхъæнут сæ. Йæ уырнæнтæ æмæ символтæ хъæддаг не сты – хъахъхъæнут сæ уæ намысы. Уæлдай стырдæр уарзтæй уарзут йæ чысылнымæц адæмты.

Кæстæртæн, сывæллæттæн уадзын, мæ царды бонты æдæрсгæ кæй фæхастон, уыцы удлæууæн уарзт сылгоймагмæ. Бындурон уыд кæддæриддæр. Ме 'ппæт зарджытæ дæр ууыл уыдысты. Сног æй кæнын сымахмæ кæсы. Цы стъалы дзы судзы, уый уадз æмæ судза цæхæркалгæ рухсæй. Уымæй райгуыргæ зæрдæты дзæнгæрджыты зæлланг та айхъуысæд æгас дунейыл.

Уæлдайдæр хъахъхъæнут мадæлты, аудут хотыл, æнæдызæрдыгæй уарзут рæсугъд чызджыты. Сæ уарзт сын чи нæ базыдта, уый дзæгъæлы фæцард.

Æз мемæ ницы хæссын ацы дунейæ. Рæсугъдæй, сæрмæхæссинагæй мæм цы уыд, уый уадзын ам, сымахæн, адæм!

Расул ГАМЗАТОВ

Расул ГАМЗАТОВ

АДÆМ, ЦАРД НÆ РАЙДАЙДЗÆНИ НОГÆЙ

АУДУТ ÆМБÆЛТТЫЛ

Зон, æмбал, æнæпайда фыдохæн
Æмæ стыр лымæндзинадæн аргъ.
Де ‘мбалæн дæ маст исыны охыл
Уайдзæфтæ кæнынмæ ма кæн тагъд.

Кæд дæ хæлар разынди æнæраст,
Бафхæрдта æнæнхъæлæджы дæу,
Фæаххосджын дæ цуры, стæй йыл басаст,
Уæд йæ фарсмæ раздæрау æрлæуу.

Адæм, цард нæ райдайдзæни ногæй,
Азтимæ æрæмбарæм рыстæй:
Хорз æмбæлттæй цух кæнæм æнцонæй,
Фæлæ ногтыл сæмбæлæм зынтæй.

Кæд дæ дугъон раздæрау нæ тæхы,
Кæд фæкалд йæ фæндагыл æваст,
Аххосджын-иу ма фæкæ дæ бæхы,
Ма-иу кæн дæ хорз æмбалæй хъаст.

Адæм, курын, ма кæнут æфсæрмы
Равдисын хæларзæрдæ фæрнæй.
‘Мбал æфхæрын ма ‘рхæссут уæ сæрмæ,
А зæххыл хæлæрттæ бирæ нæй.

Æз мæ царды ‘ндæр хъуыдытæ хастон,
Бирæ уыд рæдыдтытæ мæстæй.
Цал æмбалы царды æз ныууагътон,
Цал æмбалы аздæхти мæнæй...

Бирæ дард, зын фæндæгтыл фæцыдтæн,
Æмæ-иу тыхст уавæры æдзух
Цас фæсмон уыд, цал хатты мысыдтæн
Ме ‘мбæлтты, кæмæй фæдæн æз цух.

Æмæ абон æз бæллын уæ уындмæ,
Мæн зæрдæйæ чи уарзта кæддæр,
Чи не ссардта раст ныхас мæ удмæ,
Стæй кæй удмæ не ссардтон æз дæр.

Уырыссаг æвзагæй БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац

ИУМÆ ÆМÆ ХИЦÆНÆЙ

Уалдзæг уа æви рагвæззæг махæн
А дунейыл, кæм фидæм нæ хæс,
Иннæ адæмæн чи нæ уа, ахæм
Хицæн амонд нæ агурын æз.

Мæн нæ хъæуы сæрмагонд арв хураен, –
Хурзæрин ныл æмхуызон кæсæд!
Нæ, æз хицæн кæрдзын дæр нæ курын,
Нæдæр – хицæнæй цуангæнæн хъæд.

Мæн нæ хъæуы сæрмагонд хай цинæй, –
Иннæ адæмæй хицæн нæ дæн.
Рынчындоны мын, иннæтæн чи нæй,
Ахæм хицæн уат ма ратт мæнæн.

Зарæг дзаг кæхцау къух-къух кæм афты,
Уым мæм иннæты ‘мхуызон кæсут,
Уым мæ уарзут, куыд аккаг дæн, афтæ,
Иннæтау мын тæрхон дæр хæссут.

Не ‘хсæн иумæ, салдæттæ цыма стæм,
Хъуамæ уараем нæ хъысмæт, нæ цард.
Хицæн нæ, фæлæ ‘фсымæрты астæу
‘Хсæны ингæнмæ бафтæд мæ мард.

Æмæ цалынмæ удхæсс æд хъама
Не ‘рбадзырдта мæ удæн кæрон,
Уалынмæ дын, мæ зæды хай, хъуамæ
Батæ иунæг мæхæдæг кæнон.

МАХÆЙ ХУЫЗДÆР

Лæгмæ хуыздæр цы ис бæллицæй –
Фæкæнæм цардизæр йæ кой,
Цæмæй нæ байзæддаг нæхицæй
Хуыздæр, парахатдæр цæрой.

Ærдæг цин нæ – æххæст сæ цин уæд,
Сæ фæндтæ мах фæндтæй – хуыздæр,
Сæ уарзты уæд фылдæр лæгдзинад,
Куы уарзой махау тынг, уæддæр.

Æхсæв уæд адджындæр сæ фынæй
Фыдæлты бонцъæхон фынæй.
Сæ улæфт сабыр уæд тæлфынæй,
Куыд сабыр назты къох бынæй.

Фæлæ канд улæфын циу удæн!
Уадз хистæр намысыл тыхсой.
Уадз, мах куыд фыстам, уымæй уыдон
Бæрзонддæр сагъæстыл фыссой.

Цæсгом бæрзонд æгъдауæн сисæнт,
Æмæ сын зын куы уа, уæддæр
Рæстдзинад уарзæнт æмæ хизæнт…
Цыбырæй: махæй уæнт хуыздæр.

Уырыссаг æвзагæй ПЛИТЫ Грисы тæлмац

* * *

Лæууын та Дагъистаны хæхты бæрзондыл,
Фæлгæсын æз дардыл æмæ та уынын:
Бæлонгъуыз сæрвæты ælвынынц хæххонтæ
Сæ урс-урсид фысты, ныппух и сæ хъуын.

Хæмпус къуымбил арвыл ысфæйлыдта дымгæ,
Сылгоймæгтæ се ‘ккой уый сабыр хæссынц.
Сæ русты хид зæхмæ æрхаудис æзынгæ,
Йæ гагатæ кæрдæджы уæлæ зынынц.

Уынын æз: цъæх айнæг уынгæг комы рындзыл
Ыслæууыд фыййауау... Йæ сæрыл – цъæх мигъ.
Фысдзарм худау сфист и, æрфæскъау, ыспыхцыл,
Уый хизы гуылф дуртæ, мæсгуытæ ‘мæ тигъ.

Йæ фист кæрц ныскъуындзæн... Ныртæккæ йе искæд
Мæ риуы хъæдгомдзæф ысдуддзæн, ысрисдзæн.

МÆРГЪТÆ

Мæн-иу хъæдмæ сæрдыгон куы схаста мæ къах,
Уæд-иу заргæ мæ размæ цыдыстут сымах.
Мæн уæ цъыбар-цъыбур-иу хъал кодта сæумæ.
Хъуыст æхсæв дæр уæ дзиу-дзиу æнæсцух мæнмæ.
Фæндыд рагæй, нæ цъиутæ, куы уæм раттин фарст:
Цымæ алкæд цы ‘вдисы уæ хъæлæба уаст?
Кæд, мыййаг, уым уæ уарзты бæллицтæ зæгъут
Кæнæ авдæны зарæг æмдзыхæй кæнут?
Æви зарут уæхицæн бæрæгбоны гимн?
О, зæгъут мын, зæгъут мын уæ сæнттæ, уæ цин!
Уый уæ дзиу-дзиумæ дæттæн фæтынгдæр сæ хъæр,
Хур рæдаудæрæй калы сызгъæрин цæхæр,
Бæлас дидин æфтауы – уæгъдибар, фæндон,
Урс фынк калы раст фурдау дыргъдзæхæрадон.
Æз уын уе ‘взаг нæ зонын, уæ диссаг ныхас,
Уæддæр агайы зæрдæ уæ зæлгæ хъæрахст.
О мæ уарзон, мæ мæргътæ, уæ лымæн куы дæн, –
Критик арæх сымах тыххæй фаудта-иу мæн.
О, цæйбæрц цæфтæн бабыхст уæвгæдæр мæ сæр,
Зæгъгæ, зарыс, дам, дидинтыл, мæргътыл æгæр.
О, сымах ныр куыд сурон мæ зарджытæй, уас,
Кæд у мæргътæй йæ тæккæ дзаг урссæр Кавказ.

Кæд мæ сабыр фыдызæххы алы къуымты,
О, уæ диссаджы фæндыр æнæнцой цæгъды!
Уадз мæ мæргътæм мын хъуса мæ мæгуыр бæстæ
Ам, нæ хæхты, Мæскуыйы, Уралы фæстæ!
Уадз æхсæв дæр, уадз бон дæр, сæуæхсидыл дæр
Æдзух уайæд нæ хъустыл сæ дзиу-дзиу, сæ хъæр!

КЪÆВДАЙЫ ФÆСТÆ

Ыскæуы саби, фæлæ йæм æруайы мад,
Æмæ та худы ноггуырд й‘ авдæны æнцад.
Кæс-ма,
Куыд у гъеуыйау кæрзыты сыфтæр:
Фæскъæвда уынджы даргъ бæлæстæ цудынц,
Сæ цæссыг кæд нæма ахус, уæддæр
Сæ сыфтæртæ нæ хурзæринмæ худынц...
Æмæ та кæмтты дугъгæнаг дæттæ
Сæ зарæг зæлгæ ног мыртимæ сисынц.
Ашуг дæр афтæ у:
Йæ фæндыры тæнтæ
Йæ ноггуырд зарæгыл хъæрæй ныррызынц.
Кæс-ма, кæс, æрдзмæ!
Диссæгтæ фæци
Йæ ногæхсад рæгъты тыбар-тыбурæй:
Цыма ныннадта буц чызг суадоны йæхи,
Фæлæ æххæст нæма асур и хурмæ.

* * *

Хорз хъуыддæгтæй царды мах цы раттæм,
Уый æвзонгдзинад фæхонынц адæм.
Зæрдæйы цæхæр, быцæу ныхæстæн
Уайтагъддæр фæвæййы, дам, сæ рæстæг.
Адæймагыл, дам, куы цæуой бонтæ,
Ферох вæййы, атæхы йæ сонтад,
Схъыг вæййы йæ балцы даргъ фæндæгтæй,
Нал фæдары хъус ыстыр хъуыддæгтæм.
Суæзбын вæййы, алырдæм ныннæрсы.

Кадмæ, ‘фхæрдмæ иу цæстæй фæкæсы.
Алкæйы дæр цай цымынмæ хондзæн,
Чи у знаг кæнæ лымæн – нæ зондзæн…
Кæд мæныл æцæг гъеуый æрцæуа,
Уæд фæлтау мæн абон цард нæ хъæуы.
Ахæм бонтæм ма фæцæрон, оххай!
Раппарон фæлтау мæхи æз хохæй!

Уырыссаг æвзагæй ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандры тæлмац

* * *

Мах нæхимæ хорзæй ныр цы арæм?
Не ‘взонг бонтæ, зæрдыл сæ фæдарæм.
Зæрдæты арт, фидар лæуд быцæуы,
Дзурынц, махæй уайтæккæ фæцæуы.

Аз, дам, азы ахондзæн йæ фæдыл,
Нал лæудзæн лæппуйы цард нæ зæрдыл.
Стыхсдзынæн æз балц, фæдисон цардæй,
Стæй кæндзынæн уазал каст фæлладæй.

Стыр уыдзынæн, басабыр уыдзынæн.
Кад йе маст куыдфæндыйæ уындзынæн.
Уатмæ цай мæ уазджытæн хæсдзынæн,
Знаг, æмбалмæ иу цæстæй кæсдзынæн.

Кæд æцæгæй скæна ахæм афон,
О, фæлтау фæкæлдзынæн æз абон!
Ма фæцæрон уыцы æвзæр бонмæ!
Уадз, фæлтау къæдзæхæй хауон коммæ!

* * *

Зыдтон нæ алы дыргъдон æз, –
Уæд фыццаг къласмæ уадтæн тагъд.
Уыдтæн æз уыцы аз ыстыр,
Куы, дам, ныййардта дæу дæ мад.
Дæ мады не ‘вдæлди куыстæй,

Нæ йын уыди гæнæн.
«Дæ цæст мæ сабимæ фæдар», –
Дзырдта-иу уый мæнæн.

Æмæ дзы уый тыххæй лæвар
Кæд истон уæд æз дæр,
Уæддæр дæ авдæны уæлхъус
Æнкъард кодтон æгæр.

Æз та хæххон хъæуы куы дæн,
Аз азы фæстæ тахт.
Цы даргъ дзыккутæ ис дæуæн!..
Куыд тагъд рæзæм, куыд тагъд!

Æнхъæлмæ раджыйау кæсын,
Æрбацæудзæн дæ мад!
Фыццагау та зæгъдзæн мæнæн:
«Кæс æм, йæ уæлхъус бад!»

Бæргæ, мæхæдæг уымæн æз
Зынаргъ лæвар хæссин.
Иттæг хорз уаид ныр бæргæ,
Нæ цардыл сагъæстæгæнгæ,
Кæсин дæумæ, кæсин...

Уырыссаг æвзагæй ХЪАЙТЫХЪТЫ Георы тæлмац

ÆРÆДЖЫГÆНÆГ ЗÆРВАТЫЧЧЫТÆ

Мах фæсырдтам ихзæрдæ зымæджы,
Дæттæ хъазтæй нал æфсæдынц, нал…
Цымæ ныр цæмæн кæныс æрæджы,
Урсриуджын зæрватыччыты бал?

Къæлиндар йæ бирæ сыфты арфы
Радта, ра, апрелæн дæр фæндаг.
Æз кæсын æппынæдзухæй арвмæ –
Арв ма у æрмæст уæ ферттывд хъуаг.

Тагъд сымах фæзындзыстут нæ сæрмæ,
Азæлдзæн та уе ‘хсызгон хъæлæс,
Æмæ уалдзæг райсомы цæхæрмæ
Райтаудзæн йæ цъæх-цъæхид пæлæз.

Хурзæрин-иу къæдзæхты фæсонтæй
Сдардзæн раздæр дунемæ йæ был,
Денджызы-иу ленк кæндзæн бæрзондæй,
Уым сызгъæрин таудзæни дæрдтыл.

Лæппутæ ‘мæ чызджыты изæрмæ
Быдыр, хъæдæй нал хæсдзæн сæ къах.
Зæрæдтæ бæлдзысты ног фæлтæрмæ…
Цæй, уæдæ кæм ыстут ныр сымах?

Фыййæуттæ сæ дзугтæ тардтой фæзтæм,
Ног сæ хæхтæм сыскъæрдзысты тагъд;
Нал быхсæм! Кæд ма уыдзæн мæ бæстæм,
Уалдзæгхæссæг стъалытæ, уæ тахт!

Стут сымах æртæтигъон писмоты
Хуызæттæ уæ бакастæй, зæгъынц,
Æмæ адæм даргъ къæвдаджын бонты
Иудадзыг уæ фенынмæ бæллынц.

Зонут, нæй уын дард балцы цæлхдуртæ,
Уымæн æмæ махмæ стут тырнæг.
Дуæртты сæрмæ ахстæтты бындуртæн
Бакодтам цæфхæдтæ дæр, хъæлæкк.

Кæд мæ бæстæ номдзыд у йæ мæргътæй,
Кæд сæ зардмæ нæй æрхæссæн фау,
О, уæддæр уын урс худтæ нæ хæхтæ
Сисдзысты æгъдаудæттæг лæгтау!

Уырыссаг æвзагæй МЫРТАЗТЫ Барисы тæлмац

МАДМÆ

Æз лæппуйæ фыдуаг уыдтæн, «ма кæн!»
Ничи уæндыд мæнæн зæгъын.
Ничи цыди нæ рæзты махæн
Сыхы лæппутæй – уыдзæн хыл.

Азты хъазгæ цыд... Æз дæр – хъазгæ.
Мурмæ никуы ‘рдардтон хъысмæт.
Ныр мæ хъысмæтимæ дæ размæ
Æз фæцæуын, куы фæцæуын, уæд.

Абон – иумæ кæдæй-уæдæй мах дæр,
Къуымты ничи змæлы æндæр.
Æз дæ къухтæм мæ сæр æруагътон, –
Кæс, æнафон ысурс мæ сæр.

Тынг æнкъард у, зын у мæ удæн, –
Дуне-адæмы хъомпалы дæн.
Царды ‘нтæфы куы ‘рхауыс æнудæй,
Уæд дæ дæлфæдтæм нæ феныс мæн.

Зилын зилдухы зылдæй, нæй мæ,
Нæй дæ фарсмæ æрбадыны бон.
Зæрдæ хатт ныссæххæтт кæны: цæй-ма,
Цон, нанайы абæрæг кæнон.

Фæлæ ницы... Куыстытæ – бирæ,
Уырдæм ауайон, уый ма æххæст...
Хыл нæ кæныс, нæ кæныс æртхъирæн,
Арф ныуулæфыс хатгай æрмæст.

Стъалы атæхы, æмæ уалдзæг
Нал ысхæцы йæ зынг цæхæр...
Æз дæ къухтæм мæ сæр æруадзын, –
Бонты зилдухы сурс мæ сæр.

Уырыссаг æвзагæй ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац

ЗЫРНÆДЖЫТÆ

Мæнмæ фæкæсы хатт, æмæ хæстонтæ
Рæстаг тохæй куы не ‘рыздæхынц, уæд
Нæ сау зæхмæ нæ ацæуынц бынтондæр –
Цъæх-цъæхид арвы байсæфы сæ фæд.

Ныры онг уыдон уыцы рагзамантæй
Тæхынц æмæ нæм дзурынц арвæй дард.
Уæдæ цæмæн æрвон тыгъдадмæ скастæй
Нæ зæрдæ сваййы мадзура, æнкъард?

Тæхынц, тæхынц уæлæрвты уыдон, мигъты
Тæхынц фæлладæй, хур дæр къул кæны.
Зыны мæм се ‘хсæн иу бынат афтидæй, –
Æвæццæгæн, æнхъæлмæ мæм кæсы.

Æрцæудзæн бон, раст уарийау сæ цурты
Тæхдзынæн æз изæрмилты хæрдмæ.
Мæ цардыл мæт нæ кæндзынæн æз мур дæр,
Сымахмæ арвæй маргъы хъæр кæнгæ.

Мæнмæ фæкæсы хатт, æмæ хæстонтæ
Рæстаг тохæй куы не ‘рыздæхынц, уæд
Нæ сау зæхмæ нæ ацæуынц бынтондæр –
Цъæх-цъæхид арвы байсæфы сæ фæд.

Уырыссаг æвзагæй ПЛИТЫ Иналы тæлмац

АУДУТ МАДÆЛТЫЛ

У æнусон рухс номыл мæ кадæг.
Æмæ кæд нæ зарын гимн, уæддæр
Райгуыргæйæ ссары дзырд йæ зарæг,
Уды арфы чи калы цæхæр.

Æмæ уæд йæхи фæндæй, ныфсхастæй
Зæхх-бæстæйæ стъалытæм тæхы...
Цины зæлтæй, уды рыст ‘мæ уарзтæй,
Зæрдæйы оркестрæй цæгъды.

Фæлæ йæ куы зæгъон æз уæ разы
Уыцы Рухс, алæмæттаг Дзырд, уæд
Сыстут, адæм!
Мард æмæ æгасæй
Слæуут уе ‘ппæт, знæт дуджы цæуæт!

Сыстут, тар хъæды нæзыты рæгътæ!
Сыстут, сраст ут, кæрдæджы зæнгтæ!
Сыстут, дидинджытæ, сыстут, хæхтæ,
Уæхсчытыл æрвон тыгъдад хæсгæ.

Сыстут уе ‘ппæт ‘мæ лæугæйæ хъусут,
Чи уыдис тæмæнкалгæ æвæрд.
Уыцы дзырд – сыгъдæг æмæ æнусон!
Сыстут æмæ слæуут!.. Сыстут ‘ппæт!

Бæлæстæ куыд сыстынц боны рухсмæ,
Ног кæрдæг куыд тырны хурмæ тагъд,
Афтæ сыстут, уыцы дзырд æрхъусгæ.
Уымæн æмæ уыцы дзырды – цард.

Уыцы дзырд у сидт дæр æмæ арфæ,
Уыцы дзырды дунейæн – йæ уд.
Уый – фыццаг зынг зæрдæйæн йæ арфы,
Сабийæн – йæ фыццаг мидбылхудт.

Уæд æдзухæй уыцы дзырд нæ фарсмæ,
‘Мæ, цæлхдуртыл хизгæйæ æнцон,
Уыцы дзырды рухсæй æмæ тавсæй
Дур зæрдæйы райгуыры фæсмон.

Уыцы дзырд æнæхин у, æрвылбон
Уыцы дзырды – а царды фæрæз.
Алцæмæн йæ гуырæн у. Æгæрон.
Сыстут!..
Дзурын уыцы дзырд уын æз:
«Мад».

Уырыссаг æвзагæй БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац

ФЫСТЫТÆ

Дуарыл

Бæлццон, æрбацыдтæ мæм иугæр,
Нæ дæм ракæсдзæн зулмæ иу дæр.

* * *

Бæлццон, мæ дуары цурмæ ‘рцыдтæ,
Æрбахиз йе дæхи айс цырддæр.

* * *

Хæдзармæ ма хой, бæлццон, ма дзур,
Хæрзгæнæг кæд дæ, уæд æрбацу.

* * *

Мыййаг дæ ‘нцойдзинад куы хъæуа,
Мæнмæ дын – кæрт, хæдзарæй.
Зынаргъ уазæгæй мæм куы ‘рцæуай,
Фæцæудзынæ хæларæй.

* * *

Мæ хæдзармæ, æхсæв уа, бон,
О, ма хойут, хæлæрттæ.
Сымахæн у мæ зæрдæ гом,
Æдзух уын гом – мæ дуæрттæ.

* * *

Æз дæуæн мæ дзул, мæ цæххæй
Ратдзынæн æгъдау.
Кæд нæ раппæлай мæ бæхæй –
Ма ‘рбацу фæлтау.

* * *

Кæддæриддæр махмæ ис цæуæн, –
Дæ дуары ‘рбахост зарæг у мæнæн.

* * *

Æрбацыдтæ мæм – ма кæн тагъд,
Дæ ацыд у дæ фæндиаг.

Дæ фæллад суадз, ныpма у даргъ
Дæуæн, хæлар, дæ фæндаг.

* * *

Мæ хæдзар ис фæсвæд, хæрды,
Ыскæн дæхицæн зын
Æмæ мæм, ме ‘нæзонгæ, ды
Уæд та чысыл фæзын.

* * *

Куынæ æрбацæуай мæнмæ,
Уæд банхъæлдзынæн: ды хæрзаг
Тæрсыс, æз искæдбон дæумæ
Куы бацæуон, мыййаг.

Уырыссаг æвзагæй ЦÆГÆРАТЫ Гигойы тæлмац

ПЛИТЫ Грис

РАСУЛЫ СТИХТÆ

Тæлмац кæнын Расулы стихтæ…
Гæнах куыд амайы дзырдтæй!
Цыма сыл иу æрмдзæф дæр нæй,
Цыма лæджы конд нæ – сæ тигътæ
Æнусты дæргъы сты æрдзæй.
Æмæ кæнын сæ разы джихтæ.

Расул ГАМЗАТОВ

ХÆДЗАР

Радзырд

Авайраг дзырд «ригъ»-æн ис дыууæ алыхуызон нысаниуæджы: «кар» æмæ «хæдзар». Уыцы дыууæ нысаниуæджы мæнæн æмиу кæнынц. Кар – хæдзар. Дæ кары бацыдтæ – хъуамæ дын уа дæхи хæдзар. Авайрагау ахæм æмбисонд куы ‘рхæссай (махмæ ис ахæм æмбисонд), уæд дзы рауайдзæн æнæтæлмацгонд дзырдтæй хъазт: «ригъ – ригъ», кар – хæдзар.

Цæй, гъа, хъуамæ нæ рох ма уа, Дагестан йæ кары раджы кæй бацыд, уымæ гæсгæ йын хуры бын фидар бынат ис.

Æз-иу арæх бафарстон мæ мады:

– Дагестан кæм ис?

– Мæнæ дæ авдæны, – дзуапп-иу радта куырыхон мад.

– Кæм ис дæ Дагестан? – бафарстой иу андиаджы.

Андиаг фæсæццæ, афтæмæй йæ цæст йæ алфамбылай ахаста.

– Уæртæ уыцы къуылдым – Дагестан, мæнæ ацы кæрдæг – Дагестан, дæлæ уыцы цæугæдон – Дагестан, уалæ хохыл цы мит ис – Дагестан, ау, уæлæ йæ сæрмæ цы мигъ ис, уый Дагестан нæу? Æмæ уæд йæ сæрмæ цы хур ис, уый дæр Дагестан нæу? Мæ Дагестан – алкуы дæр! – дзуапп радта андиаг.

1921 азы, граждайнаг хæсты фæстæ, нæ хъæутæ уыдысты бынтон гаффутт, адæм æххормагæй мардысты æмæ нæ зыдтой, цы уыдзæн дарддæр. Æмæ уæд хохæгты делегаци фæцыд Ленинмæ. Ленины кусæн уаты Дагестанæй ærвыст минæвæрттæ, дзургæ ницы кодтой, афтæмæй айтыгътой зæххы къорийы картæ.

– Цæмæн ærхастат уыцы картæ? – бадис кодта Ленин.

– Дæуæн бирæ тыхсинæгтæ ис алыхуызон адæмты тыххæй, дæуæн дæ бон нæу, цæмæй хъуыды кæнай, чи кæм цæры, æмæ мах фæнды, цæмæй дын равдисæм, Дагестан цы ран ис, уый.

Фæлæ хохæгтæ кæд бирæ фæцагуырдтой, уæддæр сæ бон нæ бацис сæ райгуырæн бæстæ ссарын, ныдздзæгъæл сты уыцы стыр картæйы, не ссардтой иу чысыл зæххы гæппæл. Ленин æвиппайды, хъуыды дæр ыл нæ акодта, афтæмæй хохæгтæн картæйыл ацамыдта, кæй агуырдтой, уыцы бынатмæ:

– Мæнæ гъе уæ Дагестан, – æмæ хъæлдзæгæй ныххудт.

«О, зонды къуыбар», – ахъуыды кодтой хохæгтæ æмæ Владимир Ильяйы фыртæн радзырдтой, йæ размæ уал кæй уыдысты адæмон комиссармæ æмæ сæ уый куыд бакъуымы кодта, цы ран ис Дагестан, зæгъгæ... Адæмон комиссарады кусджытæ уыдысты æндæр æмæ æндæр хъуыдытыл хæст. Сæ иу дзырдта, кæмдæр Гуырдзыстоны кæй ис, иннæ – Туркестаны. Иу дзы, æгæрыстæмæй, бæлвырд кодта, растæндæр Дагестаны басмачтимæ кæй хæцыд.

Ленин ноджы тынгдæр ныххудт:

– Кæм, кæм – Туркестаны? Мæнæ диссаг. Æнахуыр диссаг.

Уайтæккæ телефоны хæтæл систа æмæ уыцы адæмон комиссарæн бамбарын кодта, Туркестан кæм ис æмæ Дагестан та цы ран ис, кæм басмачтæ сты, кæм та – мюридтæ.

Кремлы, Ленины кусæн уаты къулыл, абоны онг дæр конд ис Кавказы стыр картæ.

Ныр Дагестан республикæ у. Чысыл у æви стыр, уый зæгъæн нæй. Махмæ, нæ бæстæйы, ныр афтæ ничиуал зæгъдзæн, Дагестан Туркестаны ис, фæлæ-иу мæн, искæцы дард бæстæйы уæвгæйæ, бахъуыд мæнæ ахæм æмбарынгæнæн ныхасы бацæуыны сæр:

– Кæцæй нæм æрцыдтæ?

– Дагестанæй.

– Дагестан… Дагестан… Æмæ уый та кæм ис?

– Кавказы.

– Скæсæны æви ныгуылæны?

– Хъаспы денджызы былыл.

– А, Бако!

– Нæ, Бако нæ. Чысыл цæгатырдæмдæр.

– Уæ сыхæгтæ чи сты?

– Уæрæсе, Гуырдзыстон, Азербайджан…

– О, фæлæ уыцы бынаты хъæрæсейæгтæ нæ цæрынц? Мах та хъуыды кодтам, цыма дзы хъæрæсейæгтæ цæрынц.

– Хъæрæсейæгтæ цæрынц Хъæрæсейы, дагестайнæгтæ та Дагестаны. Толстой… Хаджи-Мурат… Толстойы кастыстут? Бестужев-Марлинский… Боныфæстагмæ – Лермонтов: «Дагестаны æфцæгыл æмбисбоны æнтæфы…»

– Эльбрус кæм ис, уым?

– Эльбрус Кæсæг-Балхъары ис, Хъазыбег – Гуырдзыстоны, махмæ та… махмæ та Гунибы хъæу… Стæй Цада дæр.

Хатт мæ бахъæуы афтæтæ дзурыны сæр искæцы дард бæстæйы. О, фæлæ алчидæр зоны: цæмæй йæ чындз бамбара, уый тыххæй загъд кæнынц гæдымæ. Чи зоны, нæхимæ дæр разына иу ахæм уæлæнгай цæстæй кæсæг, ныронг дæр афтæ чи хъуыды кæны, цыма Дагестаны цæрынц хъæрæсейæгтæ, кæнæ та бынтондæр чи ницæуыл хъуыды кæны…

Бахъуыдис-иу мæ дард ræттæм ацæуыны, алыхуызон конференцитæ, конгресстæ æмæ симпозиумты архайыны сæр. Адæм æмбырд кæнынц алы æмæ алы континенттæй: Азийæ, Европæйæ, Африкæйæ, Америкæйæ, Австралийæ. Уым кæд иууылдæр баргæ сты континенттæй, уæддæр æз дзурын, Дагестанæй кæй дæн.

– Ды Азийы æви Европæйы минæвар дæ, фæбæлвырддæр ма йæ кæн, дæ хорзæхæй, – фæкурынц мæ. – Кæцы континентыл ис уæ Дагестан?

– Æз мæ иу къахæй лæууын Азийы, иннæмæй – Европæйы. Вæййы афтæ дæр, бæхы барцыл уыцы-иу æрхæстæй дыууæ нæлгоймаджы сæ къухтæ иумæ æрæвæрынц – иу фарсы ‘рдыгæй дæр æмæ иннæ фарсы ‘рдыгæй дæр. Растæндæр дыууæ континенты дыууæрдыгæй сæ къухтæ афтæ æрæвæрдтой Дагестаны хохрагъыл. Сæ къухтæ баиу сты мæ зæххыл, æмæ уый мæнæн æхсызгон у.

Мæргътæ æмæ цæугæдæттæ, дзæбидыртæ æмæ рувæстæ, цыдæриддæр сырдтæ ис, уыдон уыцыиу рæстæг сты Европæйы дæр æмæ Азийы дæр. Мæнмæ афтæ кæсы, цыма уыдон сарæзтой Европæ æмæ Азийы иудзинады комитет. Æз ме ‘мдзæвгæтимæ æхсызгонæй сразы уаин ахæм комитеты уæнг уæвыныл.

Фæлæ мын уæддæр æндæр чидæртæ, цыма фыдæнæнгæнæгау, фæзæгъынц: «Цæй, цы дын бакæнæм, – ды азиаг дæ». Кæнæ, иннæрдæм, искуы дын Азийы тæккæ рæбинаг къуымы зæгъдзысты: «Цы ма дæ фæрсæм, ды дæ европæйаг». Æз нæдæр иуты ныхмæ исты фæзæгъын, нæдæр – иннæты. Алчидæр сæ раст вæййы.

Кæнæ… Хъавыс дæ уарзондзинад раргом кæнынмæ, сылгоймаг та йæ сæр банкъусдзæн æмæ зæгъдзæн: «Ох, ацы хинæйдзаг æмæ фæлывд Скæсæн!»

Æндæр хатт та, æрбацæудзысты дæм дагестайнаг уазджытæ, дæ ахасты дын ахæм исты фæхатдзысты æмæ сæ сæртæ ныттилдзысты: «Ох, ацы европæйаг хæрвы тыхт митæ!..»

Цæй, цы дæ фæнды, Дагестан уарзы Скæсæны, фæлæ йын Ныгуылæн дæр æцæгælон нæу. Уый, куыд бæлас, афтæ йæ уидæгтæ ауагъта дыууæ континенты зæххы дæр.

Кубæйы Фидель Кастройæн балæвар кодтон уæйлаг нымæт.

– Æмæ йыл æгънæджытæ цæуылнæ ис? – дисгæнгæ бафарста Фидель.

– Цæмæй йæ сæрбахъуыды рæстæджы уæхсчытæй тагъддæр аппарай æмæ æхсаргардмæ фæлæбурай…

– Æцæг партизаны уæлæдарæс, – мемæ сразы партизан Фидель Кастро.

Ницæмæн нæ хъæуы Дагестан æндæр бæстæтимæ барыны сæр. Хорз ын у, кæм ис, уым. Уæлхæдзар нæ тæдзы, къултæ нæ ныггæлиртæ сты, дуæрттæ хъыррыст нæ кæнынц, рудзгуытæй нæ дымы. Къуындæг у хæхты, фæлæ уыйхыгъд зæрдæйы парахат у.

– Ды зæгъыс, мæнæн мæ зæхх чысыл кæй у, дæуæн та – стыр? – бафарста андиаг иу лæджы. – Кæд афтæ у, уæд схæснаг кæнæм: фистæгæй кæй зæххыл тагъддæр æрзилдзыстæм, æз дæ зæххыл æви ды мæ зæххыл? Бакæсдзынæн дæм, куыд ахæрд кæндзынæ не ‘фцгуытæм, куыд бырдзынæ нæ къæдзæхтыл, куыд хилдзынæ нæ кæмтты, нæ сæрсæфæнтæй сæрбихъуырæйттæгæнгæ куыд хаудзынæ!..

Æз схызтæн Дагестаны иууыл бæрзонддæр рагъмæ æмæ фæлгæсын фæйнæрдæм. Фæндæгтæ алырдæмыты дард фæцыдысты, дард кæмдæр дыдзы æрттывд фæкæнынц æртытæ, ноджы дарддæрæй хъуысы дзæнгæрджыты зæлланг, зæхх ныгъуылы æрвгъуыз мигъвæлмы. Мæнæн, мæ къæхты бын райгуырæн зæхх æнкъаргæйæ, æхсызгон у дунемæ кæсын.

Адæймаг куы райгуыры, уæд йæхицæн райгуырæн бæстæ æвзаргæ нæ фæкæны – хъæцы, цы йæм æрхауы, ууыл. Мæн дæр ничи фарста, фæндыд мæ æви нæ, дагестайнаг уыдаин, уымæй. Гæнæн ис, зæххы къорийыл æндæр искуы, æндæр мад æмæ фыдæй куы райгуырдаин, уæд мын нæ уыдаид, кæм райгуырдаин, уыцы зæххæй зынаргъдæр. Мæн нæ фарстой. Фæлæ ныр куы бафæрсиккой, уæд цахæм дзуапп хъуамæ раттон?

Мæ хъустыл уайы, дардæй мæм хъуысы дала фæндыры цагъд. Зонгæ мелоди, зонгæ мын сты ныхæстæ дæр:

Мæсчъыдæттæ денджызты алхатт дæр агурынц,
Фæлæ сæ денджызтæ сæхæдæг дæр мысынц.
Зæрдæ бацæудзæн армытъæпæны дæр,
Фæлæ нæ бацæудзæн зæрдæйы дуне æгасæй.
Æндæр бæстæтæ дæр хорз сты тынг,
Фæлæ Дагестан зынаргъдæр у удæн.

Фæндырдзæгъдæг нæ, фæлæ Дагестан йæхæдæг дзуры уый дзыхæй.

Чи мæ федта æмæ чи нæу разы мæнæй,
Уый уадз цæуæд йæ хæдзармæ фæрнæй.

Уыд ахæм рагон æгъдау: даргъ зымæгон изæрты æвзонг адæм æмбырд кæнынц, хæдзæрттæй стырдæр чи уыд, уырдæм æмæ сæхи ирхæфсынц алыхуызон хъæзтытæй. Зæгъæм, лæппуйы сбадын кæнынц бандоныл. Чызг йæ алыварс зилы æмæ зары. Æмæ уый дæр хъуамæ зара. Стæй та чызджы сбадын кæндзысты бандоныл, лæппу та хъуамæ зила йæ алыварс æмæ зара. Уыцы зарджытæ хъæлдзæг зарджыты хуызæн тынг не сты, фæлæ сын цыдæр иумæйаг æнгæсдзинад ис. Зарæггæнджыты ‘хсæн рауайы цавæрдæр хирдыгон диалог. Цыргъ ныхасæн дзуапп раттын хъæуы ноджы цыргъдæр дзырдæй, дырыс фарст домы кардæй карстау дзуапп. Уыцы ерысы чи рамбула, уымæн дæттынц сæнæй йедзаг сыкъа.

Ахæм хъæзтытæ-иу уыдис мах хæдзары дæр бинаг уæладзыджы. Æз чысыл уыдтæн æмæ хъæзтыты нæ архайдтон, æрмæст сæм хъусгæ кодтон. Хъуыды йæ кæнын, артдзæстмæ хæстæг æвæрд уыд фынккалгæ сæны дурын æмæ цурыкфых тахынæг. Хатæны бæрæгастæу-иу сæвæрдтой æртæкъахыг бандон. Чызджытæ æмæ лæппутæ ивтой кæрæдзи. Сæ кæрæдзиимæ алыхуызон зарæгæмхæццæ ныхæстæ кодтой. Фæлæ-иу æппынфæстаг сæ диалог рахызт Дагестанмæ. Ацы фарстатæн, хатæны чи уыд, уыдон иууылдæр дзуапп лæвæрдтой æмдзыхæй.

– Ды кæм дæ, Дагестан?
– Цæугæдон Къойсуйы былыл, бæрзонд айнæгыл.
– Цы аразыс, Дагестан?
– Рихитæ здухын.
– Ды кæм дæ, Дагестан?
– Æфцæгыл мæ агур.
– Цы аразыс, Дагестан?
– Мæнæуы куырисæй лæууын.
– Ды чи дæ, Дагестан?
– Æз – хъамайы фындзыл æфтыд фыдызгъæл.
– Ды чи дæ, Дагестан?
– Фыдызгъæлы чи ахызт, уыцы хъама.
– Ды чи дæ, Дагестан?

– Доны цыхцырджытæй чи нуазы, уыцы саг.

– Ды чи дæ, Дагестан?

– Æз – цæугæдон, дон дарын сагæн.

– Ды цахæм дæ, Дагестан?

– Æз чысыл дæн, æнæхъæнæй армыдзыхъхъы бацæудзынæн.

– Ды кæдæм араст дæ, Дагестан?

– Фæнды мæ стырдæр исты ссарын.

Афтæ зарыдысты фæсивæд, кæрæдзийæн дзуапп дæтгæйæ. Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ чингуытæй алкæцыйы дæр ис ахæм фарстатæ-дзуаппытæ. Ærмæст бандоныл нæ бады, йæ алыварс кæмæн зилон, уыцы чызг. Мæхæдæг мæхи фæрсын, мæхæдæг мæхицæн дзуапп дæттын. Мæ дзуапп куы фесгуыха, уæд мæм сæнæй йедзаг сыкъа дæр ничи бахæсдзæн.

– Ды кæм дæ, Дагестан?

– Æз дæн, мæ хæххон адæм иууылдæр кæм сты, уым.

– Æмæ кæм сты дæ хæххон адæм?

– А! Æмæ ныр кæм нал сты!

– Дуне у стыр къус, ды та дæ æрмæстдæр чысыл уидыг. Æгæр чысыл нæу, мыййаг, ахæм стыр къусæн?

– Мæ мад-иу афтæ нæ дзырдта, чысыл дзыхæн дæр йæ бон стыр дзырд зæгъын кæй у?..

– Мæ фыд-иу афтæ нæ дзырдта, чысыл бæласы дæр стыр дыргъдон кæй фидауын кæны?..

– Шамиль-иу афтæ нæ дзырдта, чысыл нæмыг стыр науы дæр кæй ахизы?..

– Æмæ дæхæдæг дæр де ‘мдзæвгæты афтæ куы дзырдтай, чысыл зæрдæйы егъау дуне æмæ стыр уарзт кæй бацæудзысты...

– Алы хатт дæр, дæ агуывзæйыл хæрдмæ схæцгæйæ, цæмæн фæзæгъыс: «Хорздзинады тыххæй!»?

– Уымæн æмæ мæхæдæг хорздзинад агурын.

– Ды хæдзæрттæ дуртыл æмæ къæдзæхтыл цæмæн аразыс?

– Фæлмæн зæхх тæригъæд у. Уым æз хойраг æркæнын иуцъус. Мæр хæссын къæдзæхтæм æмæ уым æркæнын мæ кæрдзын. Ахæм у мæнæн мæ кæрдзын.

Чиныг «Мой Дагестан»-æй.
Уырыссаг æвзагæй ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац

ХÆЛÆРТТЫ МЫСИНÆГТÆ

ХÆХТÆЙ БÆРЗОНДДÆР КУРДИАТ



Расул Дзасохты Алыксандримæ

Хæхтæй бæрзонддæр æрмæст хæхтæн уæвæн ис, зæгъгæ, уыцы хъуыдыйы ныхмæ æз æвæрын æндæр ныхæстæ: «Расул Гамзатовы курдиат хæхтæй бæрзонддæр у». Дагестайнаг йæ райгуырæн бынатмæ гæсгæ, кавказаг йæ зондахастæй, бирæнацион Уæрæсейы номдзыд гражданин йе ‘ппæт патриотон æмæ гуманистон тырнæнты, уый у æцæг адæмон фыссæг. Йæ поэтикон æмæ адæймагон курдиаты нæрæмон кад ын йæхи сæрмагонд бынат радта Кавказы, Уæрæсейы, дунейы номдзыд удгоймæгты ‘хсæн… Мæ сæр бæрзæндты хæссын, Расулимæ хæлæрттæ кæй стæм, йе ‘мдугон кæй дæн, уымæй. Æхсызгон мын у уый дæр, æмæ Ирыстоны цæрджытæн сæ фылдæры хæдзæртты йе ‘мдзæвгæты чиныг кæй ис. Уæдæ Гамзатовы зырнæджытæ дурæй нывæстæй фыццаджыдæр ирон зæххæй, Хетæгкаты Къостайы зæххæй, стахтысты арвмæ æмæ систы зынгхуыст хъæбатырты номарæн фæлгонцтæ…

ДЗАСОХТЫ Алыксандр,
РЦИ-Аланийы раздæры Президент

СЫГЪЗÆРИН ФÆЗЗÆГ

1939 аз. Сыгъзæрин фæззæг. Дзæуджыхъæуы уæд Хетæгкаты Къостайы райгуырды 80 азы кадæн уыд Советон Фыдджыты цæдисы пленум. Уый уыд ленинон национ политикæйы хæлардзинады бæрæгбон. Ирыстонмæ ссыдысты дунейы зындгонд фыдджытæ, ахуыргæндтæ æмæ аивады архайджытæ. Къостайы уацмыстæ кастысты бирæ адæмты æвзæгтыл.

Пленумы архайдта 60-аздзыд Гамзат Цадаса. Цыбырæлвыд боцъо æмæ рихитимæ трибунæйы бадт ирон прозаик Коцойты Арсены фарсмæ.

1947 аз. Уæд дæр уыд ахæм сыгъзæрин фæззæг. Бирæнацион советон литературæйы минæвæрттæ кадджын уаваеры бæрæг кодтой номдзыд поэт Гамзат Цадасайы æвдай азы юбилей. Ирон литературæйы архайджыты номæй бæрæгбоны архайдтон æз, уæд нырма æрыгон фыссæг, ме рагъæй ме ‘фсæддон дарæс нæма раластон. Алцыдæр мын дзы уыд ахсджиаг æмæ цымыдисаг. Нæ мæ рох кæны, вокзалы ныл æнæхъæн делегацийæ, семæ Расул Гамзатов – уæд нырма æрыгон поэт, Литературон институты студент – куыд сæмбæлдысты, уый. Дисы мæ æфтыдта фысымты зæрдæйы уаг Гамзат Цадасайы бæрæгбоны – махмæ, сæ уазджытæм, куыд дзагцæстæй ракастысты, уый.

Кадджын изæры æз, Гамзат Цадасайы тыххæй уæдмæ мæхицæн цы снысан кодтон, уыцы ныхæстæн се ‘рдæг дæр нæ загътон. Уый фæстæ фæраст стæм Хунзахмæ.

Уыд æмбисæхсæв. Гамзаты хæдзары сæрæй кастæн иннæ хæдзæртты сæрты стъалыты æрттывдмæ, хъæуы уынгтæм æмæ адæмы цæрæнты рухсытæм. Хъуыды кодтон Гамзатыл, йæ амонджын цард æмæ йæ адæмы рухс хъысмæтыл. Зарыдысты зурнайыл цæгъдджытæ, мæ зæрдæ мын рæвдыдтой сæ цъæхснаг хъæлæстæй. Мæ хъус-иу ацахста хъæуы хидыл цæуæг бæхы къæхты хъæр.

Расул уæлхæдзармæ схызт.

– Æз та дæу куы агурын хæдзары къуымты, хъæуы уынгты, – загъта уый. – Мæ фыд мæты бацыд, цом…

Хохæгты рæсугъд æгъдау: хæдзары цыфæнды бирæ уазджытæ куы уа, уæддæр сæ алкæмæ дæр хъæуы æргом раздахын.

Махачкалайы уазæгуаты мæм радтой телеграммæ. Ирыстонмæ мæ хъуыд æвæстиатæй раздæхын. Сæумæраджы бадзырдтон мæ рæдау

фысымтæ Гамзатовтæм, хæрзбон загътон Расулæн. Атындзыдтон вокзалмæ. Фæлæ дзы Гамзат æмæ йæ фырттæ Расул æмæ Гаджийы куы федтон, уæд ме ‘хсызгон дисæн кæрон нал уыд. Семæ ма цы дыууæ адæймаджы уыд, уыдон дæр мын хорзæй фæндараст загътой.

ЦÆГÆРАТЫ Максим, 1972 аз

ÆГАСЦУАЙЫ НЫХАС ПОЭТÆН

Мæ зынаргъ Расул!

Бахатыр кæн, фыссæнгарз мæм нæ разынд, æмæ дæм мæ ныхас машинкæйыл мыхуыргондæй æрвитын. Ногæй дын мæ бон ницы зæгъын у. Дæу тыххæй уыйбæрц хорз ныхæстæ загътой, æмæ сæм ницыуал бафтаудзынæн. Æниу хъæугæ дæр кæны? Ноджы ма уый хынцгæйæ, æмæ юбилейы рæстæг хатт æппæлæн ныхæстæ ракæнынц, æнæуи бонты адæймаджы æрмæстдæр фаугæ чи кæны, уыдон дæр.

Уыдæттæм гæсгæ ацы бонты æз хъуыды кодтон, цы хуызы æппæлæн ныхас ма ссарон, ууыл нæ, фæлæ Расулы стыр курдиат æмæ сфæлдыстадон сгуыхтдзинæдты нысаниуæгыл куыд авайрæгтæ æмæ дагестайнæгтæн, афтæ махæн, Кавказы æппæт хохаг поэттæн дæр. Расулы тыххæй исты зæгъыны размæ Кавказы алы поэтæн дæр уыцы нысаниуæг хъуамæ æмбæрстгонд уа.

Æз хорз хъуыды кæнын куырыхон Гамзат Цадасайы ныхæстæ, авайраг пандурæн йæ иунæг лæггад æртыккаг хъис ма йыл бафтауыны хъуыддаг кæй уыд. Мæнмæ гæсгæ, авайраг поэзийы абоны уавæрмæ куы æркæсæм, уæд бамбардзыстæм, Расулы пандурыл æртæ нæ, фæлæ дæсгай хъистæ кæй ис. Æмæ уыцы пандурыл ацæгъдиккам æрмæст сатирикон, уарзондзинады кæнæ хъайтарон зарæг, хуымæтæг мелоди «долай-долалай» нæ, фæлæ ма нырыккон симфонион музыкæйы тæккæ зындæр ранывæндæн уацмыстæ дæр. Æмæ уый сæйраджы-сæйраг де ‘руаджы у. Дæ хæлæрттæ дæ арæх хъазгæмхасæнты уæйыг фæхонынц, фæлæ ды æцæгæйдæр уæйыгау де уæхсчытыл систай авайраг национ æмæ Дагестаны æппæт поэзи дæр хæхты æмвæзадмæ. Ды иунæгæй! Ды æрмæст Дагестан нæ, фæлæ æнæхъæн Кавказ дæр скадджын кодтай æгас зæххы къорийыл æмæ дунейы нырыккон литературæйы. Ды иунæгæй!

Уыдæттæ нæ уыны æрмæст куырм кæнæ талынг зондимæ æдзæстуарзон æмæ хæлæггæнаг адæймаг.

Расул, азтæй не ‘хсæн бирæ нæй, фæлæ æз, куыд чиныгкæсæг æмæ æмдзæвгæтæ фыссæг, афтæ зæрдæскъæфт дæн дæ курдиат æмæ де сгуыхтдзинæдтæй дзырдаивады.

Расул, дæуæн ницы давынц мæ ныхæстæ æмæ уарзон ахаст, фæлæ дæ уæддæр уарзын, куыд хуымæтæг хохаджы, хъазуатон фæллойгæнæг æмæ зонджын, курдиатджын адæймаджы. Дæ мидæг ма цæры элитарон адæймаг дæр, фæлæ дын уый хохаг цивилизацийæ лæвæрд миниуæг нæу, уый де ‘цæг адæймагон ахастытæм ницы бар дары.

Æдзух сыгъдæгзæрдæйæ дæхи Джусойты Нафи.

НАФИ, 1983 аз

ЙÆ РАЙГУЫРÆН УÆЗÆГ – ЙÆ КУРДИАТЫ СУАДОН

Афтæ рауад, æмæ санатори «Барвиха»-йы æртæ сæрды фæд-фæдыл Расул Гамзатовимæ нæ фæллад иумæ уагътам. Арæх-иу тезгъо кодтам, нæзы къохы цы къахвæндæгтæ уыд, уым, æмæ мæм-иу уыцы рæстæг зындгонд поэт каст бынтон хуымæтæг лæгау… Дзырдта мын-иу йæ хъæуы хистæрты тыххæй, лæгау лæгæй йæ цæрын чи сахуыр кодта, адæймагæн йæ удыхъæды хуыздæр миниуджытæ йын чи бацамыдта æмæ йын йæ зæрдæмæ рæсугъд æнкъарæнтæ чи бауагъта, йæ уыцы æмхъæуккæгты тыххæй.

– Урсбоцъо зæронд лæгтæ нæ хъæуы, стæй сыхаг хъæуты бирæ уыд. Нæ зыдтой нæдæр кæсын, нæдæр фыссын, уæдæ хæцæнгарз дæр сæ къухы никуы уыд, – дзырдта Расул Гамзатов. – Фæлæ удыхъæдæй, зондæй афтæ рæсугъд æмæ фидар уыдысты, раст цыма инæлæрттæ кæнæ профессортæ уыдысты. Сæ сурæттæ абон дæр мæ зæрдæйы сты. Мæ хъайтартæй бирæтæ сты сæ хуызæн. Иу ныхасæй, мæ райгуырæн къона у мæ сфæлдыстады суадон. Сфæлдыстадон кусæгæн та Ахиллау йæ райгуырæн зæххæй йæхи ратонæн нæй. Раст загъта Къоста: «Весь народ земля питает…» Уæлдайдæр та фыссæджы æфсады, мæнмæ гæсгæ, кæны йæ ныфсджындæр.

1959 азы Къостайы райгуырдыл æххæст кодта 100 азы. Уый кадæн афæдзы дæргъы цыдысты алыхуызон мадзæлттæ. Бирæ куыст уыд республикон дзыллон хабархæссæг фæрæзты журналисттæн, стæй се ‘мкусджытæн Мæскуыйæ, Цæгат Кавказæй, Уæрæсейы



Расул Мæхæмæтты Ахуырбегимæ

хуссарæй. «Рæстдзинад»-æн æрмæджытæ фыстам Уырымты Петка, Цæрукъаты Валодя, Федор Мамонтов æмæ æз. Уыцы бонты базонгæ стæм Советон Цæдисы алы рæттæй æрцæуæг аивады æмæ литературæйы зындгонд архайджытимæ. Дагестаны адæмон поэт, Сталины премийы лауреат, зындгонд æхсæнадон архайæг Расул Гамзатовимæ мын хæлардзинады ахастытæ фæзындысты уыцы рæстæг.

Æхсызгон æхсæвæр æмæ йæ фæстиуджытæ

Къостайы юбилей сбæрæг кæныны тыххæй Советон Цæдисы алы рæттæй Дзæуджыхъæумæ цы бирæ фысджытæ æрцыд, уыдонæн 1959 азы 14 октябры Хицауады хæдзары уыд фембæлд нæ республикæйы фæсивæдимæ. Къостайы æмдзæвгæтæ хъуысыдысты не стыр бæстæйы алы æвзæгтæм тæлмацгондæй. Кастысты сæ тæлмацты автортæ сæхæдæг. Фембæлд фæци изæрырдæм, æмæ уæд йæ архайджытæй иуæй – Расул Гамзатовæй – Цæрукъаты Валодяимæ ракуырдтам, цæмæй газет «Рæстдзинад»-æн ратта интервью.

– Æз цæттæ дæн, лæппутæ, – загъта Гамзатов, стæй бахудт, – фæлæ нæм банкетмæ дæр æнхъæлмæ куы кæсынц…

Уæд дын Цæрукъайы-фырт мæ хъусы афтæ куы бадзурид: «Нæхæдæг-ма йæ ахонæм. Мæ дзыпп амоны». Æмæ, журналисты хуымæтæг фынгыл немæ иумæ абадыныл Гамзатов куы сразы, обкомы æвæрд дзаджджын фынгтыл та йæхи куы атигъ кодта, уæд ма нæ дисæн кæрон уыд! Фынгыл бадгæйæ, бирæ ныхас кодтам Къостайы тыххæй. Расул загъта, хохаг адæм дзы кæй сты стыр арфæйаг, Къостайы æмдзæвгæтæ сæ зæрдæмæ хæстæг кæй айстой æмæ йæ хионыл кæй нымайынц.

– Къостайы æмдзæвгæтæ мыхуыргонд цæуынц Дагестаны æппæт æвзæгтыл дæр, цалдæрмæ та дзы композитор Гасанов ныффыста музыкæ. Нæ поэттæ Къостайыл фыссынц æмдзæвгæтæ. Кæд уæ фæнды, уæд уын дзы иуцалдæр бакæсдзынæн, – загъта Гамзатов æмæ, Дагестаны адæмон поэт Абуталиб Гафуров Къостайыл цы зарæг-æмдзæвгæ ныффыста, уымæй иу скъуыддзаг бакаст.

– Æмдзæвгæтæ æвзæр кæсын… суанг мæхи æмдзæвгæтæ дæр, – каст куы фæци, уæд æфсæрмхуызæй загъта Расул.

Фæлæ раст нæ уыд. Диссаджы каст кодта æмдзæвгæтæ, зарæг цыма зарыд, раст афтæ.

Гамзатовимæ куы базонгæ стæм, ууыл рацыдаид дыууæ мæйы, æмæ редакцийы хæслæвæрдмæ гæсгæ ацыдтæн Махачкаламæ командировкæйы. Уым ногæй фембæлдыстæм.

– Обкомы фынгыл кæй нал сæмбæлдтæн, уый тыххæй мæм Билар Емазаевичæй æрхауд, – хъазгæмхасæнты загъта Расул. – Æз дæр, æнæ айтæ-уыйтæ кæнгæйæ, сымах фæаххосджын кодтон. Фæлæ мын Билар ныххатыр кодта, уыдон, дам, хорз лæппутæ сты, зæгъгæ.

Хъæбæлоты Билар уыцы рæстæг уыд обкомы секретарь идеологийы фарстаты фæдыл. Журналисттæм каст хорз цæстæй, арæх-иу бабæрæг кодта газетты редакцитæ, радиокомитет. Сыхаг республикæты фысджытæй бирæтимæ уыд хæстæг зонгæ. Къостайы юбилейæ рацыдаид иу-дыууæ къуырийы, афтæ йæ кæсгон фысджытæ æрбахуыдтой Цæгат Кавказы литературтæ æмæ мæскуыйаг тæлмацгæнджыты фембæлдмæ. Æмбырды фæстæ фысымтæ æрæвæрдтой фынг, хистæрæн та дзы уыд Билар.

– Дæ цæстытыл ма ауайын кæн, – дзырдта Расул, – æртыккаг куывды фæстæ мæ Хъæбæлойы-фырт «фæивар» кодта, Къостайы юбилей бæрæг кæныны бон банкетмæ кæй нæ бацыдтæн, уый тыххæй! Билар Емазаевичæй «ивар» – уый мæнæн уыд хæрзиуæгау.

* * *

1964 азы куыстон рауагъдад «Ир»-ы редакторæй. Иу сæрдыгон бон изæрырдæм сæйраг редактор Богазты Умармæ æрбахастон мæ къухфыст. Ныхас кæнын ыл куыддæр райдыдтам, афтæ кабинетмæ æрбахызтысты Цæгæраты Максим æмæ йемæ Расул Гамзатов. Дагестайнаг уазæджы фенын нын æхсызгон куыннæ уыд!

Расул-иу кæм уыд, уым алкæддæр уыд циндзинад æмæ цавæрдæр æнахуыр хъарм ахастдзинæдтæ. Радзырдта нын, йæ кæсгон хæлар Алим Кешоковыл цы цыбыр æмæ хъæлдзæг дыууæ радзырды ныффыста, уыдон. Æз ын куы загътон, Алим нæхи пединститут каст фæци, зæгъгæ, уæд Гамзатов уыцы лæмбынæгхуызæй афтæ бакодта:

– Кæс-ма, кæс! Йæ уæлмонц курдиаты ратæдзæнтæ уæдæ ардыгæй сты, Ирыстонæй… Афтæ курдиатджын уæдæ уымæн у, æмæ йæ ирон зæхх кæй схаста, Къостайы зæхх!

Пифагоры æмæ коммунизм аразæджы хæрзæгъдауы кодексы тыххæй

Гамзатовимæ дыууæ-æртæ хатты фембæлынæй амонд кæмæ бахудт, уый-иу æнæ бафиппайгæ нæ фæци, аивады, культурæйы алы къабæзты бирæ зонындзинæдты хицау æмæ арф хъуыдыгæнаг адæймаг кæй у, уый. Кафынмæ йæхицæй дæснылæр нæ уыд. Хорз зыдта музыкæ. Советон композиторты уацмыстæй иуæй-иутæ цагъта пианинойыл. Бынтон хорз зыдта уырыссаг классикты. Зæгъæм, нæ иу фембæлды рæстæг бирæ ныхас кодтам, Тургенев æмæ Толстойы ‘хсæн цы ахастдзинæдтæ уыд, ууыл. Уымæй уæлдай, Расул йæ хъуыдыйы дардта рагон бердзенаг философты базырджын ныхæстæ. Уыцы философтæй йæ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр уыд Пифагоры сфæлдыстад. Гамзатовмæ уыдис бæзджын тетрад, уыцы ныхæстæ-иу кæдæм рафыста, ахæм. Иухатт та йæ ногæй йе стъолы лагъзæй систа æмæ дзы цалдæр бакаст, стæй дын йæ секретарьмæ фæдзырдта æмæ йын дзы кæцыдæр афоризмтæ рамыхуыр кæнын кодта. Æз æй бамбæрстон, мæнæн лæвар скæнын йæ зæрды кæй ис, уый… Амæй размæ цыдæр агуырдтон мæ гæххæттыты, æмæ мын Гамзатов кæддæр кæй балæвар кодта, афоризмты уыцы æртæ сыфы мæ размæ фесты. Æртыккаг сыфы кæрон дзы бафтыдта йæхи ныхас: «Æрхæндæгдзинад хæссон, уый мæ нæ фæнды, – фæнды мæ циндзинад хæссын».

Ныхмæлæууæг

1973 азы декабры райдайæны мæ кандидатон диссертаци уыд цæттæ, æмæ йæ бавдыстон Дагестаны паддзахадон университетмæ. Йæ ректор, историон наукæты доктор, профессор Абуталиб Абилов, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университетæй дæн, уый куы базыдта, уæд загъта:

– Нæ институтæн йæ ратæдзæнтæ Цæгат Ирыстоны пединститутæй кæй сты, уый нæ рох нæу. Йæ авдæн, йæ райгуырæн къона кæм уыд, уый рох чи кæны, уыцы адæймаг нæ бæззы. Ныртæккæ дæр нæм кусы уæ пединституты рауагъдонтæй цалдæр.

Ректоры уынаффæйæ ахуырадон советы секретарь мæ диссертаци æркæсынмæ алæвæрдта СЦКП-йы историйы кафедрæмæ. Ууыл рæстæг рацыд, фæлæ институтæй ницы хабар хъуысыд. Гæнæн нал уыд, æмæ телефонæй Гамзатовмæ бадзырдон. Уый та базырдта Абиловмæ, мæ хъуыддагмæ каст цæмæй тагъддæр æрцæуа, уый тыххæй. Ууыл бирæ нал рацыд, афтæ мæ фæхуыдтой кафедрæйы æмбырдмæ. Уым нын эксперттæй иуимæ рауад карз ныхас. Цæвиттон, Къоста фæнды иронау, фæнды уырыссагау æмхуызон дæсны æмæ курдиатджын уыд, мæ уыцы хъуыдыимæ уый æппындæр нæ разы кодта. Кафедрæйы кад хъахъхъæнгæйæ, йæ кусджытæ рахастой мæ диссертацимæ дыккаг хатт æркæсыны уынаффæ.

Университетæй рацыдтæн æмæ мæ фæндаг акодтон Дагестаны Фысджыты цæдисмæ, Расул Гамзатовмæ. Нæ кæрæдзийыл тынг æхсызгонæй сæмбæлдыстæм, афарста мæ, куыд стут, цы ногдзинæдтæ ис, дæ диссертаци цы баци, зæгъгæ. Радзырдтон ын мæ дисссертацийы фæдыл кафедрæйы хаст уынаффæйы тыххæй. Мæ хъуыдыимæ разы чи нæ уыд, уыцы оппоненты мыггаг дæр ын загътон. Уыдæттæ фехъусгæйæ, Гамзатов уайтæккæдæр секретарæн загъта, цæмæй йæ телефонæй баиу кæна уыцы рецензентимæ.

– Салам алейкум. Гамзатов уæ тыхсын кæны, Расул… Мæнмæ гæсгæ, диссертант Магометовимæ дзæгъæлы нæ разы кæнут. Йæ куыстимæ йын зонгæ нæ дæн, уымæ гæсгæ йын æнæхъæнæй аргъ скæнын мæ бон нæу. Фæлæ иттæг хорз зонын Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад, æмæ мæ бон зæгъын у фидарæй: Хетæджы-фырт иронау куыд диссаджы фыст кодта, уырыссагау дæр – афтæ. Уый уæхæдæг дæр бамбардзыстут, Къостайы уырыссаг æвзагыл фыст уацмыстæ куы бакæсат, уæд, зæгъæм, поэмæ «Фатимæ», æмдзæвгæ «Перед судом»

кæнæ та, Некрасовыл, Грибоедовыл æмæ иннæ уырыссаг классиктыл цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон… Стæй ма иу хабар: Стъараполы цæуæг уырыссаг газетæн Къоста уыд йæ редактор. Иу ныхасæй, диссертантæн йæ хъуыдыимæ дæн иттæг разы.

Цы бамбарын ма йæ хъæуы, Гамзатовы ахæм ныхæсты фæстæ мæ диссертацийæн кафедрæйы аккаг аргъ кæй скодтой, æмæ йæ бахъахъхъæдтон 1974 азы апрелы. Историон наукæты кандидаты ном мын куы лæвæрдтой, уæд Гамзатов йæ райгуырæн республикæйæ уыд дард, фæлæ уæддæр, арфæйы телтæ мæм чи æрбарвыста, уыдонæн уыд сæ фыццæгтæй.

1984 азы октябры Гуырдзыстоны Коммунистон партийы Центрон Комитеты цур СЦКП-йы историйы институты бахъахъхъæдтон докторы диссертаци. Уыцы хабар Гамзатов зыдта рагацау æмæ мæм иуахæмы цыбыр фыстимæ гæххæтт æрбарвыста: «Зынаргъ Ахуырбег! Фыццаджыдæр, ме стыр салæмттæ ратт дæ ныййарджытæ Алихан æмæ Масайæн. Масайæн зæгъ, йæ конд кæрдзыны ад мæ дзыхы баззад. Алиханы куывдтытæ та абон дæр ма мæ хъусты зæлынц. Ныр та хъуыддаджы тыххæй… Докторы диссертаци Тбилисы кæй хъахъхъæндзынæ, уый фехъуыстон. Уыцы институты директор Деви Георгийы фырт Стуруаимæ дæн зонгæ. Хорз адæймаг у. Фæнды дæ, уæд ын дæ кой бакæнон. Ацы фыстæг дæм æрвитын Мæрзойты Сергейæн. Цалдæр боны ам уыд, улæфыд Хъаспы денджызы был, æмæ-иу алы бон дæр æмбæлдыстæм, суанг бон дыууæ хатты дæр. Ирыстон æмæ Дагестаны фарнæн бирæ фæкуывтам. Æрвитын дæм замманай дагестайнаг коньячы цалдæр авджы. Цы сын кæнгæ у, уый дæхæдæг зоныс. Кæд нæ, уæд та дын Сергей дæ хъусы бацæгъддзæн. Дæхи Расул». Гамзатовæй фыстæг райсын мын æхсызгон куыннæ уыд. Докторы диссертаци бахъахъхъæныны тыххæй та стыр бузныг, фæлæ мæ ацы хатт де ‘ххуыс нæ хъæуы, зæгъгæ йын загътон.

Йæ цин, йæ ныфс – йæ райгуырæн Дагестан

Ирыстоны тыххæй-иу цыдæриддæр æрмæджытæ архивты кæнæ æндæр рæтты ардтон, уыдонимæ-иу Расулы дæр зонгæ кодтон. Мæ чиныг «Разгром немцев под Владикавказом»-ыл куы куыстон, уæд бирæ æрмæг æрæмбырд кодтон, йе ‘мзæххонтæй Дзæуджыхъæу чи хъахъхъæдта, уыдоны тыххæй. Бирæ цымыдисаг хабæрттæ базыдтон, автономон республикæты адæм фашистон лæбурджыты ныхмæ 1942

азы 13 августы Дзæуджыхъæуы цы митинг сарæзтой, уый тыххæй дæр. Дагестанæй дзы архайдта адæмон поэт Абуталиб Гафуров, Дагестаны республикæйы адæмон артисткæ Рагимат Гаджиева, Дагестаны ССР-йы Сæйраг Советы депутат Абдурахман Даниялов. Сæ раныхæсты къопитæ постæй арвыстон Гамзатовмæ. Арфæ мын ракодта æмæ загъта, се ‘ппæт дæр кæй сты цымыдисаг, фæлæ Гафуровы ныхæстæ йæ зæрдæйы уæлдай тынгдæр кæй ахъардтой, уæлдайдæр йе ‘мдзæвгæйы рæнхъытæ: «Осел войной на нас пошел – / Двойной осел! / Двойной осел! / Он смерть найдет!..»

Йæ раныхас Гафуров фæци ахæм ныхæстæй: «Куыдзæн – куыдзы мард. Æмæ сæ мæлæт ссардзысты. Мæ зæронд, фæлæ нырма уал фидар къухтæм исын хъыримаг. Ныр уый дзурдзæн мæ бæсты!»

Æрмæджытæ Гамзатов уый фæстæ рауагъта дагестайнаг республикон газеттæй иуы, стæй ма рауагъта, Дзæуджыхъæуы бынмæ йе ‘мзæххонтæй хъæбатырæй чи хæцыд, уыдоныл цы æрмæг ныффыстон, уый дæр.

Расул Гамзатов – æхсæнадон архайæг

Не ‘мзæххон, зындгонд партион æмæ паддзахадон архайæг Дзасохты Алыксандр Гамзатовы нымадта, æппæт зæххы къорийыл дæр йæ ном кæмæн айхъуыст, ахæм адæймагыл. Æмæ уый, æцæгæйдæр, уыд афтæ. Расул Гамзатов – Дагестаны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдары хæдивæг; ССР Цæдисы фондз æрсидты Сæйраг Советы депутат; ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы уæнг; дæсгай азты дæргъы – ССР Цæдисы, УСФСР-йы æмæ Дагестаны республикæйы фыдджыты æмбырдты делегат; ССР Цæдисы Паддзахадон преми æмæ Ленины преми дæттыны комитеты уæнг; Африкæ æмæ Азийы фыдджыты иудзинады Бюройы уæнг; Дуне бахъахъхъæныны советон комитеты правленийы уæнг; Африкæ æмæ Азийы адæмтимæ иудзинады советон комитеты сæрдары хæдивæг… Ацы дыууæ адæймагæн – Расул Гамзатовæн æмæ Дзасохты Алыксандрæн – сæ лымæндзинад райдыдта, Дзасохы-фырт ма ФÆЛКЦ-йы ЦК-йы куы куыста, уæд.

Советон хицаудзинадыл цъыфкалæн чи кодта, литературæйы, культурæйы, наукæ æмæ аивады уыцы архайджытæй уыдта йæ удхæссæг, æмбæхсгæ дæр æй нæ кодта æмæ алкæддæр дзырдта, Цæгат Кавказы адæмтæн сæ размæцыд советон хицауады фæрцы кæй бантыст, уый.

Цытджын Советон Цæдисы фехæлдæй зæрдæдзæф кодта. Алкæддæр

мысыд, фысджытæн адæмимæ цы фембæлдтытæ уыд стыр бæстæйы алы горæтты æмæ хъæуты, уыдон. Адæймаг кæцыфæнды республикæмæ дæр куы æрцыдаид – алы ран дæр йæхи æнкъардта, цыма йæ райгуырæн зæххыл ис, йæхи хæдзары, афтæ. Æрхæндæг кодта æмæ мысыд литературон изæртæ колхозты, промышленнон куыстуæтты, ахуыргæнæндæтты… «Учительская газета»-йы уыцы рæстæг Гамзатов фыста: «Къух ауыгътой æнæхъæн литературон фæлтæртыл, ахаххсæ кодтой. Рохуаты чи уыд, хицауады фыдæх кæуыл уыд, уыдоны та бæрзонд систой. Максим Горькиймæ къæм ссардтой: «Если враг не сдается, его уничтожают!» Маяковскийæн йæ цæстмæ хæссынц: «Ваше слово, товарищ маузер!» Шолоховмæ кæсынц æнæрвæссон цæстæй, Фурманов æмæ Фадеевмæ дæр – афтæ…»

– Нæ Президент Путины цæрæнбон Хуыцау бирæ скæнæд, Советон Цæдисы Гимны мелоди нын фæстæмæ кæй æрбаздæхта, уый тыххæй! Мæ хъустæ дзы сæ мондæгтæ исынц. Уæдæ йæ ныхæстæ дæр «Россия – великая наша держава» сты æгæрон ныфсы хос, – дзырдта Расул. – Бирæ уарзын «Священная война»: «Вставай, страна огромная!..»

Иуахæмы та тезгъо кодтам, æмæ Расул дзырдта, национ республикæты хорз разамонджытæй амонд кæй фæци, ууыл. Æрымысыд Дагестаны облæсты СЦКП-йы партийы фыццаг секратерь Абдурахман Данияловы, æмæ дис кодтон, куыд хорз ын зоны йæ цард æмæ йæ æхсæнадон архайд.

– Дагестаныл уыд иузæрдион, раст Хъулаты Хъуыбады Ирыстоныл куыд иузæрдион уыд, афтæ, – дзырдта поэт. – Нарты кадджытæ рухс цæмæй федтаиккой, уый тыххæй Хъуыбады цы хъæддыхдзинад æмæ фидардзинад равдыста, уый зонын тынг хорз. Даниялов дæр бирæ сарæзта, цæмæй нæ республикæйы адæмон сфæлдыстады уацмыстæ рухс федтаиккой, уымæн. Уæдæ цы зæгъæн ис Хъæбæлоты Билары тыххæй та? Цæгат Ирыстоны сæргъы уыд ссæдз азы æмæ йæ адæмимæ иумæ республикæйæ сарæзта дидинæгкалгæ бæстæ. Ручъы фæндаг кæй айгæрста, æрмæст уый тыххæй дæр йæ удæгасæй цырт ын сæвæрыны аккаг у! Фыццаг балет. Фыццаг оперæ. Фыццаг аивадон кинонывтæ. О, либретто æмæ сценаритæ нæ фыста, фæлæ сфæлдыстадон кусджытæн ахæм уавæртæ арæзта, æмæ – кусыс æмæ нал!

Хъæбæлойы-фырты хъæппæрисæй-иу Ирыстоны арæх уыдысты ССР Цæдисы æмæ УСФСР-йы Фысджыты, Театралон архайджыты цæдисты правлениты æмбырдтæ, фембæлдтытæ зындгонд литературтимæ,

Мæскуыйы, Ленинграды, цæдисон æмæ автономон республикæты зындгонддæр сфæлдыстадон къордты балцытæ. Æмæ-иу уыдон дæр Расул арæх ærымысыд.

– Иухатт та мын УСФСР-йы Фысджыты цæдисы фыццаг секретарь Сергей Михалков загъта, Хъæбæлойы-фырт дæ куы хона, уæд ын æнæ ракæ-бакæйæ сразы у, уæддæр дæ нæ ныууадздзæн, зæгъгæ, – дзырдта Гамзатов, стæй йæ ныхасыл бафтыдта: – Куыд фынджы хистæр, афтæ та Биларæн æмбал нæй…

Ирон театр

Ирон драмон театр Расул Гамзатов уарзта æнæкæрон уарзтæй. Лымæн уыд сæйраг режиссер Брытъиаты Зариффæимæ, артисттæ Тæбæхсæуты Бало, Уататы Бибо, Мæхъиты Валодя, Хъариаты Тамарæ æмæ иннæтимæ. Иухатт мæм Тбилисæй телефонæй ærбадзырдта æмæ загъта, Махачкаламæ кæй цæуы æмæ йæ фæндаг Дзæуджыхъæуыл кæй акæндзæн, – мæн фенын æй кæй фæнды. Зыдта йæ, Дзæуджыхъæумæ цы бон ærцæудзæн, уыцы бон театры кæй æвдисдзысты йæ пьесæмæ гæсгæ æвærд спектакль «Хохаг чызг». Æмæ йæ фæндыд, цæмæй йемæ ацæуон. Æз спектакль федтон премьерæйы бон, фæлæ мæ Гамзатов йемæ кæй хоны, уый мын æхсызгон куыннæ уыди.

– Ærмæст, æз ам дæн, уый ме ‘рдхæрдтæй макæмæн зæгъ, науæд нæ культурон балцæй ницыуал рауайдзæн! – йæ ныхасыл бафтыдта поэт. – Ærмæстдæр-иу зæгъ Цæрукъаты Валодяйæн.

Залы фæрсæй-фæрстæм бадтыстæм Расул, Цæрукъайы-фырт æмæ æз. Сæйраг рольтæй иуы хъазыд Мæхъиты Валодя. Сценæмæ йæ алы рацыд дæр театрдзауты зæрдæскъæфт кодта. Спектакль уыдаид йе ‘мбисыл, афтæ мæ Расул йæ рæмбыныкъæдзæй куы бакъуырид æмæ, Мæхъийы-фыртмæ амонгæйæ, сусæгæй куы бадзурид:

– Диссаджы актер у. Сценæмæ йæ алы рацыд, йæ алы фезмæлд – агургæ æмæ æнæаргæ.

Спектаклы фæстæ æхсæвæр скæнынмæ бацыдыстæм ресторан «Интурист»-мæ. Сидтыты ‘хсæн-иу Гамзатов стыр æхсызгонæй дзырдта цæгатквказаг кафты æмæ зарды ансамбльты тыххæй, артисттæ Тæбæхсæуты Бало, Уататы Бибо, Мæхъиты Валодяйы тыххæй, кафджытæ Махмуд Эсамбаев, Байаты Альбинæ, композитортæ Мурад Кажлаев, Плиты Христофоры тыххæй…

Уалынмæ ресторанмæ æрбахызт цалдæр нæлгоймаджы, семæ – Мæхъиты Валодя дæр. Гамзатов, уый фенгæйæ, йæ бынатæй сыстад æмæ йæм фæдзырдта нæ фынгмæ, мæнæн та ацамыдта, нуазæн, дам ын рауадз. Мæхъийы-фырт рюмкæ бæрзонд систа æмæ йæм æдзынæг каст кæны, цы конд дзы ис, уый базонын æй цыма фæндыд, уыйау. Гамзатовмæ уый фæкаст худæг. Йæхæдæг рауагъта дыккаг нуазæн æмæ йæ артистмæ алæвæрдта:

– Зæрдиаг арфæ дын кæнын, мæ пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектаклы ахæм диссагджы хъазт кæй акодтай абон, уый тыххæй.

– Æмæ йæ кæцæй зоныс, абон цавæр спектаклы хъазыдтæн, уый? – бадис кодта артист.

– Сгарджытæ мæм хабар хъус-хъус фæхæццæ кодтой, – бахудт Гамзатов. – Ис мын Ирыстоны мæхи сгарджытæ.

Æмæ, нуазæн бæрзонд сисгæйæ, ракуывта:

– Артист Мæхъиты Валодяйы цæрæнбон бирæ уæд!

Мæхъийы-фырт дæр ын, кæй зæгъын æй хъæуы, арфæ ракодта.

Гамзатовимæ кард куыд «балхæдтам»

Иухатт та изæрырдæм Гамзатовимæ æнæнхъæлæджы фæиу стæм Мæскуыйы фысымуат «Россия»-йы. Мæ къухы уыд папкæ.

– Стыр хицау дæ рауад, – папкæмæ ацамонгæйæ, сдзырдта Гамзатов.

Уæд æз, папкæйы цыдæриддæр гæххæттытæ уыд, уыдон систон, папкæ та Гамзатовмæ алæвæрдтон:

– Мæ номыл æй фæдар.

– Дæ лæвар бирæ, фæлæ дæхæдæг та куыд уыдзынæ æнæ папкæ? Æнæ пъартфел министр фехъуыстон, фæлæ ректор æнæ папкæ?..

– Ацы гæххæттытæ сты фыстæджытæ Мæскуыйы алы къантортæм. Кæм дзы цы курдиат ис, кæм – цы, кæм æхца куræм. Уыцы фыстæджыты тыххæй Мæскуыйы бонмæ бабæрæг кæнын æппынкъаддæр æртæ къанторы.

– Омæ æнæ афтæ дæр нæй. Уæ университет куыд тыхджын у, уый мæхи цæстæй федтон, уæ профессортæ æмæ студенттимæ дæр мын фембæлдтытæ бирæ уыд, уæ дагестайнаг æмкусджытæн дæр уын уæ хорзы кой кодтон.

Гамзатов загъта, райсом ын кæй ис фембæлд Хæсты æмæ æфсæддон службæйы ветераны уæрæсейаг комитеты сæрдар, Советон Цæдисы Хъæбатыр Алексей Петры фырт Маресьевимæ.

– Кæд дæ фæнды æмæ дæ рæстæг амоны, уæд иумæ цом. Таурæгъон адæймаджы йæ удæгасæй фенын дын, мæнмæ гæсгæ, уыдзæн цымыдисаг.

Хъуыстгонд советон тæхæг, йæ хæстон сгуыхдзинадыл «Повесть о настоящем человеке», зæгъгæ, чиныджы фыст кæмæн æрцыд, æцæгæйдæр таурæгъон адæймаг Алексей Маресьевы куы федтон, уæд цавæрдæр æхсызгон æнахуырдзинад ме уæнгты ахъардта, диссаджы æнкъарæнты уылæнтæ мæ бæрзонд кæдæмдæр цыма систой, афтæ мæм фæкаст.

Маресьев ныл зæрдиагæй сæмбæлд. Гамзатов ын мæн бацамыдта.

– Уæдæ хъайтарты бæстæйæ дæ, нæ? – бафарста мæ Маресьев. – Плиты Иссæимæ æнгом æмæ хæларæй цæрæм. Дзусаты Ибрагимимæ та алы бон дæр кæрæдзимæ телефонæй дзурæм. Æцæг хæххон цæргæс у. Мæскуыйы нын ис дыууæ уарзон бынаты: МХАТ æмæ ресторан «Узбекистан». Сæ хъайтартæй ирæттæ сæ сæр бæрзæндты хъуамæ хæссой!

– Ирон хъайтартæ æппæт кавказæгтæн дæр сты сæхи фырттау, – ныхасыл бафтыдта Расул.

Мæнæн куыддæр гæнæн фæци, афтæ кабинеты хицаумæ мæхи баздæхтон:

– Мæ фæлтæр рæзыд æмæ хъомыл кодта, Борис Полевой дыл цы уацау ныффыста, ууыл, Фадеевы «Æрыгон гварди»-йыл. «Повесть о настоящем человеке» мæ райгуырæн хъæуы чи нæ бакаст, ахæм адæймаг нæй. Уæдæ киномæ та æртыгай-цыппæргай хæттыты бакастысты.

Уымæй размæ Гамзатовмæ цы папкæ радтон, уырдыгæй уый систа гæххæтты сыф æмæ йæ Маресьевмæ алæвæрдта:

– Хъæуы мæ дыууæ æмæ ссæдз машинæйы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты инвалидтæ сæм тынг æнхъæлмæ кæсынц. Дагестанæн дæуæй уый уаид стыр лæвар.

– Æмæ афтæ гыццыл цæмæн? – бахудт Маресьев.

– Фондз æмæ ссæдз дæр уæнт, – загъта Гамзатов, – æрмæст афæдзы кæронмæ, – æмæ кæрæдзимæ къухтæ радтой.

Уый фæстæ Маресьев ногæй раздæхт Ирыстонмæ:

– Хæдзары мæм ис тынг зынаргъ лæвар – хъама æвзист кæрддзæмы. Ибрагимы лæвар у. Хæдæгай, кæнгæ та йæ скодтой Расулы æмзæххонтæ – кубачиæгтæ. – Уыцы ныхæстимæ бацыд чингуыты скъапмæ æмæ тæрхæгæй райста цавæрдæр къопп. – Ам ис, дамаскаг æндонæй кæй скодтой, ахæм кард, мæ заказмæ гæсгæ йæ сæрмагондæй Ибрагимæн

сарæзтой. Мæскуымæ кæй цæудзæн, уымæй мын зæрдæ бавæрдта, стæй телефонæй æрбадзырдта, нæфæразгæ, дам, дæн.

– О, рынчынтæ хæссы ныртæккæ, – загътон æз.

– Гъемæ уæдæ йæм мæ лæвар фæхæццæ кæн.

Йæ ныхмæ йын иу суари уæддæр раттон, зæгъгæ, мæ хъуыдыйы бæргæ уыд, фæлæ мæ дзыппы нæ разынд. Мæ бæсты йын æй радта Расул:

– Афтæ зæгъынц, кард лæвар кæнын не ‘мбæлы, зæгъгæ, фæлæ йæ хъæуы «балхæнын».

Гъе афтæ Расулы фæрцы иу Хъайтарæй иннæ Хъайтарæн «балхæдтон» кард…

Мæскуыйæ куы æрцыдтæн, уæд Дзусатæм уазæгуаты бацыдтæн. Ибрагим тынг бацин кодта, фæлæ кард куыддæр фæдта, афтæ мæ афарста:

– Исты йын бафыстай?

– О… Растдæр зæгъгæйæ, нæ… Мæ бæсты йын Расул бафыста…

– Уæддæр æй мах хъуамæ æрми-æрми балхæнæм. – Йæ бинойнагмæ фæдзырдта æмæ йын загъта, цæмæй мын абази радта.

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег,
историон наукæты доктор

ДЫУУÆ БУЗНЫ

Æмдзæвгæты удыбæстæм бакæсынхъом чи у, уый куыд хъуамæ бафсæда Расулы æмдзæвгæтæ кæсынæй! Кæс сæ æмæ сæ кæс æмæ иу цин æвзарай иннæ цины фæстæ. Фæлæ æз æмдзæвгæтæ кæсыныл нæ баззадтæн, æз ма дыууæ бузны бавзæрстон Расулæй æмæ сæ иу сæ иннæмæй æхсызгондæрæй æрымысын.

Уый раджы уыд, нæ дзæбæх Цæдис ма йæ фарны хъуыддæгтæ куы кодта зæххы цъарыл, уæд. Кæсгæ дæр æй уæд бакодтон мæскуыйаг газеттæй кæцыдæры, æмæ мæ нæ ферох и, – цæмæн мæ хъуамæ ферох уыдаид ахæм æхсызгон хабар!

Цæвиттон, советон фысджыты делегаци уыд Японы. Зылдысты горæттæ æмæ хъæутыл, зонгæ кодтой япойнаг фæллойгæнджыты советон литературæимæ. Делегациимæ уыд Расул дæр. Уыцы бон уыдысты, бирæ кусæг адæм кæм цард, ахæм префектурæйы. Фембæлды рæстæг иу хуыцауысконд кусæг лæг афтæ бафарста Расулы:

– Ды уырыссаг нæ дæ дæ бакастмæ гæсгæ æмæ кæцон дæ?

Æмæ йын дзуапп радта Расул:

– Æз дæн лекъаг. Нæ Цæдисы нын нæ хæххон бæстæ хонынц Дагестан, уый амоны «хæхты бынат».

Фарст чи радта, уый йæ алывæрсты ракæс-бакæсыл схæцыд. Бæрæг уыд – Расулы дзуаппæй нæ бамбæрста, кæцон у Расул, уый.

Æмæ та загъта Расул:

– Нæ бæстæ ис Кавказы. Æз кавказаг дæн.

Нæй, кæрæдзимæ æвæрæз къултæ бакодтой сæхи уыцы дзæбæх адæм. Æмæ, дам, стыхстæн, фыста Расул, куыд ма, дам сын бацамыдтаин мæхи, уымæн, дам, ницыуал зыдтон. Æнæ дзуаппæй ныууадзон уыцы лæджы дæр, иннæты дæр, – се ’ппæт дæр æнхъæлмæ кастысты дзуапмæ – уый та мæ мæ цæсгом нæ уагъта. Æмæ, дам, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд Къоста æмæ, дам, сæм дзурын:

– Æз дæн, Хетæгкаты Къоста кæцæй уыд, уырдыгæй.

Æмæ, дам, куыддæр уый загътон, афтæ, дам, ахæм æмдзæгъд сыстад уыцы стыр залы, æмæ, дам, рудзгуытæ æддæмæ тонынмæ æрцыдысты.

Уыцы хабар мын афтæ æхсызгон уыд, æмæ цыма æввахсдæр фæдæн Расулмæ удæй дæр æмæ зæрдæйæ дæр.

Иннæ бузны та мын ам бацыди Расул, нæхимæ. Уыцы бон уыд Урс зырнæджыты бæрæгбон Дзуарыхъæуы. Æрцыди Расул, æрцыди æнæхъæн уазджыты къорд Мæскуыйæ, уыди дзы хуынд фысджытæ сыхаг адæмтæй дæр.

Зырнæджыты бынмæ ныхæстæ куы фесты, уæд нæ фынгмæ ахуыдтой – уым цалдæр атагъайы замманай цæлгæнæн разынди. Рабадтыстæм, уæдæ цы уыдаид, дывæлдæх фынгтыл. Исдуг хистæр уыд Галазты Æхсарбег, нæ уæды Президент, стæй, цалдæр рæгъы фæстæ куы ацыд, уæд фынгæн хицауæй ныууагъта Фысджыты цæдисы сæрдар Малиты Васойы.

Иуафон мæскуыйаг сылгоймæгтæй иу æддæмæ ауад – куыд ауади, уымæ йæ хъус ничи æрдардта. Куы ’рбаздæхти, уæд йæхимæ ма æрыхъусын кæна æнæхъæн фынджыдзаг адæмы! Æвæццæгæн, цы ануæзта, уый йæ цæхгæр фездæхта демократийы ’рдæм.

– Уый куыд у, уый?! Мах ам бадæм дзаг фынгтыл, уыдон та уым, бецау сæ бон фæуа! Иутæ бадынц, иннæтæ лæууынц, уæд тæригъæд не сты! Цæуылнæ бадынц уыдон махимæ, æви уыдон адæм не сты?! Уæдæмæ сæм арвитæм æмæ сæ æрбакæнæм!

Æвæццæгæн, уымы кусджытæй исчитæ лæууыд æдде, æмæ дзы хъæууон адæмæй дæр бадт исчитæ уыцы дзæбæх ран.

Васо иуæрдæм тасын кодта сылгоймаджы ныхас, иннæрдæм æй тасын кодта – архайдта, цæмæй ма сдзырддаг уа, фæлæ кæм засти сылгоймаг!

Æмæ уæд сыстади йæ бынатæй Расул:

– Зынаргъ уазджытæ! Махмæ, уазджытимæ чи абада, уый лыг кæнынц фысымтæ сæхæдæг. Уымæ уазджыты æппындæр ницы хъуыддаг и. Æмæ дзы хъуамæ сæхи ма тъыссой, цыфæнды мæскуыйаг уазджытæ куы уой, уæддæр. Кæннод æнæфенд æмæ æнæгъдауыл нымад цæуы уазæг ацы бæсты.

Уазджытæ зæхмæ ныккастысты. Æдде чи æрбаздæхт, уыцы сылгоймагæн йæ цæнгтæ йæ уæлæ æрхаудтой, йæ цæсгом та Расулмæ арæзтæй баззади, цыма æцæг цæсгом нæ уыд, фæлæ, гæххæттыл кæй сныв кæнынц, ахæм.

Æз тынг фæбузныг дæн Расулæй, уæлдайдæр та, йæхи уазджытыл нæ, фæлæ фысымтыл кæй банымадта, уый тыххæй.

ХУЫГАТЫ Сергей,
РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг

ÆППÆТ БÆСТÆЙЫ ЛÆГ

...4 октябры нæ изæр бахастам Дагестаны сæйраг горæтмæ æмæ иннæ уазджыты хуызæн æрфысым кодтам фысымуаты. Бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ, цы уаты цардыстæм, уый дуар æрбахостæуыд... дуар байгом, æмæ йæ мидбылты худгæ къæсæрыл æрбахызт Расул Гамзатов. Æз æй уымæй размæ никуы федтон, фæлæ Гаджиты Георгиимæ зонгæ уыдысты æмæ кæрæдзиуыл бацин кодтой. Базонгæ ис махимæ дæр. Фæстæдæр куыд базыдтам, афтæмæй «æгасцуай» зæгъынмæ æрмæстдæр мах делегацимæ æрбацыд. Уазджытæ та алы рæттæй уыдысты: Кæсæг-Балхъарæй, Адыгейæ, Хъæрæсе-Черкесæй, Хъалмыхъхъæй, Цæцæн-Мæхъхъæлæй…

Дагестанмæ дыккаг хатт дæр афтыдтæн бæрæгбоны рæстæг…

Æвæццæгæн, «Зырнæджытæ», зæгъгæ, уыцы зарæг уæды Советон Цæдисы чи нæ фехъуыста, ахæм адæймаг зынтæй разындаид. Музыкæ йын ныффыста Ян Френкель, ныхæсты автор та у Расул Гамзатов. Ныхас дзы цæуы, Райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæ цард нывондæн чи ‘рхаста, уыцы хæстонты хъæбатырдзинады тыххæй. Зарæг

фæцыд адæмы зæрдæмæ. Зарыдысты йæ бæрæгбонты… Фæстагмæ «Зырнæджытæ» ахызтысты зарæджы арæнтæй æмæ алы рæтты фæзындысты цыртдзæвæнты хуызы. Фыццаг ахæм цыртдзæвæн æвæрд æрцыд Ирыстоны зæххыл Гæздæнты авд æфсымæрæн. Авд зырнæгæн уæлæрвтæм се ‘нусон балц куы райдыдта, уæд нæм уазæгуаты æрбацыд Расул Гамзатов дæр. Цыртдзæвæн гом кæнгæйæ, загъта бирæ хъарм ныхæстæ Ирыстон æмæ йæ адæмы тыххæй.

Цасдæр рæстæг ма рацыд, æмæ зарæгæй рауад бæрæгбон «Урс зырнæджытæ»… Иу хатт дзы æз дæр архайдтон. Ирыстонæй ацыдыстæм Хостыхъоты Зинæимæ. Цалдæр боны нын фембæлдтытæ уыди поэзиуарзджытимæ, кусджытæ æмæ зæхкусджытимæ.

Нæ сæйраг балц уыди Гунибмæ. Расул Гамзатов Гунибмæ æрбатахти вертолеты. Фæстæмæ цæугæйæ, Ирыстоны делегацийы уæнгты, ома мæн æмæ Зинæйы, бацагуырдта, æмæ йемæ вертолеты ратахтыстæм.

Уыцы изæр нæ Расул йæ хæдзармæ ‘рбахуыдта. Уазджытæ се ‘ппæт Расулы хæдзары хуызæттæй (йæ хæдзар та дыууæуæладзыгон егъау бæстыхай уыд) цалдæры дæр нæ бацыдаиккой, фæлæ, йæ зæрдæмæ хæстæгдæр чи уыд, уыдоны æхсæн æз æмæ Зинæ дæр разындыстæм. Тынг уазæгуарзон фысымтæм бахаудтам. Йæ бинойнаг Патимат ма нын фыр буцæн цы акодтаид, уый нал зыдта. Архайдта алкæмæн дæр балæггад кæныныл. Уымæй размæ дæр ын йæ рæсугъддзинады кой хъуыстон, фæлæ, ахæм аив æмæ хæрзконд уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Уагæры ма йыл астæ куынæ рацыдаид, æртæ чызджы мад куынæ уыдаид…

О, æмæ Расулы фынджы уæлхъус бадгæйæ, сидтытæ куыннæ сарæх уыдаиккой! Иу заман чидæр сидт рауагъта æмæ загъта Расулы цæрæнбоны тыххæй. Куыннæ дзы уыдаид æппæлæн ныхæстæ! Уыдонмæ хъусгæйæ, Гамзатов афтæ куы бакæнид: «Куыд мæ ‘ппæлут, афтæ хорз нæ дæн, стæй мæ ме знæгтæ куыд фауынц, афтæ ‘взæр дæр».

Нæхимæ цæугæйæ, фæндагыл ныффыстон ахæм цыппарræнхъон:

Мæхицæй хуыздæр чи зоны мæ хæтæн,
Кæд мæм хъысмæтæй иунæг уый æрхауд...
Куыд мæ æппæлут, афтæ хорз куыд нæ дæн,
Куыд мæ фаут, нæ дæн æз ахæм цауд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æмдзæвгæйы сæргонды бын бафыстон: «Расул Гамзатовы ныхæстæй».

Нæхимæ куы ‘рбацыдыстæм, ууыл цас рæстæг рацыд, Хуыцау йæ зонæг, афтæ, Ирыстоны Фыскджыты цæдисмæ Расул Гамзатов мæ номыл цы писмо æрбарвыста, уым фыста: «Зынаргъ Музафер! Дагестаны Фыскджыты цæдисы правлени дын арфæ кæны, «Урс зырнæджыты» Æппæтцæдисон бæрæгбоны зæрдиагæй кæй архайдтай, уый тыххæй. Дагестаны Фыскджыты цæдисы сæрдар Р. Г. Гамзатов». Ахæм писмо райста Хостыхъоты Зинæ дæр.

Ацы ран ма мæ зæрды цы зæгъын ис: писмо цы къонверты уыдис, ууыл мыхуыргонд дамгъæтæй уырыссагау фыст уыд «Куда» æмæ «Кому», сæ дæле ставд хаххы бын та – «Расул Гамзатов», ома писмо чи ‘рбарвыста, уый. Адрисæн дзы йæ кой дæр нæ уыд, уымæн æмæ, Расул Гамзатов кæм цæры, уый амонын æппæт бæстæйы никæмæн хъуыд...

ДЗАСОХТЫ Музафер,
Ирыстоны адæмон фыссæг,
Къостайы номыл премийы лауреат

РАСУЛ ГАМЗАТОВЫ НОМАРÆН

Фыццаг хатт йемæ сæмбæлдтæн зындгонд ирон фыссæг Цæгæраты Максимы юбилейы.

Адæмы цæстæнгас иууылдæр арæзт уыд Расул Гамзатовмæ, цыма дзы цавæрдæр æнахуыр, историон ныхас фехъусынмæ хъавыдысты, уыйау. Æцæгдæр, иугæр Расул исты дзырдта, уæд – кæнæ иумæйаг хъæлдзæгдзинадæн, кæнæ та-иу банкъуысын кодта зонд æмæ зæрдæ йæ арф хъуыдыйæ.

Дыккаг хатт поэтимæ ныхас кодтон Ташкенты, уырыссаг æмæ узбекистайнаг фыскджыты фембæлды. Уым мæ истой ССР Цæдисы Фыскджыты цæдисмæ.

Узбекистаны сæйраг горæты Гамзатовæн загътон, зæгъын мын ирон хæдзары мæ уазæг суæвыны кад скæн. Уый йæ къухтæ йæ алыварс фыскджытæ æмæ культурæйы архайджытыл ахаста æмæ загъта: «Дæхæдæг æй куы уыныс, мæ рæстæг мын уысмгай нымайынц, кæдæм сæ фæнды, уырдæм мæ ракæ-бакæ кæнынц».

Йæ раныхасы Расул Гамзатов дзырдта адæмты ‘хсæн хæлардзинады стыр амонды тыххæй. Хæлардзинад кæй нал ис, ууыл тыхст Расул Гамзатов йæ мæлæты размæ фæстаг интервьюйы дæр.

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег,
фыссæг

ДЗЫРДАИВАДЫ ЦÆРГÆСТÆ



Расул Гамзатов:
«Нафи у Кавказы цæргæс! Йæ базыртæ сты аив æмæ тыхджын!»



Джусойты Нафи:
«Расул у дун-дунейы нывгæнæг, йæ райгуырæн хъæуы зарæггæнæг»

Нафийы раныхас Расулы юбилейы:

– Мах стæм иу къæсы фысджытæ! Йæ егъаудæр ном та – Кавказ! Мах уыдыстæм иу бинонты хуызæн, хордтам иумæ цæхх æмæ кæрдзын, кодтам иу зарæг, хъахъхъæдтам ын йæ национ хуыз. Уыцы зарæг-иу систой Кавказы алы хæхты кæнæ тыгъд быдырты ирддæр минæвæрттæ (Цадаса, Къоста æмæ иннæтæ), æмæ уыд дарддæры фæлтæрты иудзинад æмæ хæлардзинады охыл.

Расул йæ хæлар Нафийы, йæ юбилеймæ цы уазджытæ æрцыд, уыдонимæ зонгæ кодта афтæ:

– Ацы зæрдæхæлар адæймаг та у Джусойты Нафи Григорийы фырт, Кавказы стырдæр поэттæй иу!

Расулы раныхасæй Кавказы литературæйы тыххæй:

– Нафи дунейæн цымыдисаг у, куыд поэт, публицист, критик æмæ ахуыргонд, афтæ.

ТЫДЖЫТЫ Юри

БИРÆ КÆЙ УАРЗУТ

(Расул Гамзатовæн)

– О, бирæ кæй уарзут, Гунибы бæрзæндтæ,
Æнæкæрон Хъаспы æвзистбарц уылæнтæ?
– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулы,
Нæхи Дагестаны цæхæрцæст хъæбулы.

– О, бирæ кæй уарзут, Хунзахы дæлвæзтæ,
Сæнæфсиры хуымтæ, сæдаздзыд бæлæстæ?
– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулы,
Нæхи Дагестаны зынгзæрдæ хъæбулы.

– Цæмæ-иу фæбæллыс, æгъдауджын авайраг,
Дæ сабийы узгæ; зæгъ-ма йæ, ныййарæг?
– Мæ сау лæппу басгуыхæд искуы Расулау,
Нæхи Дагестаны дзырддзæугæ хъæбулау.

– Кæмæй вæййут арфæгонд, сагсур хæххонтæ?
Кæмæй вæййут бузныг, æфсымæртæ, хотæ?
– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулæй,
Нæхи Дагестаны æмгарджын хъæбулæй.

– Цæй тыххæй йæ уарзут, цы хорзы уын бацыд?
Æви уын æрхаста хæзнатæ йæ балцæй!
– Кæй ныл у æнувыд нæ поэт йæхæдæг,
Æнæ мах, уырны нæ, кæй уаид æрхæндæг.

– Цæй тыххæй йæ мысут уæ бонты æрттывды?
Рæгъытæ цы уадзут йæ номыл уæ куывды?
– Нæ хъыгыл, нæ циныл кæй ныффыста зарæг
Æмæ йæ кæй зары нæ бæстæ хæларæй.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Йæ фыд Гамзат Цадасаимæ





Расулы мад Кандулай æмæ фыд Гамзат



Александр Твардовскиимæ



Расул Гамзатов



Йæ цардæмбал Патиматимæ



Расул æмæ Патимат сæ чызджытимæ



Æфсымæртæ Расул æмæ Гаджи сæ бинойнæгтæ –
хотæ Чакар æмæ Патиматимæ



Хæххон фæндæгтыл



Бæрæгбон Хунзахы



Цадайы кадджын хистæрттимæ



Хъæлдзæг бæрæгбон



Йæ хъæбулы хъæбулы авдæны уæлхъус



Чингиз Айтматов, Мустай Карим æмæ Расул Гамзатов



Юрий Бондарев, Расул Гамзатов æмæ Василий Белов



1950-æм азты кæрон Расул уыд Кубæйы
æмæ фембæлд Фидель Кастроимæ



Эрнесто Че Гевараимæ



Композитортæ Тихон Хренников, Оскар Фельцман
æмæ зарæггæнæг Муслим Магомаевимæ



Расул дагестайнаг фысджытимæ



Расул Ирыстоны



Маринæ Ахмедова, Расул Гамзатов, Хаписат Гамзатова, Фазу Алиева æмæ Муталиб Митаров



Владимир Путинимæ. 2003 аз



Расул Гамзатовы 80 азы юбилейы. Рахизæрдыгæй Дзасохты Алыксандр



Расул Гамзатовы 50 азы юбилей Хунзахы



Йæ мады ингæны раз



Расулы цыртдзæвæн Махачкалайы

УДУÆЛДАЙ ФÆЛЛОЙ ÆМÆ СФÆЛДЫСТАДОН ÆНТЫСТЫТÆ

Интервью

Рæстæджы хабар афтæ у, æмæ бирæ цыдæртæ дымгæйау ассивы. Знон дæр ма ахадгæ чи уыд, ахæм официалон стауæнтæ æмæ хæрзиуджытæн хатт ницыуал нысаниуæг вæййы, адæймагæй зæрдæйы баззайынц æрмæст йæ рухс ном æмæ фæрныг хъуыддæгтæ. Патимат Гамзатова йæ номдзыд фыды мысы æдзух, юбилейтæм не ‘нхъæлмæ кæсгæйæ.

– Стыр цардмæ фыццаг къахдзæфтæ цы æрыгæттæ кæнынц, уыдонæн хъæуы бацамонын Расул Гамзатовы поэзимæ фæндаг дæр. Фæлæ дæуæн фыццаджыдæр дæ фыд у. Патимат, цы бахъуыды кодтай дæ сывæллоны бонтæй дæ ныййарджытæ, дадатæ æмæ нанатæй?

– Мæ иу дада Гамзат Цадаса амард 1951 азы, мæ райгуырды размæ, фæлæ мæ нана Кандулайы хъуыды кæнын. Фæстаг азты цард Буйнакскы, æмæ-иу æм уырдæм ацадыстæм. Ныр дæр мæ рох нæу, куыд мын-иу хъæбыстæ кодта, фæлмæн-иу куыд бахудт, уый.

Мæ мады ныййарджыты – дада Саид æмæ нана Патиматы – хуыздæр хъуыды кæнын. Махачкалайы уырыссаг уæлмæрды цур цардысты, æмæ сæм уазæгуаты арæх цыдыстæм. Ædзух сæ кæрты уыд цавæрдæр хæтæлтæ, æмæ йæ не ‘мбæрстон, цæмæн хъуыдысты, уый. Куы рахъомыл дæн, уæд базыдтон, мæ дада бирæ хъæутæм дон кæй уагъта æмæ хæтæлтæ уырдæм ærвыста. Йæ хæрзаудæн архайды тыххæй ма йыл цалдæр азы размæ, «Саиды суадæттæ», зæгъгæ, ахæм киноныв дæр систой. Иуафон немæ дæр цард Горькийы уынджы 15-æм хæдзары. Чысыл кард мæм уыд, æмæ, иуæхсæв мæ дадаимæ балкъоны куыд лæууыдыстæм, афтæ гаражы сæрмæ резинæйæ хæтæл ауыдтон. Калмы хуызæн мæм фæкаст, æмæ дын ыл кард куы ныззилин. Нæ йыл суадис. Дада мæм æнцад каст, цæмæдæр гæсгæ мæ нæ баурæдта.

Нæ ныййарджытæ тынг хæларзæрдæ адæм уыдысты. Арæх нæм цыдысты уазджытæ. Уæлдай æнæрхъæцæй мах, сывæллæттæ, æнхъæлмæ кастыстæм нæ мад æмæ фыды æфсымæртæм, сæ цотмæ. Уыдонæй уæлдай ма нæ уазджытæ æмæ цæрæнбонтæм адджын хæлæрттæ систы Дагестаны



Расулы чызг Патимат

паддзахадон университеты ахуыргæнджытæ Нинæ Мелик-Саркисова æмæ йæ цардæмбал Святослав Симонов. Махачкалайы сæ бирæтæ зыдтой æмæ уарзтой. Уыдон нын дзырдтой рагон грекъаг мифтæ, нæ мад та нын-иу аргъæуттæ каст. Нæ хæдзары библиотекæйы уыд Брокгауз æмæ Ефроны уагъд Пушкин, æмæ-иу æдзухдæр уый райста. Нæ фыды кабинеты Брокгауз æмæ Ефроны энциклопедийы рæсугъд цъæрттæм-иу кастæн æмæ æнхъæлдтон, уыцы æппæт чингуытæ дæр аргъæуттæ сты.

Нæ ныййарджытæ-иу арæх кæдæмдæрты ацыдысты æмæ-иу исты лæвæрттимæ куы æрыздæхтысты, уæд уый бæрæгбонау уыд. Концерттæ сын-иу бацæттæ кодтам. Мæ хистæр хо Заремæ ма иухатт цыдæр æмдзæвгæ дæр ныффыста, æмæ йæ æз та хъæрæй дзырдтон. Уæд мæныл æхсæз азы бæрц цыдаид, мæ хойыл та – фараст.

Кæрты дæр театралон равдыстытæ, зæгъæм, аргъау «Золушка»-мæ гæсгæ цæттæ кодтам нæ хиуæтты æмæ сыхæгты сывæллæттимæ. Нæ ныййарджытæ-иу нæм кæсынмæ æрбацыдысты.

– Махачкалайы Горькийы уынджы 15-æм хæдзар фæсивæд зонынц куыд фембæлынæн ахъаззаг бынат, хистæртæ та ма хъуы-

ды кæнынц, Дагестаны сæйраг горæты уый уæ бинонты фыццаг цæрæнбынат кæй уыд. Уым райгуырдтæ?

– О, Махачкалайы уыцы хæдзары райгуырдтæн æмæ дзы фæцардтæн, 17 азы мыл цалынмæ сæххæст, уæдмæ. Уый фæстæ ахуырмæ ацыдтæн Мæскуыйы Ломоносовы номыл паддзахадон университеты историон факультеты аивæдты историйы æмæ теорийы хайадмæ. Фæлæ, цалынмæ Чернышевскийы уынджы (ныртæккæ – Абубакаровы уынг) ног хæдзармæ нæ ралыгъдыстæм, уæдмæ нæ бинонты «ахстон» уым уыд.

– Расул Гамзатовы сфæлдыстадон лаборатори цы йæ царды рæстæг, цы уый фæстæ йæхимæ ælвæста литературæиртасджыты æмæ критикты. Йе сфæлдыстад ма йын фидæны дæр æвзардзысты. Исты ногдзинæдтæ ма дзы раргом уыдзæн?

– Мæ фыды сфæлдыстад иртасынмæ, æцæгдæр, стыр æргом здæхт цæуы. Фæлæ мæм афтæ кæсы, æмæ йæ поэзийы нырма бирæ сусæгдзинæдтæ ис. Йе ‘мдзæвгæ «Памятник»-ы йæхæдæг фыста (уырыссаг æвзагмæ – Маринæ Ахмедова-Колюбакинайы тæлмац): «И мое имя, как речную гальку, / Не отшлифует времени поток. / И со стихов моих не снимут кальку, / Ведь тайна их останется меж строк».

Æмдзæвгæтæ фыссын – уый диссаджы хъуыддаг, Хуыцауæй лæвæрд тых у. Кусынæн-иу мæ фыд равзæрста, хъыгдаргæ йæ кæд ничи кодта, ахæм рæстæг. Арæхдæр фыста райсомæй раджы, стæмхатт – æхсæвы.

Зындгонд тæлмацгæнæг Яков Козловский мысыд, Гамзат Цадасамæ уазæгуаты куы уыд, уыцы рæстæг æмæ дзырдта, æмдзæвгæтæ, дам-иу куы фыста, уæд, иунæг сыбыртт дæр цæмæй ма уа, уый тыххæй-иу йæ бинойнаг йæ дзабыртæ кæй раласта æмæ-иу дуар кæй бахгæдта. Уыцы дуарæй-иу хъуыст, поэт кувæгау куыд кодта, уый.

– Куыд ардта литературон куыстæн фадæттæ йæ фырт Расул Гамзатов та? Куыд фыста йе ‘мдзæвгæтæ? Ныртæккæ къухæй нал фыссынц, уайтæккæ телефонмæ фæвæййынц. Дæ фыдæн та нæм йæ сауфыстытæ дæр сты. Цæуыл дзурынц уыдон та?

– Удуæлдай фæллой æмæ сфæлдыстадон æнтыстытыл. Цы йæ сауфыстытæ, цы æмдзæвгæтæ цæттæйæ – тынг аив уыдысты. Бирæ ивддзинæдтæ сæм-иу бахаста.

Горæты æддæ хæдзары нæ уат æмæ йæ кабинет фæрсæй-фæрстæм уыдысты, æмæ-иу хъуыстон, сындæггай куыд дзырдта, æмдзæвгæ ритмикæйы домæнтæм гæсгæ куыд «амадта», уый. Йæ дуар-иу гом куы

уыд, уæд уыдтон, тынг арф, удæгас æнкъарæнтæ-иу кæй æнхъæвзтой йæ цæсгомыл. Уæлдæф дæр-иу цыма уæлдай æндыгъддæр уыд, афтæ зынд. Хъазгæмхасæн цы æмдзæвгæ фыста, уымæн йæ кæронбæттæн рæнхъытæ ахæм сты (Наум Гребневы тæлмац): «Но пусть стихи плохие самые – / Вся жизнь моя в словах моих. / Зачем же вы, редактора мои, / Стараетесь ухудшить их? / С моими отпрысками справиться / Чужим отцам не по плечу. / Скажите, что вам в них не нравится? / Им сам я уши накручу».

Адæймаджы сусæг энергетикæ йе сфæлдыстадыл сахады. Гъемæ уый зæрдæйы парахатдзинадимæ иумæ дзыллæмæ мæ фыдæй поэзийы руаджы хъардта. Лæгæй-лæгмæ ныхасы дæр – афтæ. Молдавиаг поэт Николай Савостин мæ фыдæй афтæ дзырдта: «Уæззау лæг, фæлæ рæвдз æмæ рог къахдзæфтæ кæнаг. Йемæ аныхас кодтай, зæгъгæ, уæд-иу дæхæдæг дæр фæуæнгрог, фæхъæлдзæг, суанг фæцыргъзонддæр уыдаис».

– Йæ тæккæ ирддæр миниуджытæ та цавæртæ уыдысты?

– Мæнмæ гæсгæ, адæммæ уарзондзинад, фæлмæнзæрдæ æмæ цардбæллон уæвын. Æмæ ма – юмор. Юмор адæймагæн ахъаз у йæхи иннæтæй уæлдæр макæд æвæрыны, хи æнæхъæугæ пафосæй хизыны, иу кæнæ иннæ фарста алывæрсыгæй уыныны хъуыддæгты. Гъемæ уавæртæ, дæхи æмæ иннæты æнахуыр хуызы уыныны курдиат Расул Гамзатовы сфæлдыстады тынг аивæй разынд. Дзырдта-иу, зæгъæм, «государственный дурак», зæгъгæ, æдылы, æнæрвæссон, фæлæ бæрзонд бынаты æвæрд адæймаджы тыххæй. Кæнæ: «Герой социалистического терпения», «Предпоследний среди равных».

– Дæхиуыл дæ фыды поэзи исты хуызы сахадыдта?

– Æнæмæнг. Поэзийæ дард темæтыл кусгæйæ, бæлвырддæр та, Дагестаны адæмты аивад иртасгæйæ, уæддæр цыдæр иумæйаг миниуджытæ разыны. Зæгъæм, нæ аивады арæх æмбæлы дыгæйттæй æвæрыны мадзал (фæсонтæй иугонд бæхтæ, цъиутæ). Уый уынæм мæ фыды сфæлдыстады дæр. Хæдæгай, йæ кабинеты дуарыл дæр кæцæйдæр хъарм бæстæй ласт сæ фæсонтæй иугонд теуатæ ауыгъд уыдысты. Уый та уын – цæстуынгæ эпиграф…

Кæннод – этнографийы къабазы æгъдæуттимæ баст фæзилæнтæ. Уыдон мын феххуыс сты мæ фыды «Урс зырнæджыты» мидис арфдæр банкъарыны хъуыддаджы. Урс хуыз йæ зæрдæйы уæлдай арфдæр ныххызт, Хиросимæйы чи фæмард, уыцы Садако Сасакийы цыртдзæвæны раз лæугæйæ, урс зырнæджыты тæхгæ куы федта, уæд. Уым ма фыццаг хатт

федта япойнаг сылгоймæгты урсхуыз хъыджы дарæстæ дæр. Урс хуыз мæлæтимæ бирæ традицион культурæты баст у, æмæ урс зырнæджытæ, тохы чи фæмард, уыцы салдæтты фæлгонц æвдисæг дæр уымæн систы.

– Дæ фыдæн кæуылты бирæ хæлæрттæ уыд: ахуыргæнджытæ, æмкусджытæ, тæлмацгæнджытæ. Æдзух уыд адæмы ‘хсæн. Сывæллонæй дæм, дæумæ йæ цыма не ‘вдæлы, афтæ никæд каст? Советон поэттæй, дæ фыды хæлæрттæй, тынгдæр кæй бахъуыды кодтай?

– Йæ царды сæйраг нысан, æцæгдæр, сфæлдыстад æмæ адæмимæ кусын уыдысты, æмæ йæ йæ чызджытæм, йæ бинонтæм æдзух куыд хъуамæ æвдæлдаид? Æхсæнады цардыл ахадæг лæджы хъысмæт афтæ у. Уыимæ фысджытимæ хæларæй кæй цард, уый та нæ миддунейæ тынг фæхъæздыг кодта. Абоны онг дæр мын зынаргъ хæзнайау æвæрд у «Сказка о глупом мышонке» Самуил Маршакы къухфыстимæ. Зонгæ уыдыстæм Чингиз Айтматов, Константин Симонов, Роберт Рождественский, Мустай Карим, Кайсын Кулиев, Давид Кугультинов, Алим Кешоков, Даниил Гранин, Михаил Дудин, Владимир Солоухинимæ… Хæлар ахастытæ нын уыд нæ фыды уацмыстæ тæлмацгæнджытæ Яков Козловский, Наум Гребнев, Еленæ Николаевская æмæ иннæ фысджытимæ. Абон хæларæй цæрæм Маринæ Ахмедова-Колюбакинаимæ, уый дæр ын йе ‘мдзæвгæтæ тæлмац кæны уырыссаг æвзагмæ.

– Дæ мад Патимат Гамзатова уыд Дагестаны нывгæнынады музейы директор. Дæхæдæг 2007 азæй нырмæ дæ Уæрæсейы аивæдты академийы уæнг-уацхæссæг. Мæскуыйы паддзахадон университеты историон факультеты аивæдты историйы хайадмæ дæр æнæ дызæрдыгæй дæ мадмæ гæсгæ бацыдтæ?

– Музейы мæ мады размæ цалдæр директоры фæд-фæдыл аивтой. Зын куыст уыд. Уæвгæ та дзы 200 экспонаты йеддæмæ нæ уыд, фæлæ сыл мæ мад дзæвгар бафтыдта.

Мæн та фæндыд нывгæнæг, дизайнер кæнæ аивадиртасæг суæвын. Хæдзары нæм аивадæй бирæ чингуытæ уыд, æмæ уымæ гæсгæ аивадиртасæджы дæсныйадыл нылляууынвæнд скодтон.

– Расул Гамзатовы портреттæ кодтой бирæ хуызисджытæ æмæ нывгæнджытæ, йæ чингуытæн ын нывтæ кодтой хуыздæр советон графиктæ. Уыцы портреттæ æмæ чингуытæй та дæ зæрдæмæ тынгдæр кæцытæ цæуынц?

– Хуызистытæ – иууылдæр, уымæн æмæ сæ удæгас адæймаджы

фæлгонц зыны. Нывтæ æмæ скульптурæтæ та… Мæнмæ гæсгæ, уыдоны йæ фæлгонц цыдæр уæззаугонд у, мæ фыд сæ арæх йæхи хуызæн нæ вæййы. Мæ зæрдæмæ хæстæгдæр у Лев Кербелы нывæст скульптурон портрет. Уацмыстæм та диссаджы нывтæ скодтой Юрий Космынин æмæ Юрий Николаев.

Уæдæ мын иу чиныг кæнæ уацмыс равзарын дæр зын у. Уарзын поэмæтæ «Пять пальцев», «Берегите матерей», «Ахульго», чингуытæ «Мулатка», «Сказания», æмдзæвгæтæ «Белые журавли», «Родной язык», «Молитва», «Голова Хаджи-Мурата», «Ад», «Памятник», «Аульская мечеть», алы дзауматыл фыстыты цикл…

– Сымахæй, Расул Гамзатовы чызджытæй, кæнæ йæ хъæбулы хъæбултæй æмдзæвгæтæ исчи фыссы?

– Скъоладзауæй æз фыстон. Иу æмдзæвгæ та англисаг æвзагыл уыд, «Хур æмæ мæй», зæгъгæ. Нæ хæрæфырт Магомед уæд скъолайы ансамблы архайдта æмæ йæм музыкæ ныффыста. Зæлыд скъолайы дискотекæйы. Фæлæ мæ фæлтæрæнтæ лæмæгъ рауадысты, ме сфæлдыстадæн ницы уыйас нысаниуæг ис.

Уыимæ хорз фыссы мæ хойы чызг Мадинæ Амирханова. Нырма йе ‘мдзæвгæтæ не ‘ргом кæны, фæлæ сæ искæд хицæн чиныгæй рауадзын хъæуы.

– Нæ ныхасы кæрон нын, дæ хорзæхæй, радзур Расул Гамзатовы хъæбулы хъæбулты тыххæй.

– Шахри Амирханова, мæ хистæр хо Заремæйы чызг, уыд журналты редактор, хæрзаудæн фонды директор, ныртæккæ хъомыл кæны йæ чызджы. Уый кæстæр хо Мадинæ Амирханова у юрист, хъомыл кæны дыууæ лæппуйы. Мæ чызг Таус Махачева у нывгæнæг, нырыккон аивады дæсны. Йæ видеокуыстытæ сты Уæрæсейы æмæ дунейы æндæр паддзахæдты музейты. Мæ иннæ хо Салихаты чызг Аминат Магомедова у психолог. Уый дæр хъомыл кæны дыууæ фырты – Расул æмæ Хадисы.

Ныхас ныффыста
аивадон-публицистон журнал «Дагестан»-ы
сæйраг редактор Марат ГАДЖИЕВ.
Уырыссаг æвзагæй ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац

«ХУЫЗДÆР ЗЫНГХУЫССЫНГÆНÆГ»

Расулы тыххæй цымыдисаг хабæрттæ дзуры
йе сфæлдыстадон æххуысгæнæг Магомед БИСАВАЛИЕВ

Дагестаны адæмон поэт Расул Гамзатов тынг хъæлдзæг æмæ цыргъзонд адæймаг кæй уыд, уымæн баззад бирæ æвдисæнтæ. Иухатт Махачкалайы авайраг театры цыд поэзийы изæр. Архайдтой дзы зындгонд фысджытæ Мæскуыйæ. Изæр амыдта Расул. Залы уыдысты бæрзонд Сергей Михалков æмæ ныллæг, фæтæнтæ критик. Гамзатов загъта: «Абон авайраг театры залы номдзыд уырыссаг литературæйы минæвæрттæ сты: йæ дæргъмæ гæсгæ Сергей Михалков, йæ уæрхмæ гæсгæ…» æмæ загъта уыцы критикы ном. Адæм ныххудтысты æмæ къæрццæмдзæгъд сарæзтой.

Сергей Михалков рынчынгонд уыд, йæ хъæлæс – фæсус. Гамзатовмæ амоны, ныхас мын ма ратт, зæгъгæ. Уый та фæцарæхст: «Ныртæккæ та уын азардзæн Сергей Михалков», – æмæ йæм микрофон авæрдта. Уымæн ма цы гæнæн уыд, æмæ загъта, йе ‘мбæлттимæ уырыссаг литературæйы кад дæлæмæ кæй æппары: йæхæдæг фæсус, иннæ къæзгæ дзураг, аннæ – критик, æмдзæвгæтæ кæсын нæ зоны. Гамзатов та фæцарæхст æмæ уыцы критикмæ бадзырдта: «Дæ хорзæхæй, кæд æмдзæвгæтæ дзурын дæ бон нæу, уæд нын иу литературон-критикон уац азар». Адæм та ногæй худæгæй амардысты.

* * *

Дагестаны зындгонд актер Махмуд Абдулхаликов Расул Гамзатовæн хæстæг æййæфта æмæ йæм уазæгуаты арæх цыд. Поэт æнхъæлдта – ног æмдзæвгæтæм хъусынмæ, фæлæ уымæ йæхи фæндтæ уыд. Иуафон бады кадджын уазджыты бынаты авайраг театры, æмæ дын уалынмæ сценæмæ рацыд Абдулхаликов Гамзатовы фæлгонцы. Йæ халдих – алцæмæй дæр, æмæ ма йын йæ хъæлæсæй йе ‘мдзæвгæтæ дæр кæсы. Адæм фæуыргъыйау сты: иу Гамзатов – залы, иннæ – сценæйы.

Гъе фæлæ актер афтæ сразæнгард, æмæ йæ фыр диссагæй, оркестр кæм фæбады, уыцы дзыхъхъ нæ федта æмæ дзы ныххауд. Цыдæртæ дзы асаст, æмæ рынчындоны хуыссыд. Гамзатов æм бацыд

æмæ йын загъта: «Федтай, поэты роль цы уæззау у. Æз æй 60 азы дæргъы хъазын, ды та йын дыууæ сахаты дæр нæ бафæрæзтай».

* * *

Фыссæгæй дарддæр ма Гамзатов уыд политик дæр. Советон Цæдисы Сæйраг Советы президиумы уæнг, алыхуызон бынæтты куыста къорд организацийы. Æмæ йын уым цытæ хатыр кодтой, уыдæтты тыххæй æндæр искæй тынг бафхæрдтаиккой. Зæгъæм, басаст, алыхуызон æмбырдты йын тынг зын кæй уыд дæргъæй-дæргъмæ докладтæм хъусын æмæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ бадгæйæ кæй афынæй кодта, ууыл. Йе ‘мдзæвгæ «Аплодисменты»-йы та фыста: «Мы хлопали. Ладоням было больно. / Они, бывало, в прошлые года / От собственных ударов добровольных / Краснели, словно щеки от стыда».

Кремлы Съездты галуаны агропромышленнон комплексы фондзазон пълан фидар кæныны æмбырды йын ныхасы бар куы радтой, уæд дын, трибунæмæ куыд рацæйцыд, афтæ залмæ рудзынгæй зæрватыкк батахт. Цъыбарцъыбургæнгæ люстрæйыл абадт. Гамзатов йæ къух хæрдмæ систа æмæ загъта: «Зынаргъ æмбæлттæ! Мæнæ нæм залмæ æрбатахт уалдзыгон зæрватыкк. Уый у нæ бæстæйы хуымгæнинаг быдырты фидиуæг. Мах æдзух аразæм æмбырдтæ. Ацы зæрватыкк та хуымгæнджыты зæхмæ хоны, кусджыты – сæ ифтонггæрзтæм, ахуыргæнджыты – сывæллæттæм». Адæм къухæмдзæгъд сарæзтой.

* * *

Расул Гамзатовæн хæлар ахастытæ уыд стыр Советон паддзахады разамонæг Леонид Брежневимæ. Ноджы æнгомдæр та фесты иу хабары фæстæ. 1977 азы Мæскуыйы басыгъд уазæгуат «Россия», фæмард дзы бирæ адæм. Поэт уыцы рæстæг ССР Цæдисы Сæйраг Советы делегациимæ уыд фæсарæнты. Уым пресс-конференцийы журналисттæ делегацийы сæргълæууæджы бафарстой, ахæм нæргæ паддзахад йæ сæйраг горæты зынгсирвæзт ахуыссын кæнынмæ цæуылнæ сарæхст, зæгъгæ. Чиновник æнæбары цыдæр техникон хабæртты тыххæй дзурын райдыдта. Уæд Гамзатов размæ рацыд æмæ загъта: «Æмæ империалисттæ кæм уыдысты, мах 1941 азы

фашизмы зынгсирвæзт куы хуыссын кодтам æмæ ænæхъæн континент нацизмæй куы бахызтам, уæд?» Дыккаг бон газеттæ иууылдæр рацыдысты Расул Гамзатовы портретимæ æмæ йæ ныхæстимæ: «ССР Цæдис – XX æнусы хуыздæр зынгхуыссынгæнæг». Делегаци куы æрбаздæхт, уæд Брежнев загъта, фæсарæнты нæ бæстæйы кад æппæты хуыздæр кæй хъахъхъæдта Дагестаны адæмон поэт Расул Гамзатов. Ныр уыцы рæстæгмæ фондз азы дæргъы бæстæйы сæйраг идеолог Суслов бар нæ лæвæрдта Гамзатовы чиныг «Мой Дагестан» рауадзынæн. Дзырдта йын, БАМ æмæ фондзазонты тыххæй уал фысс, дæ «кавказаг зондамонæнтæ» нæ ныртæккæ кæм бахъуыдысты, зæгъгæ. Брежнев дзы куы раппæлыд, уыцы тæккæ бон Гамзатов Сусловмæ бацыд, æмæ ма йын уый «нæ» куыд загътаид…



***Расул БАГОМЕДОВ** (1932) – даргинаг поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, журналист, публицист. Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт ахуыргæнæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, Дагестаны адæмон поэт, Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг, Уæрæсейы Федерацийы цумæйаг ахуырады кадджын кусæг, Фæллойы ветеран, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран.*

УДЫ СИДТ

Сырх дидинтæ нæ райгуырæн хæхты
Хæстон хъайтарты туджы ‘ртæхтæ сты.
Кæй удты цард Фыдыбæстæмæ уарзт,
Ызнаджы ныхмæ чи ‘рлæууыд æваст.

Куы райхъуысы уæларвон мæргъты зард,
Куы байдзаг кæны ‘нæкæрон тыгъдад,
Уæд зонут, уый зынгхуыст хъайтартæ ныр
Кæнынц æрхæндæг райгуырæн бæстыл.

Кæд уый тыххæй изæрмилты рæстæг
Ныййазæлд хъуысы быдырты сындæг.
Уый – цардвæллад ныййарджыты хъæлæс,
Кæй хъæбултыл нæ бацауæрста хæст.

Фыдыбæстæйæн чи радта йæ цард,
Мыггагмæ у сæ намыс æмæ кад.
Цæрдзæн æнустæм а зæххыл сæ ном,
Нæ уыдзæн никуы рохуаты хæстон.

ЦАРДЫ ФÆНДАГЫЛ

Фылдæрæй-фылдæр азтимæ кæны
Зæххон лæгæн йæ уарзондзинад цардмæ.
Уый ногдзинæдтæм раздæрау тырны,
Æмæ йæ хонынц ирд фæндæгтæ дардмæ.

Хъысмæт у бирæ сонт бæллицтæй дзаг,
Фæлварæнтæ æмæ цæлхдуртæ – разæй.
Фæлæ кæд царды равзæрстай фæндаг,
Уæд ыл фæцу уæнгрог æмæ ныфсхастæй.

Нæ зонæм мах, цы нын æрхæсдзæн сом,
Фæлæ æвæр бæрзонд нысан дæ царды.
Уæд дын уыдзысты ‘ппæт фæндæгтæ гом,
Уыдзынæ адæмы æхсæн нымады.

Куы агурай Ыстыр Хуыцауы ном,
Уæд ратдзæн дын æнцойад æмæ амонд.
Æмæ йæ зон, нæй фæндæгтæн кæрон,
Дæ зæххон фæндаг фестдзæнис уæларвон.

Куы тава дæу фыдыбæстæмæ уарзт,
Йæ фарн куы уа дын ирд цырагъау тары,
Уæд искæмæн зæххон царды æваст
Ды фестдзынæ фæндагамонæг стъалы.

ИДОН НÆМ НÆЙ

Кæнынц мыздимæ ерыс æргътæ,
Нæ царды нал зонæм æнцой.
Фæлитойтæ æмæ кæрæфтæ
Рæстадæн фесæфтой йæ кой.

Бæхау нæ бæстæ уайы дугъы,
Тæхы сæрсæфæнмæ цæрдæг.
Кæм ис йæ идон? Знæт æфсургъы
Куыд хъуамæ баурома лæг?

Ыссæнды къæхты бын хæдзæрттæ...
Цы чындæуа? Ыстæм æдых?
Кæм ыстут, барджытæ-хæлæрттæ,
Æфсургъæн бадомут йæ тых!

* * *

Цъаммар æмæ фæлитойтæн бæрæгбон –
Нæ абоны цард, ахæсс ыл дæ цæст.
Йæ мады дæр ныууæй кæндзæн æдзæсгом,
Нæ йæ æндавы намыс æмæ хæс.

Нæ кæны сагъæс адæмы хъысмæтыл,
Йæ дур зæрдæ кæйдæр рыстмæ – æмыр.
Хъæздыгдзинадыл баивта æмбæлтты,
Хъæздыгдзинад – йæ иунæг бæллиц ныр.

Уыд коммунист, кæддæр уыдис ын царды
Йæ адæмимæ иумæйаг фæндаг.
Ныр раздæры цард нал æм у нымады,
Ныр раздæры хъуыдыахастæн – знаг.

Нæ кæны аргъ ысгуыхт æмæ хъайтарæн,
Кæй фæрцы у фыдыбæстæ цытджын.
Нæ бæззы уый æмгар æмæ хæларæн,
Нæ бамбардзæни адæймаджы зын.

Цъаммар æмæ фæлитойтæн бæрæгбон –
Нæ абоны цард, дуне сын – уæрæх.
Кæд аххосаг нæхæдæг ыстæм, абон
Гъе ахæмтæй кæй байдзаг ис нæ зæхх?!

ХЪУЫДЫТÆ

Зæхкусæг, дохтыр, ахуыргонд, фыссæг –
Фæллойгæнджытæ уыдон сты нæ бæстæн.
Фæлæ у абон диссаджы рæстæг,
Нæй аккаг кад сæ тухитæн, сæ куыстæн.

* * *

Хъуыдыгонд уымæн не ‘рцыди сырх сæн,
Цæмæй мæнгард, æнæуаг митæм сайа.
Фæлæ рæдау, рæстаг æмбæлтты ‘хсæн
Цæмæй йæ нуазат амонды сыкъайæ!

* * *

Вæййы мæлгъæвзаг лæг бæрæг
Йæ хиппæллой ныхæстæй.
Уыдзæн æвдисæнæн рæстæг
Йæ куыст æмæ йæ хæрзтæн.

* * *

Хъæздыгдзинадæй чи бары йæ цард,
Нæ уыдзæн уымæн намыс æмæ кад.

Уырыссаг æвзагæй БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац



Аминат АБДУЛМАНАПОВА *(1946) – даргинаг поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг, журналист. Дагестаны адæмон поэт, ССР Цæдисы Журналисты цæдисы уæнг, Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг.*

Ныртæккæ у Дагестаны литературон журнал «Соколенок»-ы рауагъды редактор.

Йе 'мдзæвгæтæй 400-йæ фылдæрыл фыст æрцыд зарджытæ. Зарынц сæ Дагестаны æмæ Уæрæсейы зындгонд зарæггæнджытæ. Куыд автор, афтæ цалдæр хатты ссис конкурс «Песня года»-йы уæлахиздзау.

ЗÆХХ

Цы уыд фыццагдæр?
Дзырд?
Æви дæ хорзæхты хъуыддæгтæ?

Нæ йæ зонын...
Стæй афтæ ахсджиаг дæр нæу,
Цы уыд зæххыл фыццагдæр:
Сæрибар удварн æви уымæл дымгæ,
Кæнæ та хæхтæ хурыскасты размæ.

Сæйрагдæр уый, кæй зарынц мæргътæ,
Кæй цæуынц дон нуазынмæ сырдтæ,
Хæмпæлгæрдæгæй хоры тау
Йæ хъарм хъæбыс ысдардта.

Æнустæ згъордтой
Иу уысмау æдзух,
Æмæ дзы иу рæсугъд рæстæг
Дæ хуыздæр сфæлдыстадæй
Фыццаг адæймаг рантыст.

Æмæ йæ ды дæ рухс риумæ нылхъывтай,
Дæ æхсырæй йын радтай цард...

Фæлæ йæ зæрдæйы та ды бавæрдтай уæд зыд,
Æмæ фылдæргæнгæ
Уый миткъуыбылойау тылди.

Ды радтай уымæн алцыдæр:
Быдыртæ, хæхтæ æмæ хъæд.
Ома, дам, паддзахиуæг кæн
Æмæ зæххон диссæгтæ араз.

Æвæлмастæй уый хицауиуæг кодта –
Хуым, хор тауæнтæ кодта, карста хос.
Æмæ уый æнæуд фæнык
Фестын кодта
Хатынь æмæ Хиросимæ.

Уый у мæстджын æмæ хæлар,
Уый – тарæрфыг ‘мæ рухс.
Уый – тæригъæдгæнаг ‘мæ æгъатыр.
Уый хызмæ басайдта сæгуытты,
Стæй сын суæгъд кæнынæн феххуыс.

Зæхх, ныййарæг дæ!
Мад та иунæг у
Æппæтæн дæр, сабиты æнæ ‘взаргæйæ.
Фæлæ ма куыд фервæзон
Мæ мæстджын фыртæй,
Йæ тарæрфыг хъуыдытæй?..

Кæм ыссарон æз ахæм дзырд,
Цæмæй йыл бауудæнда мæ фырт?
Ды алцæмæн йæ рухс райдайæн дæ,
Æмæ у уый та
Дæ тæссонд фистон.

ПОЭТ

Æмбæхст тых рардæуыд поэтæн:
Уый хуры тынæй

Судзины бын ссары,
Мæгъæлда хицæн кæны хорæй,
Удрухсдзинад сау дуры
Ныттадзы.

Ænахуыр мыртæ ацахсы йæ хъус:
Бæлæсты хъæрзын,
Суадоны хæл-хæл,
Æмæ, зæронд устытæн кувгæйæ,
Сæ судзаггаг хъæстытæ
Ærмæст уый банкъары зæрдæйæ.

Уынаг – йæ цæст, –
Цы уыдзæн райсом, фидæны,
Æмæ цы афардæг ænусты тары,
Нæ цардвæндаджы сомбоны зынг рухс.

Цæры йæ уды
Иудадзыг уæлмонц,
Æхсæв дæр ын йæ тарф фынæй фæсуры.
Лæмæгъы уый нæ бауадзы æрхауын,
Тыхджыны та уæлахизтæм фæхоны.

Нæ зонын æз,
Хуыцау у æви зæд...
Фæлæ мæхимидæг фæкæнын цин:
Цæй хорз у фæцæрыны хæс
Ацы цыбыр цард –
Зæрдæрыст дзы макæмæн æрхæсс.

Уæддæр цæй хорз у
Ног райгуыргæ рæнхъы
Ægъуыссæгæй дæу боныцъæхтæм дара.
Нæ мæ хъæуы ændæр хъысмæт, –
Поэзи мæ йæ рухс тынæй куы тава.
Ænусмæ судз,
Поэзийы цырагъ!

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Батрадзы тæлмац



Гасан КУРУХОВ *(1954 – 2017) – лакъаг поэт, тæлмацгæнæг, журналист, Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг, Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг. Куыста ахуыргæнæгæй, журнал «Соколенок»-ы уацхæссæгæй, журнал «Литературный Дагестан»-ы редакторæй, газет «Илчи»-йы сæйраг редактор.*

* * *

Ехх, мæнæй нæ дыргъдоны бæлæстæ
Цас æнувыддæр фесты уæддæр!
Нæ фæуагътой сæ зæронд цæрæнтæ
Иу фæззыгон сырхуадул изæр.

Дарынц къалиутæ уыдон æнгомæй,
Цыма фестынц хъæбатыр æфсад.
Цыма махæн нæ фыдæлты номæй
А зæхх хъахъхъæнын бахордтой ард.

У мæ хæхбæстæн сабыр йæ ахаст.
Фестад рагæй дæр аздон мæнæн
Дагъистаны тызмæг зæххыл. Райгас
Вæййы, уалдзæг куы калы тæмæн.

Майы уад-дымгæ басгуыхы барæг,
Бафæллайы йæ хъулон æфсургъ.
Ам цы мæргътæн фæхъуысы сæ зарæг,
Уыдон ахстæттæм бахæссы рухс.

Къуымæй пурти мæнмæ кæсы ‘рхуымæй,
Уый мæ хæлар куы уыди кæддæр.
Ныр æнæныфс у: зоны, æз уымæй
Нал фæхъаздзынæн афтæ уæддæр.

Уары. Хауынц нæ зæхмæ æртæхтæ.
Къахвæд агуры знæтæй сæ дзæхст.
Рагæй нал зоны уый та мæ къæхтæ –
Залмысыфы æнусмæ æмбæхст.

Ам æхсæвы зæрдæсайæн сатæг
Дзуры ногæй кæйдæр ном æнцон,
Уый æз раджы зæронд кæрз бæласыл,
Арф лыг кæнгæ, мæ кардæй фыстон.

Нæ хъæууон сисы фæстæ бæлæстæ
Цас æнувыддæр фесты уæддæр!
Ис æнæсыбыртт уайдзæф сæ цæсты
А сырхуадул фæззыгон изæр ...

Уырыссаг æвзагæй БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац



Магомед АХМЕДОВ *(1955 – 2023) – авайраг поэт, тæлмацгæнæг, критик, публицист. ССР Цæдисы Фыдджыты цæдисы уæнг. Дагестаны адæмон поэт.*

Каст фæцис Горькийы номыл Литературон институт Мæскуыйы.

Куыста Дагестаны чиныгуадзæн рауагъдады, Дагестаны Фыдджыты цæдисы Правленийы оргсекретарæй, литературон журналты секретарæй, Дагестаны Фыдджыты цæдисы авайраг фыдджыты хайады сæргълæууæгæй, регионалон газет «Праведная мысль»-ы сæйраг редакторæй.

2004 азы æвзæрст æрцыд Дагестаны Фыдджыты цæдисы Правленийы сæрдарæй, 2009 азы та – Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы Правленийы æмсæрдарæй æмæ Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы секретарæй. Уыд газет «Литературная Россия»-йы редколлегийы уæнг.

Магомед Ахмедовы æмдзæвгæтæ уырыссаг æвзагмæ тæлмац кодтой уырыссаг поэттæ æмæ тæлмацгæнджытæ Юрий Кузнецов, Сергей Васильев, Евгений Семичев, Александр Еременко, Раисæ Рамонова, Алексей Бинкевич, Анатолий Аврутин æмæ иннæтæ.

Магомед Ахмедов у бирæ паддзахадон хæрзиуджыты хицау æмæ литературон премиты лауреат.

* * *

Ærвылсахат зæрдæйы риссаг фæд
Зæронд хидау нызгъæлæн кæны бонтæ.
Нæ ихсыд дзырдтæ раздæрау – фыдвæд,
Нæ зыдтой ницы, фидыдæн та – зонгæ.

Ныр иу фæндагыл хицæнтæй цæуæм –
Ды нал дæ уый, æз дæр бынтон æндæр дæн.
Нæ сагъæстæ, нæ ныфсыты хуызæн
Тæхынц фæйнæрдæм фароны сыфтæртæ.

Мæ уарзт ыздæхдзæн рагбонты зынтæй,
Ныууигъдзæни мæн риссаг фыны хайау.
Фæззыгон та зæрдæцæфæй, тыхстæй
Мæ нывæрзæны рабаддзæн мæ хойау.

КУЫРМ ЦУАНОНЫ ЦÆССЫГТÆ

Æз рагæй дæн цуанон… Ныр нал у мæ хъару, мæ тых,
Хæхты ‘мæ кæмтты фæллад дæр нæ зыдтон мæ цыдæй.
Фæстагдæр дзæбидырыл хохы мæ нæмыг фæтых,
Фæлæ уый æрзылди мæхимæ… Ныр джиуын хæрзкуырмæй.

Цæстыты сау мигъ ныббадти… Хæхтæ гаффутт æмæ афтид,
Хур мæм дæлæмæ æрдзырдта: «Лидзын дæуæй æз æнусмæ».
Хæтæнты рæстаг рæсугъдты фæмарын къухы æфтыд
Быдыртæ, бæрзæндтæ нал зынынц цæстыты урсмæ.

Уыдтæн æз рæстдзæвин... Мæ фаты цæхæр нæ кодта мынæг,
Дзæбидыртæ хаудтой сæ сæртæй кувæгау мæнæн.
Мæ бакуырмæй бамбæрстон, кæй дæн удмар уæвæг.
Кæм сты ныр удæгас удтæ? Кæм ма ис сæ фенæн гæнæн?

Кæрдæджы змæлд, иунæг уынæр дæр нæ ирвæзт мæнæй,
Мæ алы фехст дæр-иу мæлæтхæссæг сахат сси,
Цы фесты ныр уыдон, уый бамбарæг иу хъару нæй,
Дзæбидыры басудзгæ фыдау мæ зæрдæ ныцци.

Мæ иунæг фехстæй-иу дзæбидыр æртылд,
Кæрон ма мæ цинæн кæм уыди, кæм уыд,
Ысхъазыд-иу зæрдæ… Хуыцауæй-иу хъахъхъæд уыдтæн,
Фæлæ-иу мæ тых уæд фестади сау-сауид маргау.

Уæззау хуры тынтæ та тадысты къæдзæхы ‘хсæнты,
Уæд айнæг къæдзæхтæ дæр тарстысты уазал ныххаудæй.
Сырд амарды фæстæ куы кафыдтæн цинæй,
Мæ риуы та зæрдæ уыд хохы айзæлдау йæ удæй.

Ныр сфæлдисæг айста мæ рæстдзæф цæстæнгас,
Фæсмонимæ талынджы вæййы мæ фынæй, мæ райхъал.
Æрмæст ма сæрымагъзы райгуыры ногæй гæрæхтæ
Æмæ мæ нæ уадзынц фынæй…
Уæд уыцы гæрæхтæй фæлидзы мæ хуыссæг.

Мæ фæстаг фæгæрах… Дзæбидыр та расхъиуы тугкалæн коммæ,
Æнæсæрфат цинæй та зæрдæ у дзаг.
Æз ногæй та фехсын… Æмæ та йæ нæмыг мæ риуыл æмбæлы,
Цæф дзæбидырау æз хауын зынгарауæн коммæ…

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Батрадзы тæлмац

* * *

Бадын зонгæ цæугæдоны фарсмæ
Æз мæ райгуырæн комы. Кæддæр
Куы æрræвдз дæн цымыдисаг балцмæ,
Мæ хæдзарæй хъуызгæйæ, æз дæр.

Ныр фæндаг æмæ балцæй фæлладæй
Æз æрцыдтæн фæстæмæ дæумæ.
О, авайраг цæугæдон, ды байрай!
У дæ фидауц æгæрон, бæргæ.

У æнæкæрон денджыз, æнхъæлдтон,
Цас рæсугъддæр, тыхджындæр дæуæй!
Йæ фæйлаугæ сæрибар уылæнты
Тынгдæр чи уарзта хъазын мæнæй?

Фæлæ диссаг: мæ амонд та ам и.
Уый æрæджы куы бамбæрстон æз.
Горæт стыр уылæн фестад – цунами,
Уд фæхæссы. Кæм ын и фæрæз...

Уырыссаг æвзагæй БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац



Миясат МУСЛИМОВА *(1960) – поэт, публицист, тæлмацгæнæг, литературон критик. Уæрæсейы Журналисты цæдисы уæнг, Уæрæсейаг фыссджыты цæдисы дагестайнаг хайады сæрдар, Кавказы фыссджыты клубы президент, Дагестаны сгуыхт ахуыргæнæг, УФ-йы уæлдæр профессионалон ахуырады кадджын кусæг.*

Ныртæккæ у А. Тахо-Годийы номыл Дагестаны педагогикæйы наукон-иртасæн институты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы хайады хистæр наукон кусæг.

У бирæ конкурсты æмæ премиты уæлахиздзау æмæ лауреат. Йæхæдæг у дыууæ æхсæнадæмон конкурсы бындурæвæрæг: Салихат Гуртуевы номыл поэзийы конкурс «Есть родина, а значит, счастье есть» æмæ Эфенди Капиевы номыл конкурс тæлмацгæнджыты 'хсæн «Резьба по камню».

* * *

Сбыдта мæ мад мын сыр-сырхид кæлмæрзæн –
Хурзæрин къухты.
Зæрдæйы арф хахх – носты æмбæхсæн,
Æнæ хай æдзухдæр.

Урсхуыз кæлмæрзæн æркæнын фæлвæрдтон
'Хцонæй мæхиуыл.
Гомсæр, стæй рæстæджы урс хилтæ, уыдон
Чысыл æви бирæ?

Уафта кæлмæрзæн мын сауæй æхсæв дæр,
Уый æз нæ куырдтон.
Рохуаты митæй ыстæфсти мæ зæрдæ,
Тых йе æнæбон?

Рæстæг къæй дурыл ныхасæй æрхауди,
Чи йæ æвзары?

Уазæгæй ивгъуыд æнхъæлмæ мæм касти
Рохуаты тары.

Уыцы фæллад мæргътæн чи у сæ хицау?
Се ‘ппæты уадзын.
Арвы тыгъдады мæ сагъæсты сонт цау
Урс дзугæй разынд.

ХÆРЗÆБОН, ЫЗНОНЫ ХÆЛÆРТТÆ!

Хæрзæбон, ызноны хæлæрттæ!
Уыдыстæм зынфæндаг балцы.
Æнæсым, æнкъард къæсæртæм
Ныр джеджджын йæхи ælвасы.

Цæуыл зарынц ‘хсæвы мæргътæ,
Ныр чи рацæуы сæ размæ?
Ысафтид ысты хæдзæрттæ
Убрайы. Æрмæст сæ фарсмæ

Къæдзæхтæ æнцад фæлгæсынц,
Сæ рæбын – къæй дуртæ, кæлддзæг.
Æнæуддзæф уазджытæ ‘мбæлынц
Фыццагон цыртытыл сындæг.

Сæ ныхтæ – хъалагъуртау уазал,
Сты дымгæты барвæнды ам.
Фыдæлты хæхбæсты нæ адзал –
Убрайæн йæ фæстаг салам.

МÆ РАЙГУЫРÆН БÆСТÆЙЫ ДУРТÆ

Фæйнæрдæм калд, æнæтобæгонд бынæттæ,
цæй амонджын стут,
кæй уын ис фадат уæлæмæ кæсынæн
æмæ рæдау уæларвы æгæрондзинад уынынæн.
Уый у иунæг бынат, уæ бон кæдæм нæу æрхауын.

Уæ хъусадæн йæ бон у зынг цæгъдын,
ныхæй-ныхмæ æмбæлгæйæ.
Армытъæпæны кæй дарынц,
Цæмæй тавсы фæстæ ныццæвын,
æмæ ронæй уазалмæ кæй сисынц, –
сымах афтæ арæх цæмæн æрхаут
дисы ‘фтыд адæймаджы къæхты бынмæ?
Йæ гуыпгуыпгæнаг зæрдæ рæхойгæйæ,
йе та йе уæны стджыты ‘хсæн æмбæлгæйæ,
цæуылнæ ‘рцахсут уæгъд бынæттæ,
уæ разæй пыхс дымгæтæ кæй ахсынц,
æмæ уидæгтæн хуынкъ дæр чи нæ уадзынц, уыдон?

Фæрсджытæй æмбæлттыл кæрийыл æндзæвгæйæ,
кæнæ та, кæйдæр фæндты æдзæрæг быдыры
иунæгæй уæвгæйæ,
чи зоны æнæ ивгæйæ баззайын
æмæ æнхъæлмæ кæсыны сæрибардзинадæн
аргъ кæнын,
цæмæн аразут мæсгуытæ, хæдзæрттæ чи халы, уыдонæн?
Уе ‘гуыппæгдзинад
мæ зæрдыл æрлæууын кæны
лакъон зæронд уæлмæрдты цыртытæ,
бынтæн мын чи ныууагъта
дымгæйы фыссынады нывæфтыд дæсныйад,
æндон кæрдты æвзистыл уыгæрдтæ кæныны дæсныйад
æмæ тар цæстыты æхгæд цæстысыгты сусæгдзинад, –
уый цæстысыгтæ, чи зоны, иунæг фадат дуне фенынæн:
уемæ иумæ уæлæмæ кæсын
æмæ уынын рæдау уæларвы æгæрондзинад.
Уый у иунæг мадзал ма ахауынæн.
Фæнды мæ уæвын гыццыл дур
дæ бæллицты армытъæпæны,
о, мæ фæллад райгуыран бæстæ!

ÆППÆТЫ ÆХЦОНДÆР МЫСИНАГ

Дуне, фыццаг хатт рудзынгæй кæй федтон,
уый мæ бахгæдта ærвгæрон афтидкъул дурджын хæдзары.
Митæй уыдис ахадгæ урс æмæ ænæхъыгдард æнцойадæй дзаг.
Дыууæаздзыд сабийæ
кастæн ædзынæгæй æфтид хæдзары цæстæнгасмæ
æмæ йын-иу ацахуыстон йæ ивгъуыды чъырæй æмæ йæ
ælыг цæсты къуырфы адджинагæй.
Хæдзары талынг уыд ныййарæгау ænæсым,
дымгæ та ныфсхастæй дуар ærбахоста.
Хъуырхъуыргænаг дуар хъинцгænгæ гом æрцыд,
уынгмæ ратахтæн,
сыгъдæг митджын быдырмæ,
кæм фесæфт куысты бонты ævадатæй мæ мад.
Дуне мыл сæмбæлд уазал сабырдзинадæй,
дымгæйы уайдзæфæй
æмæ дуары гуыппæй мæ чъылдыммæ.
Цымæ цæуылнæ тарстæн?

Уырыссаг ævзагæй БАСИТЫ Зælинæйы тæлмац



Магомед ПАТАХОВ *(1962 – 2020) – авайраг поэт, публицист æмæ тæлмацгæнæг. Уæрæсейы Фыдджыты æмæ Уæрæсейы Журналисты цæдисты уæнг.*

Куыста республикон газет «Истина»-йы уацхæссæгæй, Хунзахы районы газет «Сельский труженик»-ы редакторæй, журнал «Истина»-йы редакторæй, литературон журнал «Дружба»-йы редакторæй (авайраг æвзагыл).

Авайраг æвзагмæ тæлмац кодта дагестайнаг æмæ уырыссаг фыдджыты æмæ поэтты уацмыстæ. Хицæн чиныгæй рауагъта дунеон классикты афоризмтæ æмæ Вадим Дементьевы чиныг «Гамзат Цадаса» авайраг æвзагмæ тæлмацгондæй.

* * *

Амард горæты хохаг нæлгоймаг...
Сау нымæтæй æрцыди æмбæрзт.
Сау машинæйы ‘вæрд уыд мæ коймаг,
Рухс зæгъæг æй нæ фæци æххæст.

Аластой йæ йæхи хъæумæ нæ,
Горæты йын ссардтой бынат.
Хамасхортæй дзы разынд æртæ,
Ингæн æрцыди мызды охыл къахт.

Алцыдæр ‘хцайыл – бынат уа, ингæн,
Нæй зæрдæхалæн хъарæг, цæссыг.
Хохы зындгонд куыд у, афтæ цытæн
Хъæуы се ‘ппæт хæссиккой сæ хъыг.

‘Рмæстдæр йæ бинонтæй хъуысы кæуын,
Иннæты не ‘ндавы мæрдджынты рис.
Дзолгъо-молгъойæ сæ айрох мысын,
Ахæм æдзæлгъæдыл нал кæнынц дис.

Мах хæхты та, авайраг уаз хъæуы,
Зарæгмæ ракæсы, рухс таугæ, мæй.
Горæты къуындæг, æмызмæлд быцæуы
Мæй феныны фадат иуæн дæр нæй.

Мард уыд æрыгон, фæндыræй дæр цагъта,
Фæлæ йæ зæлтæ сты рагæй дæр рох...
Иу къуымы чидæр йæ мондаг бæгæныйæ уагъта,
Чидæр та сæнимæ самадта тох.

Мард йæхæдæг дæр зæдтæй нæ уыди,
Уыд йæ уды Хуыцау та æвæрд,
Рагæгъдæуттыл æргомæй хæцыди,
Никуы сивта йæ архайд, йæ фæнд.

Кæд, мыййаг, ам, нæ горæты искуы,
Мæн æрæййафа царды кæрон,
Курын, бахæссæд хæлæрттæй исчи
Мæн хæхбæстæм хæссыны фæндон.

Хъæу уыдзæн уæд æрхæндæг, сæ кæуын
Хъуысдзæн риссаг зæрдæтæй дæрдты.
Хохагау дунейы рухсæй фæцæуын
Мæн мæ фыдæлты зæххыл фæнды.

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Батрадзы тæлмац



Сабигат МАГОМЕДОВА *(1962) – авайраг поэт, прозаик, Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг, Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг.*

Кусы Махачкалайы А.С.Пушнины номыл республикон фæсивæдон чиныгдоны бæстæзонæн хайады сæргълæууæгæй.

КУЫ АЦÆУОН ÆЗ

Æз дæуæй куы ацæуон фыд боны,
Уарзты аргъуан баззайдзæн рыгъдæй.
Гъеуæд ды куыд сæтдзынæ дæ дойны,
Дон зæххыл куы байсыса мæстæй?

Æз куы нæуал фехъусон мæ уарзты
Сидын, уæд куыд ардзынæн дзæнæт?
Судздзынæн мæ сагъæстæн сæ арты,
Чиудзынæн Сираты хидыл уæд.

Уа цæмæй нæ уарзонад æнусон,
Æз Муи нæ дæн, ды та – Махмуд.
Æз æрмæст мæ хъысмæтæй уый курын:
Ацы рыст ысуæгъд кæнæд мæ уд.

Уадз дзыназæнт дидинджын быдыртæ, –
Зæрдæ афаст уыдоны мæстæй.
Амонд нын нæ баивдзæн æнтыст дæр,
Циндзинад нæй баивæн куыстæй.

Баиу уæнт нæ зарджытæ, ды та сын
Ма фæуадз сæ чындзæхсæв, кæс-ма:
Урс къаба куыд хорз фидауы чындзыл,
Фæлæ йын бæллиц-дзæнæт кæм уа?

Алвæндагыл баззади мæ уарзын,
Зонын уый мæхæдæг æз æрмæст.
Раивта æвзонгдзинад фæлладæй,
Баззад уарзт мæ уды арфы ‘мбæхст.

Уырыссаг æвзагæй БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац



Билал АДИЛОВ *(1967) – лезгинаг поэт, публицист, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг. 2015 азы хорзæхджынгонд æрцыд М.Ю. Лермонтовы номыл дипломæй – «Недаром помнит вся Россия» йе ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «43»-йы тыххæй.*

Билал у лезгинаг æхсæнадон-политикон газет «Самур»-ы бындурæвæрджытæй иу. Газет цæуы Бакуйы.

РАТТ МЫН БАЗЫРТÆ...

Ратт мын базыртæ, ратт мын ныфсытæ,
Æз уæларвмæ ыстæхдзынæн уæд.
Кæнæ амар мæн: халон-дзыгуыртæ
Тарбын мигъæй нымбæрзой нæ хъæд.

Ратт мын базыртæ, амондджын фестон,
Уарзты уацары барвæндæй дæн.
Кæнæ амар мæн, судзын кæд фесты
Уарзты ‘взартæ дæ риуы дæуæн.

Ратт мын базыртæ, ма мæ æмбæхсæд
Мидбыл бахудт дæ фæлмæн фæкаст.
Кæнæ амар мæн, кæд æмæ не ‘хсæн
Ды нымайыс рæдыдыл нæ уарзт.

Ратт мын базыртæ. Дард бæсты ногæй
Уа мæнæн дæуæй «уарзон» зæгъæн.
Кæнæ амар мæн, кæд æмæ рогæй
Нæй ирвæзæн мæ рыстæй мæнæн.

Уырыссаг æвзагæй БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац



Мурад АХМЕДОВ *(1977) – авайраг поэт, публицист, тæлмацгæнæг. Журналтæ «Соколенок» æмæ «Литературный Дагестан»-ы сæйраг редактор. Уыд Расул Гамзатовы номыл музейы директор, телеуынынады равдыст «Итоги недели»-йы амонæг. У Дагестаны Фыдджыты цæдисы преми «Золотой орел» æмæ Расул Гамзатовы номыл премиты лауреат.*

Райгуырд Харьковы Дагестаны адæмон фыссæг Магомед Ахмедов æмæ Дагестаны адæмон фыссæг, тæлмацгæнæг Маринæ Ахмедова – Колюбакинайы хæдзары.

АРФÆТÆ

Уадз цæстытæм арæх сæуæхсид кæсæд,
Уадз рустыл цæстысыгтæй макуы уæд фæд.
Уæ удты фæрныг артæн ма уæд кæрон.
Уадз ивæд æнæмæнгæй тар æхсæв бон.
Уадз зæрдæтæн сомбон ыстыр ныфс хæссæд,
Уадз ивгъуыд уыл аууонау ма ‘фтауæд мæт.
Уадз къахвæндаг разынæд рог æмæ ‘мраст.
Уадз цардамонд батавæнт фарн æмæ уарзт.
Цы уа, уый æрцæуæд, æрмæстдæр нын тар
Нæ зæрдæтæм макуыдæр бадарæд бар.
Уадз базыраей цард уын хъæбыстæ кæнæд,
Уадз амæй фæстæмæ уын рухс амонд уæд.
Уадз рагон бæллицтæ æрцæуæнт æххæст,
Уæ зæрдæтæй маст æмæ сагъæс – æппæрст.
Нæ сомбон уæд райгонд, ‘мæ афтæ æдзух
Цæмæй уа æгæрон нæ зæрдæты рухс.

* * *

Æмæ ‘мбисæхсæв доны та аныгъуылд мæй,
Ирд ыстъалы æрцахса йæ бынат цæмæй.
У цыбырдуг йæ цард, зæххыл чи тауы рухс,
Тары чи гæрды тынтæй тъунелтæ æдзух.

Æмæ мах дæр нæхæдæг стæм рухс тынтæ ‘рмæст,
‘Мæ, фæнда дæ, нæ фæнда, нæ фæндаг – æвзæрст.
Искуы мах дæр фæмынæг уыдзыстæм, нæ арт
Сонт рæстæджы гуылфæнты æрцæудзæни тад.
Махмæ ‘рмæстдæр уыд ацы зæрин тын, стæй рухс,
Уый нæ хъахъхъæдта знон æмæ ауды ‘нус.
‘Мæ хæрз дзæгъæлы ма уа нæ ацыд зæххæй,
Хъуамæ хъахъхъæнæм царды лæвæрттæ фæрнæй.
Рухс æнусон у зилгæ мæнг стъалыты ‘хсæн,
Уыцы царды закъон у хуымæтæг, ныфсæн
Зæрдыл бадар: куы рухс кæнай фидæны бон,
Уæд нæ уыдзæни рохуаты никуы дæ ном.

* * *

Мæ къухы ницы бафтыдис æнцонæй,
Кæд бафтыд, уæд зынтæй æмæ куыстхъомæй.
Мæ куысты муртæ сонт дымгæ фæхæссы,
Фæлæ уæддæр æз уымæй дæр ныфс хæссын.
Рæнхъытæ – милдон, дамгъæтæ – æртæхтау...
Мæ бонтæ – тохы ‘хсаргæрдты цæхæрау.
Æмæ та дурыл сæмбæлы цыргъ цæвæг,
Стæй райгас вæййы рагон фæтк æнæмæнг.
Куы сæмбæлой цъæх дур æмæ æфсæйнаг,
Уæд раргом уыдзæн фидæнæн йæ фæндаг.
Æхсидгæ тыхтæй байдзаг уыдзæн ног бон,
Цæмæй уа царды рог улæфт – æгæрон.
Уадз разынд мæнг зæххон царды рæстдзинад,
Уадз удыл сагъæс бафтыдта зындзинад.
Уæддæр та ныр гæххæтты сыф – цæттæйæ,
Æз иунæг дзырд та агурын зæрдæйæ.

* * *

Æгæрон цин куы нал баззайы царды,
Куы нал вæййы бæрзонд арвыл æврагъ,
Æрсæрфын æз мæ фæллад ных æнкъардæй,
‘Мæ ферттивы ыстъалыйау æртах.

Кæлы къæвдайау зæрдæйы цæстысыг,
Уымæл фæд уадзгæ, рудзынгыл æрмæст.
Æнæхай зæххыл бирæ ис зæрдæхъыг,
Куыд хъуамæ уа лæг амондæй æххæст?
Лæваргонд нын цы цард уыдис рæдауæй,
Уый ног сыфтæ цæмæй уыдзысты дзаг?
Æвæллайгæйæ згъорынц бонтæ хъалæй,
Æмæ æнус дæр нал вæййы нæ фаг.
Æрлæуд нæ зоны иу уысммæ дæр рæстæг,
Æрттивæм саргъы згъæр ælхуыйтау раст...
Цы нæм фæкæсы ног æмæ хæрз хæстæг,
Уый сомбонты фæтар уыдзæн æваст.
Кæны мынæг нæ цин дæр ‘мæ нæ маст дæр,
Нæ сонт ныфсы цæстылуайгæ мæсыг.
Уæддæр цæуæм нæ бæллицтæн сæ размæ,
Цæмæй нæ цард уа рухс æмæ фæрныг.

* * *

Сау мæргътæ арвы тыгъдады тæхынц,
Цавæр уæззау хабар семæ хæссынц?
Абон мæ хъуыдытæ – мæргъты æнгæс,
Уыдонæй бамбæхсæн нæл ис фæрæз.
Суры мæ хуыссæг мын минмырон хъæр,
Фæлæ нæй базонæн фидæн уæддæр...
Ехх, æмæ арвæй изæрмилтæ ‘ртон,
Ногæй цæмæй та мæ сæрмæ уа бон.
Сау мæргъты скæндзынæн урсытæ ‘васт,
Фестдзысты искуы сыгъдæг сыфтау раст.
Фестдзысты ме ‘взонг æмдзæвгæты хуыз,
Рухс фынтау, царды кæй нæ федтон æз.
Цардæй фæнды мæ фæсурын йæ тар,
Арвмæ мæнæн дæр уа кувыны бар.
‘Рцæудзæн мæ рудзынг уæд ногæй тыгъдгом,
Скæсдзынæн уалдзыгон арвмæ та ‘ргом.

Уырыссаг æвзагæй БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац



Ахмедхан АБУ-БАКАР (1931 – 1991) – Кавказы номдзыд фырттæй иу.

Даргинаг поэт, прозаик, курдиатджын драматург, сценарист, публицист Ахмедхан Абу-Бакар литературæмæ аив æмæ дæсны нывæфтыдæй бахаста Дагестаны цард.

Скъолайы фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæци 1956 азы, фæлæ йæм уый фаг нæ фæкаст, æмæ ма бацыд сценаристты курсытæм дæр. Уый фæстæ йæ райгуырæн зæххыл мыхуыры фæрæзты райдыдта йе сфæлдыстадон куыст. Тагъд рæстæджы ист æрцыд Дагестаны Фыдджыты цæдисмæ. Йæ мадæлон æвзагыл фыста æмдзæвгæтæ. 1954 азы рацыд йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Зарево», афæдзы фæстæ та мыхуыры фæзынд йæ поэмæ «Мæстаг кадæг» («Горькое сказание»). 1958 азы чиныгкæсджытæ æхсызгонæй кастысты йæ уацау «Даргинаг чызджытæ» («Даргинские девушки»), уацауæн фæстæдæр стыр аргъгонд æрцыд: мыхуыры рацыд уырыссаг, польшæйаг, францаг, испайнаг, англисаг æмæ немыцаг æвзæгтыл.

Алы азты фæзындысты йæ уацаутæ «Темир-Булат», «Ожерелье для моей Серминаз», «Памятник у дороги», «Медовые скалы», «В ту ночь, готовясь умирать...», «Солнце в гнезде орла», «Мама, зажги солнце», «Снежные люди», «Люди в бурках».

1969 азы Абу-Бакарæн лæвæрд æрцыд Дагестаны Советон социалистон автономон республикæйы адæмон фыссæджы ном.

Абу-Бакар нæ рох кодта сценаристы куыст дæр. 1959 азы фæзынд йæ сценаримæ гæсгæ ист киноныв «Мигътæ лидзынц арвæй» («Тучи покидают небо»). Уый фæстæ – «Сырх фæткъуыты афон» («Пора красных яблок»), «Адам æмæ Хевæ» («Адам и Хева»), «Гепард», «Фæрдгуытæ мæ уарзонæн» («Ожерелье для моей любимой»), «Чегери», «Митын чындзæхсæв» («Снежная свадьба»), «Авд ныфсы арвæрдын» («Радуга семи надежд») æмæ æндæртæ.

Йæ уацау «Къухфыст Хъуыраны сусæгдзинад»-мæ («Тайна рукописного Корана») гæсгæ ист фæстаг киноныв Абу-Бакар нал федта.

УЫЦЫ ‘ХСÆВ, СÆХИ МÆЛÆТМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙÆ…

Уацау
Скъуыддзаг
Пролог цыбыргондæй

Сымах зонут, Буртау-Шурми цы у, уый? Нæ йæ зондзыстут, уымæн æмæ йæм, хæстæг цы хохæгтæ цæрынц, суанг уыдон дæр раджы ферох кодтой фæндаг.

Кæддæр Буртау-Шурмийы цæхгæр лыг фæрстыл къахвæндæгтæ цыдысты дард хæххон хъæутæм, фæлæ уыцы хъæутæм сосавæндæгтæ куы сарæзтой, уæд Буртау-Шурмийы хъæдæй æмæхгæд фæхстæ иуварс аззадысты.

Буртау-Шурми у хæхты хуылфы райгуыргæ ихджын суадæтты æмæ хæххон чысыл цæугæдæтты бæстæ. Фæлæ рагæй нал æрлæууыд ам адæймаг æвдадзы хосау сыгъдæг дæтты цур йæ зонгуытыл – нæдæр суадоны, нæдæр дурты ‘хсæн фæтæн залмы сыфы бын царды æнусон гимн зарæг чысыл цæугæдоны раз.

Доны зыны цъæх-цъæхид арв йæ уæрыкдзарм æврæгътимæ, йæ быны та, цыма сæ кæлæнгæнæг, ауылты цæугæйæ, йæ дари куатæйы дзыппæй бараей хъазæнты хуызы æркалдта, уыйау æрттивынц алыхуызон гыццыл тымбыл дуртæ.

Æз арæх æрцæуын ардæм, цæмæй мæ ницæйаг сагъæстæй, мæ тыхстытæй дзаг уæззау хордзентæ аппарон æмæ сулæфон сæрибарæй, бануазон сыгъдæг дон æмæ цин кæнон æнæвнæлд рæсугъддзинадыл. Цас сæрыстыр- дзинад æмæ стырдзинад ис уыцы карз æдзæмы, цæйбæрц хуымæтæг æмæ бæлвырд у ам алцыдæр бæрзонд арвы бын. Кæс æмæ цин кæн. Хæрис йæ дзыккутæ æруагъта доны сæрмæ, рагзаманты цавддур фестæг цæрæгойау цы хох лæууы, уый хъуынайæ æмбæрзт фæхстыл дæсгай чысыл æхсæр- дзæнтæй кæлы æвзист, æмæ йæ пырхæнты арвæрдын йæ хуызтæ æвдисы. Уый у Чархарила-Мукаче – Æнæниздзинады Сыкъа. О, ам афтæ æнцон улæфæн у, афтæ, цыма дзы æрдз демæ йæхи ‘взагыл дзуры…

Фæлæ ныр Буртау-Шурмийы хæхты хъуысы кусджыты хъæлдзæг хъæлæстæ: йæ цæхгæр къултыл ын бæрзонд хæххон хъæутæм уадзынц электрон тых.

Рагæй дæр Буртау-Шурми зындгонд уыд йæ цæрæгойтæй: цæст тыххæй кæй ахста, уыцы къахвæндæгтыл бынмæ дон нуазынмæ цыдысты хъæддаг сæгътæ, хъæддаг хуытæ сæ хъулон-мулон зæйцимæ, ам хицауиуæг кодта бурбын арс, цардысты дзы мысытæ, фæстаг сау бирæгъы дæр ам амардтой – йæ быдыргъ ныр лæууы бæстæзонæн музейы дзæбидыры быдыргъы фарсмæ.

Фæлæ сырдтæ зынгæ фæкъаддæр сты. Бынæттон цæрджытæ куыд дзурынц, афтæмæй сæ æндæр, дыкъахыг сырдтæ, скуынæг кодтой. Уыцы дыкъахыг сырдтæ фæзындысты, хæсты рæстæг немыцаг фашист хæхтæм куы ‘рбахæццæ, Мælгъæвæджы хæхтæ куы сыгъдысты, Хасавюрты сæрмæ танктæ уромæн адгуытæ куы къахтой, уæд. Уыдон уыдысты хæхты æмæ кæмтты æмбæхст фæдысмудджытæ, диверсанттæ: стыгътой фæндаггонты, постласджыты, тæригъæд нæ зыдтой нæдæр сылгоймæгтæн, нæдæр сывæллæттæн, къахтой колхозтæ. Бирæ дисцæгтæ федтой Буртау-Шурмийы къæдзæх фæрстæ, æвдисæн уыдысты фыдгæнджыты æгад кæронæн дæр, сылгоймæгтæй арæзт куынæггæнæг къорд сæ фæстаджы онг куы ныццагъта, уæд. Къорды раздзæуæг та уыд хъæбатыр Сибхат Карчига, афтæ кæмæй дзырдтой, кæлмæрзæны бæсты хъуамæ худ дара, зæгъгæ, уыцы Сибхат Карчига.

Буртау-Шурмимæ чи ‘рбафтыд, уый Шинка-Кадайы уылты æнæ ацæугæ нæ фæцадаид æмæ федтаид къæдзæхы фарсыл ныллæггомау зæронд тъæпæнсæр хæдзар, йæ тохынайæ цæуæг цъæх фæздæг. Йæ дыууæ гыццыл рудзынджы хæларæй кæсынц искуы иу фæзынæг фæндаггонмæ.

Ам, йæ райгуырæн хъæуæй дæрддзæфгомау, фæстаг азты цæры Сибхат Карчига, кусы хъæдгæсæй. Ничи зоны, цæмæн равзæрста сылгоймаг ахæм иунæджы цард, æрмæст зонынц адæм, стыр маст æмæ бæллæх кæй бавзæрста – йæ дыууæ фырты æмæ йæ мойы афæндараст кодта хæстмæ, фæлæ сæ фæстæмæ ничиуал сыздæхт; дзурынц, зæгъгæ, дам сæм нырмæ дæр æнхъæлмæ кæсы.

Хæдзарæй гыццыл дарддæр ис иу æбæрæг ингæн, æрмæст дзы чи ныгæд ис, уый ничи зоны, – Сибхат Карчига мадзура у.

Фæлæ ацы бонты Сибхаты цыма ивгæ бачынди – ацæргæ сылгоймаг схæлар хъæутæм электрон тых уадзæг кусджытимæ, ауды сыл, хæринаг сын кæны. Уыдон ын йæ куыстæн бафидыны фæнд дæр акодтой, фæлæ сæ Сибхат Карчига сдзурын дæр не суагъта.

Мæнæ та сын абон дæр сихор цæттæ кæны хус дзидзаимæ…

Тынг рæсугъд фæз – бæрзонд кæрдæг, хохы цъассæй цы сыгъдæг

суадон ратыдта, уый… Бæласы бын арты сæрмæ æргуыбыр кодта Сибхат Карчига, иуварс, гыццыл æддæдæр, астæуæй уæлæмæ бæгънæгæй дзыхъхъытæ къахынц лæппутæ.

Уалынмæ сæ иу ныхъхъæр кодта:

– Æнхъæлдæн, хæзнаты æвæрæн ссардтон! Бел цæуылдæр хъыррыст кæны.

Иууылдæр, суанг Сибхат дæр, базгъордтой йæ цурмæ.

Æцæгдæр, бынæй бел хъæбæр цæуылдæр æндзæвыд, фæлæ дур нæ уыд.

– Хъусут?! Уый æз ссардтон, æз!

– Хъусæм, хъусæм, къахгæ кæн!..

Алкæмæн дæр сæ йæ фантази скуыста. Фæнык, æрдæгсыгъд суджы лыггæгтæ… Кæйдæр зæрдыл æрбалæууыд: ахæм дзыхъхъыты-иу хохæгтæ фыхтой уæрыкк кæнæ фыс рагацау сыгъдæг æмæ уæнгтæ кондæй, цармы тыхтæй. Дзыхъхъы бын-иу арт скодтой, йæ сæрыл та-иу ын хъилыл цæхгæрмæ сауыгътой кусарт къалиутæ æмæ сыджытæй æмбæрзтæй. Дыууæ-æртæ сахаты фæстæ-иу дзидза цæттæ уыд йæхи басы фыхæй.

Фæлæ ам та афтæ чи кодта хæринаг? Экзотикæ уарзджытæ? Чи, уый зыдта æрмæстдæр Сибхат Карчига…

Дзыхъхъы ссардтой, ранæй-рæтты чи сызгæ, ахæм æфсæйнаг асыкк: ахæмты-иу ластой киноывты лентытимæ къоппытæ. Лæппутæй чидæр худгæйæ дзуры:

– Ау, нæ рагфыдæлтæ ам киноыв Хазарты каганаты тыххæй баныгæдтаиккой?

Иууылдæр ныххудтысты.

Асыкк хæрдмæ сластой. Байгом æй кодтой æмæ дзы систой, чи сбур, ахæм газеттæ, журналтæ, къоппытæ киноывты лентытимæ. Сæ иуыл дзы фыст уыд: «Свинарка и пастух»…

– Уыдон та дын хæзнатæ! – лæппутæ фыдæнхъæл фесты.

– Фæлæ ам кæцæй фæци?..

– Æз уын нæ дзырдтон, – Сибхат стыхст, æдзæмæй лæууыд газетты сæрмæ. – Хæсты рæстæг ам уыдысты фыдгæнджыты къордтæ, уыдон стыгътой адæмы, фæндаггонты…

Чидæр газет систа. Газетæй æркалдысты салдаты æртæтигъон фыстæджытæ. Сибхат сæ разы йæ уæрджытыл æрхауд, хъавгæ сæ иста, сæ рыгтыл фу кæнгæйæ. Æртæкъуымонтæ æд адристæ, тагъд-тагъд фыстытæ химион кърандасæй, йæ хуыз кæмæн фæцыд, ахæм чернилæйæ…

Сибхат зырзыргæнгæ иста фыстæджытæ, дæс æмæ ссæдз азы размæ фронтæй ærвыст фыстæджытæ, сæ бинонтæм цы фыстæджытæ нæ фæхæццæ сты, уыдон. Иуæй-иутыл дзы уыд мыхуыр æвæрд: «Проверено военной цензурой». Лæппутæй чидæр хъавыд фыстæджытæй иу байгом кæнынмæ, фæлæ йын Сибхат йæ къух ацахста:

– Нæ хъæуы, æриут сæ мæнмæ!

– Цæмæ? Ныр ма кæй хъæуынц, – фæкодта лæппутæй иу, æмæ йæ ныхас йæ хъуыры фæбадт.

– Æз сæ фæхæццæ кæндзынæн сæ хæстæджытæм, – загъта Сибхат Карчига. – Уыдон сæм æнхъæлмæ кæсынц.

«Æз куыд æнхъæлмæ кæсын, афтæ. Ох, уыдоны ‘хсæн дзы мæнмæ дæр куы уаид, мæ иу лæппуйæ уæд та», – хъуыды кодта Сибхат, фыстæджытæ йæ риумæ нылхъивгæйæ.

Аст фыстæджы, аст царды, дæс æмæ ссæдз азы фæстæ азæлæг аст хъæлæсы, аст æртæкъуымон фыстæджы ахаста йемæ Сибхат Карчига Буртау-Шурмимæ, цæмæй сæ ратта, нырмæ дæр ма сæм чи æнхъæлмæ кæсы, уыдонæн…

1

Æнтæф бон скодта. Зæронд Хъасай кæразы бын ауоны бады æмæ авдæныл цъиуты æмæ сырдты нывтæ хъазæн арауæнæй аразы. Рæвдз кусы зæронд лæг, уымæн æмæ йæм абон се ‘рвадæлты чызг Ашура Ибхне-Ширийæ йæ фырты фыртæн авдæнмæ æрбацæудзæн. Мана та лауаситæ ныхасы, æмæ се ‘хсызгон тæф æрмдæсныйы фындзыхуынчъытæ хъыдзы кæны. Иуафон йæ куыст фæуагъта, Мана ныккæндæй схаста дурын туаг æхсыримæ. Дыууæйæ дæр æрбадтысты, хæрынц…

– Бирæ мæ нал хъæуы, фæуыдзынæн æй йе ‘рбацыдмæ.

– Фæуын æй хъæуы, фæуын. Ахæм фæлмæнзæрдæ адæймаджы хъыджы нæй бацæуæн.

– Цымæ цы дзурынц, уый æцæг у?

– Æмæ цы дзурынц?

– Йæхи сывæллæттæ, дам, не сты, нæ.

Мана зæрдиагæй ныххудти.

– Хи-хи-хи! – æрхуымæй йæ сфæзмыдта зæронд лæг, стæй дзæвгар рæстæг хъуыдытæгæнгæ лауаси феууылдта. – Æз дæр ын йæ чындзæхсæвы хабар нæ фехъуыстон. Нæ мæ фæхуыдтой.

– Хæсты рæстæг уыд, хæсты рæстæг, – мæсты кæны Мана,– уæд

адæм чындзæхсæвтæм хоныныл нæ уыдысты, фæндыртæй нæ цагътой, рох дæ фæцис?! Хъæутæм сау гæххæттытæ кæрæдзи фæстæ цыдысты! Ænаккаг æвзæгтæ цыфæнды дæр зæгъдзысты… Æмæ цыппар чызджы æмæ фырт та кæцæй сты?! Уæларвæй æрхаудтой?! Æз федтон, йæ хистæр чызгмæ æд сывæллæттæ куыд æнхъæлмæ каст, мæнæ йæм сæрды чи æрцæуы, уымæ. Сывæллæттæ тæрхъусы лæппынтау сæхи баппæрстой Ашурамæ, «нана, нана!» кæнгæ. Уыдоны дæр сайгæ акодтой? Нæ, нæ, сывæллоны нæ асайдзынæ.

– Йæ лæг хæсты фæмард… – багуым-гуым ма кодта зæронд лæг…

– Йæ ном рох ма уæд. Æмæ дзы цал нал сыздæхт, цал. Ашурайы кой та кæнгæ дæр ма кæн, хорз адæймаг у.

– Æмæ дзы æз дæр, æвзæр у, куынæ зæгъын… Æнгуз дæ нæ хъæуы?

– Мæнæн æнгузхæрæн дæндæгтæ нал ис, дæхæдæг сæ бахæр æмæ дæ куыст фæу. Æз та хъугæн иугыццыл кæрдæг ракæрдон.

Ус æхсырф æмæ бæттæн райста, сындæггай араст хъæдрæбынмæ, зæронд Хъасай дæр ма дыууæ-æртæ æнгузы ахордта æмæ авдæнмæ бавнæлдта. Куыста, сыгъдæг цъæх арвыл рог æврæгътæм скæс-скæс кæнгæйæ, цæмæндæр йæ зæрдыл ærлæууыдысты рагон зарæджы ныхæстæ: «Гъæй, уый чи ис къæсæрыл? Гом дуармæ дæгъæл ма агур…»

2

Куыд фæзæгъынц, æнæ дымгæйæ хъамыл нæ сыр-сыр кæны, æнæ арвæрттывдæй арв нæ нæры. Хъасай алыхуызон хабæрттæ хъуыста Ашурайы тыххæй, кæддæрты ма суанг республикæйы газеты дæр йæ хорзы кой уыдис, фæлæ ма сæ бæлвырд чи хъуыды кæны…

Ашура рæзыд æнæ фыдæй, схъомыл æй кодта йæ куырм мад. Бæгъæввадæй дуканимæ дзулмæ, суадонмæ та донмæ чи згъордта, уыцы мæллæг рынчынхуыз гыццыл чызгæй диссаджы уынджын даргъдзыкку чызг рауад. Хæсты хæдразмæ бахызт дæсæм къласмæ – уый уыд фыццаг дæсæм кълас хæххон хъæу Ибхне-Ширийы скъолайы.

Ævдæм къласы æртындæс чызгæй ма æрмæст æртæйæ схæццæ сты дæсæмтæм. Иннæтæ апырх сты: иутæ сæхи айстой сæ бинонтимæ дард хизæнтæм, иннæтæ, фылдæр астæ кæуыл цыд, уыдон та чындзы агæппытæ кодтой. Ацы æртæ дæсæмкъласон чызгæй – Ашура, Зулейха æмæ Асмыйæ – скъола æмæ район сæрыстыр уыдысты. Ахуыргæнджытæн бафæдзæхстой, цæмæй семæ сæхи фæлмæн дарой.

Æртæ чызджы кæд хæларæй цардысты, уæддæр тынг алыхуызæттæ

уыдысты. Зулейхайы, горæты йын цы бирæ хæстæджытæ æмæ æртæ æфсымæры цæры, уыдон буц дарынц. Йæ рæсугъд дзаумæттæ æмæ цыргъ æвзагæй иннæтæй хицæн кæны. Асмы сыхаг хъæуæй у, æмæ йæ бон дыууæ хатты – райсомæй æмæ ахуыры фæстæ – фистæгæй цæуын бахъæуы авд километры.

Асмы Зулейхайы хуызæн бæрбæра нæу, фæлæ у тынг ныфсхаст: йæ къухмæ хæфс кæнæ калм дæр систаид. Иухатт та зымæджы бирæгътыл амбæлд, куыйтæ сæ фæхуыдта æмæ сæ лæдзæгимæ асырдта. Уый фæстæ, хæдзармæ куы бахæццæ, уæд базыдта, сæ сыхæгты роды сын бирæгътæ кæй аргæвстой, æмæ уæд æрæджиау фæтарст. Асмы чындзыцыд уыдис, æмæ уыцы бонæй фæстæмæ скъолайы онг æмæ скъолайы фæстæ дæр йемæ цыд йæ лæг Мустафа. Бирæтæм диссаг каст: уый та куыд – моймæдзыд сылгоймаг скъоламæ цæуы. Æрмæст йæхи нæ, фæлæ ма йын йæ лæджы дæр зондцух хуыдтой.

Зулейхайы дæр фæстаг рæстæг бирæ курджытæ уыд, фæлæ сæ-иу чызджы ныййарджытæ уæзданæй афæндараст кодтой, чызг ахуыр кæны, зæгъгæ. Зулейха-иу йæхæдæг арæх афæнд кодта йæ ахуыр ныхъхъуытты уадзын æмæ йæ усгуртæй искæцымæ смой кæнын. Йæ къæйных рафæрс-бафæрсæй-иу Асмы ныфсæрмы. Ашура та ахæм æдзæлгъæд ныхæстæй йæхи хызта.

Иуахæмы та Зулейха Асмыйæн æвирхъау æвзарæн æрхъуыды кодта: скъолайы фæстæ уыдонмæ уыд, æмæ йыл агъуысты дуар сæхгæдта – фенæм, дæ лæг, дам дæ куыд уарзы… Æмбисæхсæв хъæууынгты айхъуыст бæхты сæфтæджыты хъæр æмæ куыйты рæйын. Уыдон уыдысты Мустафа æмæ Асмыйы æфсымæртæ. Зулейхайы хынджылæг æгæр карз рауадис – уæдæй фæстæмæ Асмыйы скъоламæ нал рауагътой.

Кæд Зулейха, йæ уæгъд рæстæг цы фæкæна, уый нæ зыдта, уæд Ашурайæн та йæ бирæ кæнинæгтæн рæстæг нæ фаг кодта – цæстæй чи нæ уыдта, уыцы мадмæ кæсын хъуыдис, ноджы хъуг дуцын, дон хæссын, хæринаг кæнын, гæрстæ ‘хсын, хуыйын, фосмæ зилын. Хæдзары куыстытæ иууылдæр Ашурайыл æнцадысты. Мад тынг разы уыд йæ чызгæй æмæ Хуыцаумæ куывта, цæмæй йын амонджын фæуа, хорз лæппу йæ ракура.

Ашура æмæ йæ мады хæстæгдæр сыхаг уыд бирæсывæллонджын къуылых Хамзат Мазгар. Лæгæн йæ фыццаг усæй баззад лæппу – Алыбег, ахуыр кодта горæты æфсæддон училищейы, æрæджы йын цы дыккаг ус амард, уый та йæ ныууагъта фондз сывæллонимæ, сæ иуæй иннæ

къаддæр – кæстæрыл цыдис иу аз æмæ цалдæр мæйы. Фæлмæнзæрдæ æмæ куыстуарзаг Ашура æххуыс кодта уыдонæн дæр. Хамзат дæр ын йæ хорздзинад хорздзинадæй фыста, зымæгмæ сын-иу бацæттæ кодта сугтæ, сæ фосæн-иу сын йæхи фосы холлагæй рахай кодта.

Нырмæ дæр адæмы зæрдыл лæууы, цыппор фыццæгæм азы цы диссаджы райдзаст уалдзæг уыдис хæхты, уый. Раст уыцы тæккæ уалдзæджы Махачкалайы арæнхъахъхъæнджыты училищейы курсант, Хамзаты хистæр фырт, сæхимæ æрцыд улæфты рæстæг. Бæрзонд, фидæрттæконд лæппуйыл тынг фидыдта йæ сырхæфсæддон дарæс. Йæ даргъ цинелы уыд зындгонд командыгæнджыты æнгæс. Афтæ ахъуыды кодта Ашура, æнæнхъæлæджы йыл, сæ сыхæгтæм фæцæйцæугæйæ, куы амбæлд кæрты дуары цур, уæд.

– Æгайтма дзæбæхæй æрхæццæ дæ, – сдзырдта Ашура æфсæрмыгæнгæйæ. Йæ сæр æруагъта, афтæмæй йын йæ цæсты хауты бынæй кастис йæ цинелы фæдджитæм æмæ йæ цæхæртæкалгæ цырыхъхъытæм.

– Бузныг, мæ сыхаг. Базонæн дæр дæ куынæуал ис, Ашура!.. – зæрдиагæй бадис кодта Алыбег. – Кæсут-ма, цы чызг рауад гыццыл Ашурайæ? Дæ мад куыд у?

– Куыд уыди, афтæ, Алыбег, куыд уыди, афтæ, – скаст æм йе стыр сау-сауид цæстытæй æмæ та сæ æвиппайды фæстæмæ æруагъта.

– Салæмттæ-иу ын ратт, – къуызгæ сдзырдта курсант.

– Æнæмæнгæй, Алыбег. Æмæ бирæ бафæстиат уыдзынæ ам?

– Бирæ, бирæ. Æнæхъæн мæй.

– Æмæ уый бирæ хоныс? – сирвæзт Ашурайæ. Йæ ныхæстæй фефсæрмы, фездæхт æмæ фæцæуæг, цæмæ цыди, уый дæр ма дзы ферох.

Скъолайы Зулейха Ашурайæн йæ хъустæ бафæллайын кодта, хъæуы кæрон Алыбегыл куыд амбæлд, уыдæттæ дзургæйæ.

– Фыццаг æй зонгæ дæр нæ бакодтон, машинæйæ куы рахызт, уæд, ахæм хъуыддагхуыз ссис. Сатæгсау рихитæ дæр рауагъта, зæрватыччы базырты хуызæн. Æмæ мæм куыд бакаст, уый та! Æвиппайды мæ базыдта, хъæбыстæ æмæ мын батæ кæнынмæ фæцис, уым сæм горæты куыд фæкæнынц, афтæ, фæлæ йæ æз нæ бауагътон. Цы ædзæсгом сты ацы горæтæгтæ… Фæлæ уæддæр се ‘ппæтæй хуыздæр у! Цы, уый зоныс, Ашура, урокты фæстæ уæм бауайдзынæн, сыхæгтæ куы стут, ау, нæ йæ федтай? Уæвгæ дыл æмбæлгæ куы акæна, уæддæр дæ уынгæ дæр нæ фæкæндзæн…

Ашурайæн хъыг уыдысты чызджы ныхæстæ, дзургæ ницы скодта,

ærmæst ахъуыды кодта: «Раст у, Алыбег цæй номыл хъуамæ фена мæн Зулейхайы хуызæн рæсугъды раз». Фæлæ кæмдæр йæ зæрдæйы арфы æрттывта ныфсы таг. Ахæм арты рухсы таг вæййы хæхты, дардæй фæтæпп-фæтæпп фæкæны, куы фæзыны, куы та æрбайсæфы…

– Куыд дæм кæсы, Ашура, Алыбегыл архъан баппарын бауыдзæн мæ бон? – гыццыл кæсæнмæ кæсгæйæ, цыма йæ къахгæ кодта, уыйау та йæ афарста Зулейха.

Ашура сабыр хъæлæсæй сдзырдта:

– Уыйбæрц гыццыл хотæ æмæ йын æфсымæр ис…

– Æмæ уыдон та уымæ цы бар дарынц? – нæ йæ бамбæрста Зулейха.

– Чи сæм кæсдзæн, чи сæ хъомыл кæндзæн? – бадис кодта Ашура.

– Цытæ дзурыс, цы? Уыцы къуылых йæхæдæг ракурæд ус!.. – ныххудтис Зулейха. – Цæй хотæ æмæ ‘фсымæр сты Алыбегæн? Уыдонæн æндæр мад ис. Æмæ ма уымæй уæлдай æфсæддон у, хъæуы нæ цæрдзæн, æз йемæ горæтмæ афардæг уыдзынæн, – йæ бæллицтæ нывæнды Зулейха.

Куыд разынд, афтæмæй Зулейхайæн алцыдæр хъуыдыгонд уыд. «Цæй ныфсджын у, стæй ма æдзæсгом дæр», – ахъуыды кодта Ашура.

– Æмæ ды та цы? – Зулейха ныххæцыдис йе ‘мбалы къухыл, йæхирдæм æй фæзылдта. – Ды цы? Уарзгæ йæ бакодтай? – йæ къухтæ кæрæдзийыл ныццагъта. – Нæ мæ уырны! Хъуыды дæр дæ не ‘ркæндзæн… Ахъуыды ма кæн: ды æмæ Алыбег!

Ашура дзы дарддæр ацыд: ныр æй æнæхъæн скъолайыл ныхъхъæр кæндзæн æмæ йæ ныдздзырддаг кæндзæн.

Изæры йæ мадимæ стыр тасы сæ сыхаджы кæстæр сывæллæтты куыд надтой, афтæ сæм Зулейха фæзынд къæрццарæзтæй.

– Чи ‘рбацыд? – афарста мад.

– Зулейха.

– Йæ цæрæнбон бирæ, кæй нæ абæрæг кодта. Æрбадын æй кæн, мæ чызг, истæмæй йæ хорз фен.

«Ма тыхс, ахæмы цæуыл æрбадын кæнон æмæ йæ хорз цæмæй фенон, уый нæм нæй», – зæгъын фæндыд Ашурайы, фæлæ ницы сдзырдта. Зулейха та сын сæ сыхæгты хæдзары тыргъмæ ныдздзагъыр.

– Нæ йæ федтай? – сусæгæй афарста Ашурайы.

– Нæ.

Ашура, гыццыл чызгыл дзаумæттæ кæнгæйæ, хъуыды кодта: «Ау, æфхæргæ мæ кæй кæны, уый не ‘мбары? Æви мæ адæймагыл дæр нæ нымайы?..»

– Адон та кæй сывæллæттæ сты?

– Хамзаты.

– Æмæ сын ды та æххуырст дæ? – мæстæймарæгау та афарста Зулейха. – Дзæгъæлы дæхи тухæнæй марыс, мæ хæлар, Алыбег…

Стæй йæ ныхас æрдæгыл фескъуыд: Алыбеджы ауыдта уынджы æрбацæйцæугæ, йæ номæй йæм фæдзырдта æмæ йæ размæ асинтыл æрызгъордта. Ашура йæ фæдыл кæсгæйæ баззад. Зулейха базгъордта Алыбегмæ, йæ къух ын райста æмæ, йе уæхсчытæй хъазгæйæ, йемæ цæуылдæр дзурын райдыдта.

Фæлæ бирæ нæ аныхас кодтой. Алыбег йæ хæдзары ‘рдæм араст, Зулейха та кæрты дуары рæзты асыффытт кодта, Ашурамæ йе ‘взаг фелвасгæйæ: ома афтæ гъе, мæн куы бафæнда, уæд кæйфæнды дæр къухылтухгæ акæндзынæн.

…Изæры, куы ‘рталынг, уæд Хамзат кæстæр сывæллæтты иу сынтæджы бахуыссын кодта æмæ сæ стыр хъæццулæй бамбæрзта. Йæхæдæг Алыбеджы фарсмæ æрбадтис пецы комкоммæ. Фырт-иу арæх хъуыдытæ кодта, йæ фыд ус цæуылнæ куры, æнцондæр ын куы уаид, зæгъгæ, фæлæ æгъдау фыды уымæй бафæрсыны бар нæ лæвæрдта. Зæгъгæ, срæдыд æмæ йæ афарста, уæд зыдта, цы дзуапп фехъусдзæн, уый: «Мæ лæппу, уый дæ уынаффæ нæу, фыдæн зонд нæ амонынц, айк карчы ахуыргæнæг нæу».

Сывæллæттæ хъомыл кæныны хъуыддаджы къуылых Хамзат карз уыдис, нæ уарзта уæлдай рæвдыдтытæ, хъуамæ йæм æнæ хъыпп-сыппæй хъуыстаиккой, афтæ нæу, зæгъгæ, уæд-иу хатгай йæ ронмæ дæр февнæлдта.

– Алцыдæр хорз уаид, мæ лæппу, – райдыдта Хамзат, лулæйæ арф сулæфгæйæ. Йæ саулагъз цæсгом йæ арф æнцъылдтимæ уыдис фыр тæвдæй скъуыдтæ зæххы хуызæн. – Фæлæ знон Гудеканы зæрæдтæ дзырдтой, афтæ æмæ, дам, афтæ, Гитлерæй хи хъахъхъæнын хъæуы. Ууыл ныхас дæр нæй, дæхи хъуамæ фыддæрмæ цæттæ кæнай, хуыздæр та махæй нæ аирвæздзæн… Фæлæ ды æфсæддон дæ, уыцы хъуыддæгтæ махæй дзæбæхдæр зоныс. Ноджы ма ныр хæдзардарæг дæр сдæ, хибар. Фæлæ уæртæ уыдоныл риссы мæ зæрдæ, – Хамзат лулæйæ ацамыдта фынæй сывæллæттæм. – Æнæ мады рæвдыдæй хъомыл кæнынц. Мæнæй цæй хъомылгæнæг ис…

– Раст дæ, раст, мæ фыд… – ныуулæфыд Алыбег. Æмæ ахъуыды кодта: «Æвæццæгæн, кæдæй-уæдæй ус æркæнын сфæнд кодта...»

Фæлæ йын уымæй афæрсынæн дæр хæхты æнæфыст æгъдау бар нæ

лæвæрдта. Де ‘мбæлттимæ цæуылты дзурыс, уыдæттыл дæ фыдимæ нæ дзурдзынæ; хистæрæн йæ бон у уыдæттыл аныхас кæнын кæстæримæ, кæстæрæн та – нæ.

– Цал азы дыл цæуы, мæ лæппу?

– Дыууæ æмæ ссæдзæм райдыдта.

– Кæсыс, ныр лæг дæ. Раст зæгъгæйæ, æз мæхæдæг ус дæсæмæссæдзаздзыдæй ракуырдтон, фæлæ ныр æндæр рæстæджытæ сты, æндæр уавæртæ… Искæуыл æрхæцыд дæ цæст?

Лæппу фембæрста, хабар цæй мидæг ис, уый! Хъуыддагæн уыцырдæм фæзилын æнхъæл нæ уыд æмæ фефсæрмы.

«Мæ ускуырд та ардæм цы бар дары? – ахъуыды кодта лæппу. – Цæмæй мæ ус ам цæра æмæ мын мæ хоты æмæ ме ‘фсымæры хъомыл кæна?!»

Йæ зæрдыл æрбалæууыд Пушкины номыл уынг Махачкалайы, къуыбыры сæр, училищейы уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæджы чызг Светæ кæм цæры, уыцы хæдзар. Светæйæн зæрдæ бавæрдта хохмæ акæнынæй, фæлæ фæстагмæ йæ фæнд фæивта: ахæм уазæгимæ хъæуы фæзынд, зæгъгæ, уæд цæуылты нал ахъуыды кодтаиккой адæм, фыццаджыдæр та йæ фыд…

– Цæуылнæ исты зæгъыс, мæ лæппу?

– Æмæ цы зæгъон, мæ фыд? Ничи мын ис, – æфсæрмæй ницы схъæр кодта Алыбег фыдæн.

– Бузныг, мæ лæппу, фенцондæр мын, – фыды цæсгом барухс. – Æз та ма тæрсгæ кодтон, мыййаг, зæгъын, кæд дæ зæрдæмæ исты горæтаг фæцыд уæртæ Айдамиры фырт Шахбанау. Горæтаг чызг ракуырдта, æмæ ныййарджытæ ферох сты сæ фыртæй! Кæддæр Айдамир афтæ, цæй фырт, дам ма мын у, – Шахбан, дам, фыдæлты бæласæй йæхи къалиу йæхæдæг акъуырдта… Горæтаг, мæ лæппу, махæн не сбæздзæн! Уый мах нæ бамбардзæн, махæн та уый бамбарын уыдзæн зын.

– Æмæ мын хъæуы дæр куы ничи ис! – фæтыхст æмæ рæвдз æмбарын кæнынмæ фæци Алыбег.

– Хуыздæр æркæс, мæ лæппу… Чызджытæ бирæ ис, алыхуызæттæ. Мæнæн дзы иу мæ зæрдæмæ тынг цæуы: хæдзардзин, æнæзивæг, хæларзæрдæ.

«Омæ йæ дæхæдæг ракур, кæд афтæ тынг цæуы дæ зæрдæмæ, уæд!» – йæхинымæр ахъуыды кодта Алыбег, æмæ йæ мæстæлгъæд мидбылхудт нæ аирвæзт фыды цыргъ цæстæй.

– Нæ, мæ лæппу, ды дæ зæронд фыдыл худгæ ма кæн. Адæймаг æппынæдзух æнæниз нæ вæййы, æмæ мын ды та ме ‘нæниздзинад зоныс:

иу бон – цæугæ, дыууæ – хуысгæ. Ахъуыды-ма кæн, мыййаг исты, уæд сидзæртæ цы фæуыдзысты? Адæмы тæригъæддагæн сæ аппарæм?.. Ау, дæ сæрмæ уый æрхæсдзынæ, мæ лæппу? Нæ, нæ, ды, дæ хорзæхæй, ахъуыды кæн, уый курæг дæ дæн, мæ лæппу.

Ныры хуызæн ын никуыма лæгъстæ кодта йæ фыд, æмæ уый Алыбегæн тынг зын уыд; йæ хъуыдытæ сæры схæццæтæ сты. Нæ йæ зыдта, ныхас иннæрдæм куыдæй фездаха, цæмæй йæ фыды дæр ма фæхъыг кæна… Æмæ, æцæгæйдæр, бынтон зылынджын нæу, æфсымæр æмæ хотыл дæр ахъуыды кæнын хъæуы.

Уыцы ныхасмæ Хамзат нал раздæхт. Фæлæ Алыбегмæ афтæ кæсын райдыдта, цыма уыцы изæрæй фæстæмæ сæ къæсы арæхдæр райдыдта уынын се ‘взонг сыхаджы. Сывæллæттæ Ашура æмæ йæ мадыл тынг æнувыд уыдысты, æмæ уый диссаг никæмæ каст: хъæуты адæм арæх æххуыс кæнынц кæрæдзийæн, кæрæдзиимæ дих кæнынц арт, æхсыр; ды абон ракодтай хорз – дæуæн та райсом ракæндзысты.

Фæлæ ма дзы ноджы æндæр цыдæр уыдис. Алыбег райдыдта Ашурайæ фыстæджытæ исын. Фыццаджы йæм ныффыста йæ уарзты тыххæй, æцæг цыбыр æмдзæвгæты – хабкубтиты руаджы. Дыккаджы та йын, ныр уырыссагау, фембæлд снысан кодта суадоны цур, уæлмæрдты фæстæ; æмæ дзырд «уæлмæрдты»-йы скодта æртæ рæдыды. Уый та дын сæ сабыр, æфсæрмыгæнаг сыхаг!..

Алыбег Ашурайы сæ кæрты ногæхсад гæрстæ телыл ауындзгæ баййæфта.

– Салам, Ашура! – курсант æрбадт дурæй конд схизæныл, йæ худ систа æмæ йæ ных асæрфта.

– Дæ бон хорз, Алыбег!

Ничи йын дзырдта йæ ном афтæ. Цыма йæ алы дамгъæ дæр фæндыры æнæуынгæ тæн уыд æмæ йыл Ашура цагъта.

– Скъолайы ахуыр кæныс?

– О, – чызг йæ цæстытæ æруагъта.

– Кæцы къласы?

– Дæсæмы, Алыбег.

– Дæсæм къласы хъуамæ æнæ рæдыдтытæй фыссын зонай.

– Æз дæр архайын, Алыбег. Фыссынæй мын хорз бæрæггæнæнтæ ис, Алыбег.

Афтæ арæх ын цæмæн дзуры йæ ном? Æхсызгон хъæлæсæй, фæлæ æгæр арæх æхсызгондзинадæй дæр фелгъæд уæвæн ис.

– Царды та бирæ рæдыдтытæ кæныс, – йæ риуы дзыппæй систа дыууæ гæххæтты сыфы дыдæгътæгондæй. – Мауал фысс ацы фыстæджытæ!

Систад, гæххæттытæ йын йæ къухы фæсагъта æмæ асинтыл уæллаг тыргъмæ фæраст.

Ашура фыстæджытæ райста, иу дзы райхæлдта. Цæмæй ма ныхъхъæр кæна, уый тыххæй йе ‘нгуылдз дæндæгтæй нылхъывта. Стæй, сывæллæттæм кæсгæ дæр нал фæкодта, афтæмæй кæртæй лидзынмæ фæцис. Уыдон ма йæ фæдыл хъæр кодтой: «Ашура, мах дæр демæ акæн».

Хæдзармæ æрбазгъордта, фæлæ уæлæмæ не схызт – мад æй фехъусдзæн, фосæн хос кæм дардтой, уым йæхиуыл дуар сæхгæдта æмæ зæрдиагæй фæкуыдта. «Цæй тыххæй? Цæй тыххæй? – йæ сæр-иу хæрдмæ фелвæста, стæй та-иу æй фæстæмæ йæ уæрджытыл æрæппæрста: «Уæуу, куыд саузæрдæ, куыд æгъатыр у! Цæй худинаг у, цæй, уæуу, цытæ бакуыста!..»

Уыдæттæ кæй митæ сты, уый йын цы базонын хъуыдис.

Ашура ногæй, фыр æфсæрмæй сырх кæнгæйæ, бакастис фæстаг фыстæг. Æмæ дын уалынмæ афæнд кодта... Базгъордта мидæмæ, скаст сахатмæ: фыстæджы цы рæстæг амынд уыд, уымæ ма ссæдз минуты баззад…

Алыбег фæфæсмон кодта, чызгимæ афтæ тызмæгæй кæй дзырдта, ууыл. Ноджы ма йыл ныр йæ гыццыл хотæ кæугæйæ сæхи ныццавтой, цæмæн æй бафхæрдтай, зæгъгæ. Стæй дын æй уæд хоты хистæр æнæнхъæлæджы йæхимæ æргуыбыр кæнын кодта æмæ йын сусæгæй йæ хъусы дзуры, фыстæджытæ, дам, Зулейха фыста. Алыбег фыр мæстæй тымбыл къухæй стъол ныггуымс кодта…

Ашура згъордта, уæлмæрдты фæстæ цы суадон ис, уымæ, – Зулейха Алыбегæн фембæлд кæм снысан кодта, уырдæм, йæ зæрдæ цыма раст йæ разæй згъордта, афтæ.

Суадоны цур ауыдта Зулейхайы.

– Сæрхъæн, сæрхъæн, сæрхъæн! Хъæхъхъаг æрра куыдз!

Йæхи дæр не ‘мбæрста, афтæмæй йæ фæндыдис уыцы æдзæсгомæн йæ цæстытæ акъахын. Фæлæ Зулейха тыхджындæр уыд æмæ йæ æнцонæй йæхицæй ассыдта. Ашура пысырайы пыхсыты ныххауд.

– Уый дæхæдæг дæ æрра! – мæстыйæ йын дзуапп радта Зулейха, йæ былтæ æхсынгæйæ. – Худинаг дæр дæм нæ кæсы йæ хæдзармæ згъорын? Арв дæ æркъуыра!

– Цы? – тæригъæддаг куыд ныккодта Ашура. – Сывæллæттæм куы кæсын æз… сывæллæттæм… Сахуыр мыл сты, æмæ сын цы акæнон?..

– Зонын æз уыцы сывæллæтты! Дзæгъæл гæды ныхæстæ ма кæн!

– Ныууадз мæ иу ран! Мауал фысс фыстæджытæ!

– Æмæ дзы уый сæр ницæмæнуал хъæуы. Мæн фæндыдис базонын, Алыбег дæм цы зæрдæ дары, уый, – æвиппайды æрбахъуыды кодта Зулейха. – Кæсæд-ма йæм исчи, йæхицæн æрхъуыды кодта, цыма йæ Алыбег уарзы!

Ашурайы уым фæуагъта æмæ йæхæдæг лидзæг фæци.

Ашура йæ цæсгом суадоны донæй æрæхсадта. Цæлхыдзаг мæй стъалыджын арвæй йæ рухс бынмæ уагъта, æмæ даргъ аууæттæ зæххыл хуыссыдысы. Иуафон аууæттæй иу фезмæлыд. Ашура фесхъиудта: уый уыдис Алыбег.

– Ныххатыр мын кæн, Ашура, мæ рæдыд, – айхъуыста зонгæ хъæлæс.

– Ныууадз, Алыбег, – схæкъуырцц кодта чызг. – Цæуыл дæм хъуамæ хæрам кæнон?

– Сывæллæттæ мæ сæ разæй ахастой, хатыр ракур, зæгъгæ, ныллæуыдысты. Æмæ бахатыр кæн, стæй дын бузныг, цы хорздзинæдты нын цæуыс, уый тыххæй. Æнæ дæуæй мæ фыдæн тынг зын уаид.

– Цытæ дзурыс. Уыйбæрц ницы аразын.

– Цом, Ашура. Акæс-ма, цы дзæбæх æхсæв скодта, уымæ.

Чызг хæрдмæ скаст. Сæ сæрмæ йæхи айвæзта стъалыджын тарцъæх арв.

Дыккаг бон Алыбеджы æвæстиатæй цæуын бахъуыд йæ ахуыры бынатмæ – фæсидтысты йæм. Бирæ адæм æй фæндараст кодтой æфцæгыл. Хохæгтæ афтæ фæдзурынц: «Абон мæ ды банымадтай, рæстæг куы ‘рцæуа, уæд дын дæ хæс ратдзынæн». Ашурайыл сæхи баныхæстой, афтæмæй лæууыдысты Алыбеджы хотæ æмæ ‘фсымæр. Рæвдаугæ каст æм бакодта, хæрзбон дзургæйæ, Алыбег дæр. Йæ мидбылты йæм бахудт…

Мæйы фæстæ райдыдта хæст, æмæ уыцы бон Ашурайæн ссис дыууæ хатты æнамонддæр бон – йæ сынтæгæй нал сыстад йæ мад. Амардис куырм сылгоймаг, хæсты хабар фехъусгæйæ.

Уалынмæ Алыбегæй фыстæг райстой: хистæр курсыты фæсивæды æрвыстой фронтмæ. Фыстæджы Алыбег йæ фыдæй куырдта, цæмæй йæ номæй Ашурайæн тæфæрфæс ракæна.

Ашура дзæвгар рæстæг йæ мадыл сау фæдардта. Бонæй-иу, Хамзаты сывæллæттимæ архайгæйæ, йе ‘рхæндæг хъуыдытæй фæцух, фæлæ йыл-иу æхсæвы йæ иунæгдзинады сагъæстæ æртыхстысты. Сæ къæсы æрмæстдæр хъуысти, чырыны фæстæ мыст пъол куыд æхсыны, уый…

Ашура чингуытæ каст, фæлæ фæтæген нæ фаг кодта: хъæутæм æй

ныр афтæ арæх нал ластой, æмæ-иу сидзæр чызгмæ, чи зоны, æппындæр не ‘рхаудаид, Хамзат куынæ уыдаид, уæд.

Иухатт, æнæарт агъуысты уазал сынтæджы хуысгæйæ, чиныджы куыд кастис, афтæ æнæнхъæлæджы чидæр дуар æрбахоста. Мидæмæ æрбахызт Хамзат йæ хистæр чызг Зейнабимæ.

– Афтæ уæдæ, мæ къона, – æнæ исты разныхæстæй райдыдта сыхаг. – Мах, бинонтæ, бауынаффæ кодтам æмæ …

– О, иууылдæр, æз дæр, Курсум дæр, Айша дæр æмæ не ‘фсымæр дæр! – йæ ныхас ын йæ дзыхæй аскъæфта Зейнаб. – Мах не ‘ппæты дæр фæнды, цæмæй махмæ цæрай!

– Зонын æй, ды ахъуыды кодтай: «Адæм та цы зæгъдзысты?» – дарддæр йæ дзырд кодта Хамзат. – Райсом æз æрбахондзынæн дзырддзæугæ адæмæй цалдæры, мæ чызг, æмæ сын фехъусын кæндзынæн, ды мæ чындзаг кæй дæ, Алыбег куы ссæуа, уæд дæ кæй ракурдзæн, уый.

– Куыд? – фесхъиудта чызг.

– Алыбег сыздæхдзæн, æмæ диссаджы чындзæхсæв скæндзыстæм.

– Æмæ йæ Алыбег йæхæдæг дæр зоны?!

– Зоны, – йæ удмæ тæригъæд райста зæронд лæг. – Куы цыдис, уæд мын йемæ уыдис ныхас.

– Æмæ разы у? – бацин кодта Ашура.

Алыбег йæ фыды ныхасыл дыууæ кæй нæ зæгъдзæн, ууыл Хамзат дызæрдыг нæ кодта. Йæ бон суыдзæн йæ фырты сразы кæнын.

– Ацæрдзыстæм иу хæдзары, уæ хъуджы дæр не скъæты бакæндзыстæм мах стуртимæ. Æмæ суг дæр къаддæр хардз кæндзыстæм. Ды мæ фырты номыл дæ… Нæ, ды мæ фырты бинойнаг дæ!

«Чындзаг», «бинойнаг»…

Чызгæн йæ сæр зылдис.

Дыккаг бон, райдзаст зымæгон райсом, æртæ дзырддзæугæ лæджы Ашурайы, ацы бонмæ кæй æвæрдта, уыцы дарæсы Хамзаты къæсмæ бахизын кодтой йæ фырт Алыбеджы номыл.

Хабар уайтагъд айхъуыстис хъæуыл. Иутæ йыл бацин кодтой, Алыбег ам куы уыд, уæд дæр бæрæг уыд, афтæ кæй уыдзæн, уый, зæгъгæ. Иннæтæ худтысты: мæнгард зæронд йæхирдыгæй фæкодта сидзæр къæс, йæхицæн та, къуылых хæйрæг, ус æркодта, зæгъгæ…

Зулейхайы зæрдæйы маст хæлбурцъ кодта, æмæ дзырдта:

– Æз æй зыдтон, зыдтон, уыцы сидзæр æхсæвыгæтты гæдыйау куыд бырыдис Алыбегмæ.

– Худинаг, худинаг! – сæ сæртыл-иу ныххæцыдысты дзырдмондаг сылгоймæгтæ.

– Куыд гæнæн ис уымæн? Куыд дзурыс афтæтæ, Зулейха? – уайдзæф ын кодтой æртыккæгтæ.

– Йæхи йын бафæрсут. Фыстæджытæ дæр æм æрвыста, – Зулейхайы æфхæрд зæрдæ агуырдта мастист.

– Дæ-дæ-дæй, адæмæн хæйрæг цытæ кæны. Хъуыды дæр нæ акодтаис, ахæм разындзæн, ууыл. Дзæгъæлы нæ дзурынц: сабыр гæды æхсыр нæ нуазы, æхсыры сæртæ хæры! – ампъызтой-иу æй иннæтæ.

Ахæм фыдгойтæ кодтой сылгоймæгтæ суадоны цур. Æмæ сæ Ашура йæхи хизын райдыдта, донмæ-иу цыдис кæнæ сæумæрайсом, кæнæ изæрдалынгты.

Иуахæмы Хамзат Ашурайы баййæфта стъолы цур тетрад æмæ ручкæимæ. Бадт, йæ хъуыдыты аныгъуылд, афтæмæй.

– Цы, мæ чызг, фыстæг фыссыс?

– О, фысгæ бæргæ бирæ ныккодтон, фæлæ дзы æрвитгæ иу дæр нæ акодтон, – басаст Ашура.

– Цæуылнæ, мæ чызг? Арвит æм æнæмæнг. Тынг бацин кæндзæн.

Æмæ арвыста Ашура Алыбегмæ фыстæг.

«Салам! Салæмттæ дæм дæ фыд Хамзатæй, дæ хотæ Зейнаб, Истак, Курсум, Айшайæ, де ‘фсымæр Иса æмæ дæ сыхаг Ашурайæ. Махыл ма тыхс, мах дзæбæх стæм, ницы хъуаг æййафæм. Нæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад, æмæ кувæм, цæмæй дæ Сфæлдисæг бахъахъхъæна. Алы бон дæр дæ æрымысæм, фæкæсæм, авджы бын дын цы къам ис, уымæ. Мах иууылдæр иумæ нæ къам систам æмæ дын æй дæ фыд фыстæгимæ арвыста. Æз дæр сымахмæ цæрын, нæхимæ уазал у, стæй иунæгæй... Куы ссæуай, уæд зæгъдзынæ, мæнæн куыд кæнгæ уа, уый. Тынг дæ мысæм, æнхъæлмæ дæм кæсæм. Иу бон дæ куы суæгъд кæной, уæд дæр-иу æрцу. Тынг дыл фæцин кæндзыстæм. Дæ фыд тыхсы, фыстæг дæ кæй нæй, ууыл. Кæд дын нæй рæстæг, уæд æрмæст иу дзырд ныффысс кæнæ та æрмæст адрис. Уый йын тыхтæ ратдзæн. Æддæмæ йæ не ‘вдисы, фæлæ цæмæндæр мæллæгæй-мæллæгдæр кæны. Ныффысс, Алыбег! Æз мæ зæрдыл дарын, мæ фæстæ суадонмæ куы ныццыдтæ, уыцы мæйрухс æхсæв, дæ цæстæнгас. Бузныг дын, Алыбег. Бирæ цыдæртæ мæ фæндыд ныффыссын, фæлæ мын нæ рауад. Бахатыр кæн мæнæн, Алыбег! Зон, мах дæм тынг æнхъæлмæ кæсæм. Дæ сыхаг Ашура».

Фæлæ Алыбегæй фыстæг нæ уыди. Зейнаб бацыд æвдæм къласмæ, Истак – цыппæрæмтæм, Курсум – дыккæгæмтæм. Айша цæттæ кодта

фыццаг къласмæ. Гыццыл Иса дæр йæ тетрады стыр хур ныв кодта, зæххыл хуысгæйæ, йе ‘взаг раппæрста, афтæмæй.

Цыппор цыппæрæм азы зымæджы хъæумæ æрцыд цыппар сау гæххæтты, уыдонæй иу – Алыбеджы.

Æнæхъæн хъæу дæр фæмаст кодтой, хъæусоветы сæрмæ бакодтой сау тырыса. Хъæуы цæрджытæ æфцæгыл, сæ хæстонты кæцæй афæндараст кодтой хæстмæ, уым фæндаджы был афтид ингæнтыл цырты дуртæ сæвæрдтой.

Тыхджын цæфæн нæ бафæрæзта Хамзат æмæ æруатон. Ноджы фæфылдæр сты зæрдæсаст Ашурайы фыдæбæттæ. Хамзат йæхи тынг аххосджын хуыдта чызджы раз, иуизæр æй æрбадын кодта йæ цуры æмæ йын дзурын райдыдта:

– Мæ чызг, ды нæ бинонтæн уыйбæрц хорзы бацыдтæ, æмæ сæ иунæг барæнæй дæр нæй сбарæн, ницæмæйдæр сæ ис бафидæн…

– Дарддæр мацыуал зæгъ, курын дæ, æз ахæмæй ницы бакодтон. Æз уын хион дæн, дæ чындз дæн, афтæ нæу?

– Мæ бон дарддæр дæ тæригъæды цæуын нал у... Ды хъуамæ амондджын уай дæ царды.

– Цæмæн дзурыс афтæтæ?

– Нал ис Алыбег, мæ чызг, нал раздæхдзæн уари йæ ахстонмæ…

– Нæ хъæуы афтæ дзурын. Хæсты гыццыл вæййы ахæм хабæрттæ? Уæртæ Сунгайы дæр иу хæдзар сæ фыртæй райстой сау гæххæтт, æмæ мæйы фæстæ йæхæдæг фæзынд, æцæг йæ иу дыс афтидæй. Ма мын сæтт мæ ныфс, æз Алыбегмæ æнхъæлмæ кæсын.

– Байхъус мæм, мæ чызг, дæуæн бар ис, куыд дæ фæнды, афтæ цæрынæн… Сывæллæттæ фæхъомыл сты, сæхæдæг ныр исты амæлттæ кæндзысты…

– Кæд нал хъæуын, уæд… – Ашура скуыдта.

– Цытæ дзурыс, цытæ дзурыс, мæ чызг! – фæтарст Хамзат. – Уымæн йæ сæры магъз бахус уæд, афтæ чи ахъуыды кæна! Æз уый тыххæй зæгъын, æмæ дæ бон у искæй ссарын…

– Æз æй ссардтон, иу хатт æмæ мыггагмæ. Æз уарзын Алыбеджы, æмæ мæ уырны, æгас кæй у, уый. Кæй нæм бахуддзæн æмæ зæгъдзæн: уый та куыд у, цæмæн батагъд кодтат мæн аныгæнынмæ?

– Бузныг, мæ чызг, – Хамзат куыдта. – Дæ фæндтæ сæххæст уæнт.

Цыппор фæндзæм азы, уалдзæджы, Уæлахизы бонмæ нал фæцард Хамзат. Æмæ баззад Ашура иунæгæй сидзæр сывæллæттимæ, уыдонæй

йæ æртæ кæстæры хуыдтой мады номæй. Раст зæгъын хъæуы, хъæусовет дæр сын æххуыс кодта.

Хæст фæци. Азтæ цыдысты. Фæлæ Ашурайы зæрдæйы царди ныфс, æмæ ахæм тых нæ уыд, уый чи асастаид. Ашурайы зæрдыл лæууыд уыцы мæйрухс æхсæв суадоны был, хъуыды кодта Алыбеджы фæстаг рæвдаугæ каст, хæстмæ куы цыд, уæд йæ фæлмæн мидбылхудт. Ашура йæ бинойнаг у, уый та – йæ мой, сывæллæттæ дæр искæй не сты, йæхи сты, сæ мад у. Æмæ адæм дæр афтæ дзырдтой: Ашурайы чызг, Ашурайы лæппу.

Хæсты фæстæ Ашурайы цалдæр курæджы дæр уыд. Иу дзы цæнкуылæй, æнæ къахæй ссыд хæстæй.

– Æз æнхъæлдтон, дыууæ цæнкуылы стæм æмæ иумæйаг æвзаг ссардзыстæм, – дзырдта уый Ашурайæн.

– Дыууæ цæнкуылы? – бадис кодта Ашура.

– Моймæдзыд сылгоймаг идæдзæй куы баззайа, уæд уый дæр цæнкуыл у, уæдæ цы у.

– Æз идæдз нæ дæн, æз æнхъæлмæ кæсын мæ моймæ. Стæй мын фондз сывæллоны ис.

– Худæгæй марыс. Уыдон дæ сывæллæттæ не сты.

– Мæн сты, мæн, мæхи сты!.. Бахатыр кæн. Æз мæ моймæ æнхъæлмæ кæсын.

– Кæс, кæс æнхъæлмæ! – уазæг йæхи ныттар кодта æмæ ацыд.

Æмæ кæмдæр Ашурайы сæры фестъæлфыд: «Кæйдæр хæдзар, кæйдæр сывæллæттæ, иууылдæр мæ алфамбылай кæйдæр, æз та иунæг ацы дунейы, астæ цæуынц, зæронд кæнын…Сидзæр æмæ цæнкуыл… Нæ, нæ, нæ! – асырдта уыцы æдылы хъуыдытæ. – Æз иунæг нæ дæн, ис мын сывæллæттæ, æз хъæздыг дæн, æнæниз дæн!»

Сындæггай хъæуæй рох кæнын райдыдта, чындзыцыд кæй нæ уыд, сывæллæттæ кæй нæ ныййардта.

…Рацыд дæс æмæ ссæдз азы, ракодта Ашура сывæллæтты царды фæндагмæ. Æмæ ныр, дуары хъæрмæ ныхъхъусгæйæ, дард фæндагмæ кæсгæйæ, æнхъæлмæ кæсы æрмæст Алыбегмæ нæ, фæлæ сывæллæттæм дæр.

Ахстон сафтид, иунæгæй баззад, астæ сæ цыды кой кодтой, сæрыхъуын фæхалас, фæлæ йæ сывæллæттæ уарзынц, æрвитынц ын лæвæрттæ, æрцæуынц æм уазæгуаты.

– Цы дзæбæх къаба дыл ис, – дзырдтой йын иутæ уынджы.

– Цæй рæсугъд кæлмæрзæн дыл ис! Кæм æй балхæдтай? – фарстой йæ иннæтæ.

– Уыдон мын сывæллæтты læвæрттæ сты, – сæрыстырæй дзуапп фæдæтты Ашура. – Æз, мæ хуртæ, иууылдæр læвæртты тыхтæй цæуын. Къаба – мæ хистæр чызгæй, кæлмæрзæн – мæ дыккаг чызгæй, дзабыртæ мын мæ лæппу уалдзæджы æрласта, цъындатæ – æртыккаг чызгæй, хæрдоджытæ та – цыппæрæмæй. Алы хатт дæр мын хъуамæ истытæ æрхæссой. Æмæ дзы æз мæхицæн ницы уыйбæрц райсын, мæ цоты цотæн сæ æмбæхсын.

Ныр иуæндæс сты йæ цоты цот! Фæстаг, иуæндæсæм, æрæджы райгуырд, нывæфтыд авдæн дæр уымæн аразы зæронд Хъасай…

Фæлæ абон Ашура хъæуы дисы баппæрста. Æрæмбырд кодта йæ хæдзары мигæнæнтæ, батыхтытæ сæ кодта, колхозы шофыр æмæ Ашурайы æрыгон сыхаг-ахуыргæнæг та хæдзарæй дзаумæтты чырын рахастой. Уый та нысан кодта, хæдзары цæрджытæ сæ цæрæн бынат ныууадзынвæнд кæй скодтой. Раст уыцы рæстæг фæзындысты зæронд Хъасай æмæ йæ бинойнаг Мана. Авдæн диссаджы дзæбæх рауад, æмæ йæ Хъасай фыр цинæй йæхæдæг æрбахæццæ кодта.

– Хæц, Ашура, дæ фыртыфыртæн læварыл!

– Омæ цæуыл фыдæбон кодтат уæхæдæг, мæнæн мæ зæрды сымах уылты уыд мæ фæндаг акæнын… – Ашура йæ къухтæ кæрæдзийыл æрцагъта, авдæн ауынгæйæ, ахæм рæсугъд уыд…

– Зæронд йæ удæй бацыд… Уадз æмæ дзы хъæбатыр гуырдæй рæза дæ гыццыл хур, Ашура. – Мана ферхæцыд, дзаг машинæ ауынгæйæ. – Бынтондæр цæуынмæ рахъавыдтæ, уый цы у?

– Афтæ, афтæ, бирæ мын цæрат. Нæ хæдзар бынтон ныххæлæццаг, стæй мæ лæппу дæр иууыл уый куры, цæмæй горæтмæ семæ цæрынмæ ацæуон…

– Æмæ тæригъæд нæу уæ хæдзар? – фæстæмæ фæкаст Хъасай.

– Нæу, нæу, бирæ цæрат. Алыбег сыздæхт…

– Куыд сыздæхт?!

– Афтæ. Сывæллоныл Алыбег ном сæвæрдтам. Мæ фырт мæ коммæ бакаст, мæн бафæндыд афтæ. Фæлæ мын куыд загъта, уый зонут? Хорз, æцæг, дам, бынтондæр махимæ цæрынмæ куы рацæуай, уæд. Гъемæ æз дæр сфæнд кодтон мæ гыццыл Алыбегимæ горæты ацæрын.

Машинæ æвæндонхуызæй анкъуыст Ашурайы дзаумæтты зæронд чырын æмæ ног авдæнимæ.

Бирæ ма фæлæууыдысты адæм гыццыл хæдзары раз, сæ дзæбæх сыхаджы хорзы кой кæнгæйæ. Стæй апырх сты.

Ærмæст ма зæронд Хъасай æрбадт ихсыд къæсæрыл, тамако сдымдта. Мана дæр æрбадт йæ фарсмæ.

Уалынмæ ауыдтой: æрбацæйцыд æнæзонгæ сылгоймаг, йæ бæх йæ фæстæ ласгæ. Уый уыд Сибхат Карчига.

– Уæ бон хорз, мæнæ дзæбæх адæм, – салам сын радта уазæг.

– Хорз бонтæ дыл кæнæд, хорз бонтæ.

– Ашура ам цæры?

– Ам цард, ам.

– Æмæ цы кодта?

– Ацыди ныртæккæ, æндæр цы кодта.

– Æмæ кæдæм ацыди, уый мын нæ зæгъдзыстут?

– Горæтмæ.

– Æмæ кæд æрцæудзæн?

– Бынтондæр ацыди, цæрынмæ ацыд уырдæм. Æмæ дæ исты хъуыддагæн хъæуы? – афарста йæ Хъасай.

– Фыстæг æм ис мæнмæ.

– Æри йæ махмæ, йæ сывæллæттæй исчи куы фæзына, уæд ын æй арвитдзыстæм, кæд тынг æвæстиатæй сæмбæлынгæнинаг нæу, уæд.

– Фыстæг æвæстиатæй æмбæлын кæнгæ у… фронтæй у.

– Цавæр фронт ма ис ныр та? – дисы бахауд зæронд лæг.

Сибхат сын ракодта фыстæджыты хабар.

– Æмæ кæмæй у? – батыхсæгау кодта Хъасай.

– Алыбегæй. Йæ мойæ, æвæццæгæн, кæнæ та йе ‘фсымæрæй.

– Йæ мойæ, йæ мойæ, хæсты йын фæмард, – Мана фестади, рæвдз райста фыстæг Сибхаты къухæй.

– Уæ хорзæхæй, фæхæццæ йæм-иу æй кæнут. Дзæбæх ут.

– Бузныг, бузныг. Фæндараст у ды дæр. Ма тыхс, фæхæццæ йæм æй кæндзыстæм!..

Сибхат Карчига сын йæ сæрæй акуывта, бæхыл рогæй абадт æмæ ацыд. Зæронд Хъасай, йæ тамакойы фæздæг калгæ, ракæс-бакæс кодта хæсты азты мыхуыримæ салдаты æртæкъуымон фыстæгмæ.

– Фæмард сты хæсты, афтæмæй ма сæ фыстæджытæ цæуынц æмæ цæуынц нырмæ дæр, раст цыма уыцы дунейæ здæхынц æмæ адæммæ хойынц! – цыдæр хъуыдыдзастæй бакодта Хъасай.

– Бакæс-ма йæ, зæронд, бакæс, – куры Мана.

– Кæйдæр фыстæг?

– Ашура махæн исчи нæу.

Хъасаймæ дæр диссаг каст, фыстæджы цы ис, уый. Арæхстгай йæ райхæлдта, йæ уæрагыл æй ралæгъз кодта æмæ кæсын райдыдта:

«Дзæбæх у, мæ сыхаг Ашура!

Æрæджы дын дæ фыстæг райстон. Мæ фыд дæр мæм фыста, махмæ кæй цæрыс, чындзы номыл нæм кæй æрбацыдтæ, уый тыххæй. Æз æмбарын, мæ фыд афтæ цæмæн бакодта, уый. Фæлæ мæ тынг фæнды, сымах дæр мæ фыдимæ мæн куы бамбариккат. Мæ уарзон сыхаг, Ашура, ныххатыр мын кæн, мыййаг дæ куы фæхъыг кæнон, уæд, фæлæ мæ фæнды æцæгдзинад зæгъын. Мæнæн ис уарзон чызг, цæры горæты… Мæ фыд, мæн кæй нæ бафарста, уымæй æнæрхъуыды ми бакодта.

Ды зæрдæхæлар, тынг хорз æмæ тынг рæсугъд дæ, Ашура. Ды, æнæмæнгæй, амонджын уыдзынæ, уымæн æмæ мæн уый тынг фæнды. Дæ хорзæхæй, ма мæм фæхъыг у. Раст мæ бамбар. Хон мæ де 'фсымæр, æмæ æз сæрыстыр уыдзынæн, ахæм хо мын кæй ис, уымæй æмæ дæ никуы никæмæн бауадздзынæн æфхæрын! Уый дын уымæн нæ зæгъын, цæмæй дæ рæсугъд цард мæнимæ бæттай, рæсугъд та дæ цард, æнæмæнг, уыдзæн. Фæнды мæ, цæмæй дæхæдæг уай хицау дæ хъысмæтæн…

Амонджын у! Мæ цæст дын уарзы бирæ цинтæ дæ царды, ды уый аккаг дæ.

Бахатыр мын кæн, мæ гыццыл хо. Мæ фыдæн дæр ныххатыр кæн. Æз уымæ дæр ныффысдзынæн ахæм фыстæг, æмæ мæ уый дæр бамбардзæн.

Æппæты хуыздæр фæндиæгтимæ дæ иузæрдион æфсымæр Алыбег».

… Зæрæдтæ фыстæг йæ хицаумæ фæхæццæ кодтой æви нæ, уый нæдæр Сибхат Карчига зоны, нæдæр автор.

Уырыссаг æвзагæй БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац



Магомед БИСАВАЛИЕВ (1973) *– авайраг прозаик æмæ публицист. Райгурд Дагестаны, Тляратайы районы, Салдайы хъæуы. Каст фæци Дагестаны паддзахадон университеты скæсæнзонынады факультет. У уырыссаг æвзагыл цæуæг журнал «Дагестан»-ы сæйраг редактор æмæ æрвылкъуырион газет «Миллат»-ы бындурæвæрæг, Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг.*

Фыссы уырыссаг æмæ авайраг æвзæгтыл. Цæры Махачкалайы.

УДВИДАР

Радзырд

Дагестаны Рагон Джурмуты цæрджытæ арæх цæрыны фæрæзтæ агуырдтой Алазаны комы, Джаро-Белоканы базары. Хызтызты бæрзонд æфцæджы сæрты, цæмæй уырдыгæй раласой мæнæу, нартхор…

1946 азы, æрæгвæззæджы, иу мигъ бон Тляратайы районы Тлебелалы цæрæг йæ бинойнагимæ араст Белоканы базармæ. Уым сæ хъуыддæгтæ куы бакодтой æмæ цæуыны къахыл куы ныллæууыдысты, уæд сын джаройаг зæронд лæг, арвмæ амонгæйæ, загъта:

– Скæсут-ма мигътæм, арв куыд æхгæнынц. Мит уардзæн. Кæд хæхтыл ахизынмæ хъавут, уæд не ‘рæййафдзыстут. Ахæм боныхъæды уым ахизæнтæ нæ вæййы…

Белокан æмæ Джурмуты ‘хсæн Кавказы стыр рагъыл мит вæййы суанг сæрды онг. Митуарды рæстæджы та дзы бынтон тæссаг у ахизын. Фælæ læппулæг зæрондмæ нæ байхъуыста æмæ йæхи фæнд атардта. Уым сæм, хохы, æнхъæлмæ кастысты се ‘ххормаг сабитæ.

Араст сты йæ бинойнагимæ фистæгæй. Нартхоры ссад æмбистæй фылдæр цы голджыты уыд, уыдоны ма ноджыдæр нывæрдтой æндæр лыстæг мигæнæнтæ дæр. Æфцæджы рæбынмæ куы бахæстæг сты, уæд мит уарын райдыдта, дымгæ стыхджын. Бæлццæттæ æрлæууыдысты æмæ бынмæ, Белоканы ‘рдæм, акастысты.

– Кæд æртæ-цыппар сахатмæ æфцæджы бæрзæндæй ахизæм, уæд

нын уыцы фарс фенцондæр уыдзæн, – ныфсæвæрагау бадзырдта лæг йæ бинойнагмæ.

Уый куыдта æмæ йын лæгъстæ кодта:

– Аздæхæм фæстæмæ. Мæхи æвзæр хатын æмæ иу километр дæр нал афæраздзынæн. Уыныс, мит æмæ тымыгъ дæр фæтынгдæр сты.

Иуафон сыл æрбамбæлд, рагъыл чи рахызт, ахæм барæг. Уый æрлæууыд æмæ сын бамбарын кодта, æфцæг тагъд митæй кæй сæхгæндзæн æмæ дзы сæ бон ахизын кæй нæ бауыдзæни.

Уыцы ныхас фехъусгæйæ, сылгоймаг загъта, дарддæр кæй нал ацæудзæн. Хохаг æм тызмæгæй бакаст æмæ йæм ныллæг хъæлæсæй бадзырдта:

– Фæстæмæ дæ ацы падаравимæ* фæнды аздæхын?

Сылгоймаг йæ мойы уайдзæф бамбæрста æмæ йæ фæдыл æнæдзургæйæ араст. Дымгæ удисæгау къуыззитт кодта æмæ сын æнæвгъауæй хоста сæ цæсгæмттæ. Барæг ма иуцасдæр афæстиат, каст, мигъвæлмы дыууæ сау æндæрджы сабыргай куыд тайынц, уымæ æмæ араст йæ фæндагыл. Æхсæв Белоканы уынгты ныууарыд лæгæмбæрц мит.

«Знон Тлебелалы цæрджытæ, лæг æмæ ус, уыцы хъызты фæцæйцыдысты æфцæджы ‘рдæм. Ахæм миты уыдон бынатыл сæмбæлдаиккой, уый зын бауырнæн у. Сæ мæрдтæ, æвæццæгæн, бирæгъты холы фесты, сæ хъысмæт базонынæн та ницы амал ис», – дзырдта адæмæн зноны барæг.

Æрбалæууыд уалдзæг. Дыууæ джурмутаг лæджы, сæ иу – мæ фыдæн йæ фыдыфсымæр Али, иннæ – йæ хæлар Шамсудин, араст сты Белоканмæ, цæмæй сын уым зымæгиуаты цы бæхтæ уыд, уыдоны ратæрой. Цалынмæ æфцæгмæ схæццæ сты, уæдмæ æмбисбон сси. Æрбадтысты, сихор скодтой цыхт æмæ къæлуайæ, æрхуыссыдысты, цæмæй иучысыл аулæфой. Али арæдзæ-мæдзæ кодта, фæлæ Шамсудинæн цыдæр мидæнкъарæн æнцой нæ лæвæрдта. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу тарстхуызæй йæ алфамбылай аракæс-бакæс кодта. Иуафон фестъæлфыд, фæйнæрдæм ахъахъхъæдта æмæ Алимæ дзуры:

– Фехъуыстай?!

– Цы?

– Цавæрдæр уынæр…

Падарав – азербайджайнаг

– Кæм?

– Нæ зонын, кæцæйдæр райхъуысы æмæ æрбайсæфы.

– Кæд, мыййаг, хуыргæрчытæ сты.

– Нæ зонын… нæ! нæ! – ныхъхъæр кодта æмæ афæлурс. – Æз хъусын зикры** мыртæ!

Уый фæстæ уыцы хабæрттæ Али дзырдта мæ фыдæн, уый та – мæнæн:

«Иу змæлæг дæр нæ уыд нæ алфамбылай, æрмæстдæр – митæмбæрзт къæдзæхтæ. Уынæр цыма хъуыст зæххы бынæй. Алы къахдзæфæн дæр хъæлæс бæлвырддæрæй хъуыстам. Мах æрзылдыстæм къæдзæхдуры фæрсты, бындæр ныххызтыстæм, æмæ нæ разы февзæрд салд миты стыр хъæпæн. Йæ урс фарсыл тарæй зынд сау хуынкъ. Мидæгæй, йæ фæсонтæ махырдæм здæхт, афтæмæй хуыссыд, царм æмæ ма стджытæ кæмæй уыд, ахæм æрдæгмард лæг æмæ æнæрцухæй куывта…

– Ле-е!!! – фæхъæр кодтон æз.

Лæг нæ фезмæлыд. Æз мидæмæ багæпп кодтон æмæ йын йе уæхск æрхостон. Уый фестъæлфыд, уæззаугай разылд æмæ хуры ирд рухсмæ йæ цæстытæ ацъынд кодта. Йæ хъуынджын фæлурс цæсгомыл йæ цæстытæ зындысты æнахуыр стыртæ. Æппынæдзух рызти йæ буар, æмæ йæ бон дзурын нæ уыд. Æз ын йæ дæлæрмтты мæ къухтæ фæцавтон, хъæпæнæй йæ æддæмæ ралвæстон æмæ йæ митыл аластон хуры ‘рдæм.

– Уымæн та куыд кæнæм? – афарста мæ Шамсудин.

– Кæмæн?

– Уым мард сылгоймаджы нæ федтай?

Æз фæстæмæ фездæхтæн æмæ æрмæстдæр уæд банкъардтон мард буары адджынгомау тæф. Уый хуыссыд митæмбæрзт лæгæты иу къуымы. Чысыл дарддæр, нæлгоймаг кæм хуыссыд, уым уыд афтид голлаг. Мæ къухмæ йæ куы систон, уæд дзы ракалд армыдзаг нартхоры ссад…

Уый фæстæ куыд базыдтам, афтæмæй лæг æмæ ус хъызтæй сæхи бахъахъхъæныны тыххæй ракъахтой арф байбын. Фæлæ, хъызт куы фæлæууыд, уæд та æфцæг бамбæрзта митæй. Фæндаг налдæр размæ уыд, налдæр – фæстæмæ. Мæйы фæстæ сылгоймаг амард. Фондз

** *Зикр – кувыны хуыз пысылмæттæм*

мæйы дæргъы лæг бадт марды фарсмæ æмæ хордта, сæ сабитæм чи нал фæхæццæ, уыцы нартхоры ссад. Уый руаджы аирвæзт мæлæтæй.

Æз дæр хъуыды кæнын уыцы лæджы. Уый арæх цыд мæ фыдфсымæрмæ, мæлæтæй йæ чи аирвæзын кодта, уыцы Алимæ. Райдайæны мæм афтæ каст, цыма йæ къахы фындзтыл цæуы. Йæ къухтæ-иу размæ раппæрста æмæ-иу йæ гуыр йæ фæстæ ласæгау кодта. Фæлæ куыд рабæрæг, афтæмæй йыл къæхтæ нæ уыд. Куыд дзырдтой, афтæмæй сыд къæхтыл гангренæ фæзынд, æмæ йын сæ фадхъултæй уæлдæрты алыг кодтой».

Ацы цау æз бирæ кæмæндæрты радзырдтон, æмæ йæ алчидæр æмбæрста йæхирдыгонау. Иутæ-иу æй абарстой таурæгъон хохагимæ, кæцы уазал, æххормаг æмæ талынджы удæгасæй баззад. Нæдæр хъызт, нæдæр ын сырдтæ байстой йæ цард. Æндæртæ куыд нымадтой, афтæмæй йын йæ цард бахъахъхъæдтой Хуыцаумæ кувын æмæ æууæндын. Æртыккæгтæ йæ аххосджын кодтой, фæстæмæ кæй нæ аздæхт æмæ йæ сæрыстырдзинад æмæ хивæнды аххосæй йæ бинойнаджы кæй бабын кодта. Фæлæ-иу се ‘ппæт дæр æрцыдысты иу хъуыдымæ: куыд уæззау æмæ тæссаг уыд раджы заманы хохæгты цард.

Кæд ацы цауæн исчи раст дзуапп зоны, уæд – уыцы хохаг йæхæдæг. Уæд, æфцæгыл йæ усы фæндон нымайгæ дæр чи нæ кодта, афтæмæй рогæн чи уади, уыцы æрыгон æмæ хъаруджын хохаг нæ, фæлæ æнæкъах зæронд лæг, кæцы æрвылæхсæв дæр æнхъæлмæ каст, мæлæт урс хъæпæны хуызы йæ уæлхъус кæд æрбалæудзæни, уымæ...

Уырыссаг æвзагæй ДЖУСОЙТЫ Нинæйы тæлмац



Гамзат ИЗУДИНОВ *(1981) – авайраг прозаик æмæ поэт. Хабархæссæг хайад «Гумбер»-ы разамонæг, газет «Миллат» æмæ литературон журнал «Дружба»-йы редколлегийы уæнг. Йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Горский дух» рацыд 2010 азы.*

Райгуырд Дагестаны хъæу Астæуккаг Арадирихы. Каст фæцис Дагестаны паддзахадон университеты филологон факультеты журналистикæйы хайад. Куыста авайраг газеттæ «Истина», «Ас-салам» æмæ æрвылкъуырион газет «Истина»-йы. У Уæрæсейы Журналисты æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисты уæнг, Магомед Шамхаловы номыл æмæ Юсуп Хаппалаевы номыл премиты лауреат.

ХАРИБЫ ÆФЦÆГЫЛ

Уацау «Къуылых Тамерланы тугæйдзаг фæндаг»-æй скъуыддзаг

Фыццаг митзæй. Тымыгъ

Чанакан митын лæджы хуызæн фæцæйкодта. Уад хаста мит бæрзонд хæхтæм. Дымгæ къуылдымтæй мит марзта æмæ йæ æмбырд кодта хъæпæнтæй æфцæджы кæрон, фæзты, айнæджыты тигътыл. Фæндаг нал зындис. Хохы рагъ æмæ къуылдым миты хъæпæнты бын фесты. Цалдæр метры дарддæр цæст хорз не ‘взæрста. Бæзджын мигъ йæ алыварс тарæй æмбæрзта.

Чанакан, райсомæй УАЗ-ыл рацæугæйæ, æнæхъæн бон фесæфта ам, æрдæгфæндагыл миты уацары бахаугæйæ. Раст ма йæ фæлтæрд алкæмцæуæг УАЗ-3151 дæр митын фæлмы ныссагъд. Фыййау мигъбон Аракмеэры рæбын куыд фæдзæгъæл вæййы, афтæ Чанакан дæр фесæфта йæ развæндаг. Фæндаггон йæ машинæйæ рахызт.

Гыццыл ма бахъуыд, æмæ Чанакан митын лæг фестадаид, æхсидгæ æмæ абухгæ уады бахаугæйæ. Йæ бухайраг уæлдзарм худ, кæрц, хъарм хæлаф æмæ цырыхъхъытæ йын мит сæнтурс фестын кодта. Чанакан тъыфылты бынæй нал зынд. Цалдæр минутмæ йæ цæсгом,

ранæй-рæтты урсхил адаргæйæ, йæ цæстыхаутæ æмæ йе ‘рфгуытæ сæ хуыз аивтой. Абон ацы ран ærдз ахуырста алцыдæр æрмæстдæр урс ахорæнтæй. Машинæ дæр уыдис урс-урсид.

Йемæ ма балц кодтой йæ цот: 12-аздзыд Маххулав æмæ 19-аздзыд Меседо. Историйы ахуыргæнæг Чанакан æрымысыд, Харибы æфцæджы тыххæй цы таурæгътæ, аргъæуттæ æмæ азгай уацфысджыты æвдисæндартæ уыд, уыдон се ‘ппæт дæр.

«Æрмæст зæй ма рацæуæд», – ахъуыды кодта æмæ тагъд-тагъд йæ машинæйы абадт. Чанакан фæуадзыггонд ис æмæ … æд цот æмæ æд машинæ рæстæгон-тыгъдадон тымыгъы ныххаугæйæ, февзæрд XIV æнусы, къуыбылой райхалгæйæ æмæ 600 азы сæрты ахизгæйæ.

Дыккаг митзæй. Тæлмацгæнæг Хохолав

– Анди æмæ Усиша адæмы агъуыст мусы кæй най кодтой, Хæхты бæстæты æнæгъдау æмæ хъæддаг сырды митæ кæй кодтой, уый тыххæй уæ абон хæхтæ сæ маст исынц, – ныхъхъæр кодта Чанакан, Тамерланы хæстон къордтæ фенгæйæ: уыдон Харибы æфцæгыл фысы дзугтау салдысты.

Тамерланы æфсæддонтæ се ‘хсаргардтимæ, митæй æмæ ихæй æмбæрзт згъæрты дисгæнгæ кастысты Чанакан, йæ сывæллæттæм æмæ сæ машинæмæ. Семæ цы солиаг тæлмацгæнæг уыд, уый бамбæрста Чанаканы ныхæсты мидис. Фæлæ фæндаггонты æнахуыр дарæс æмæ, сæ фарсмæ цы ‘мбисонды ‘фсæн уæрдон уыд, уыдон тæлмацгæнæг æмæ Тамерланы хæстонтыл дызæрдыгдзинад æфтыдтой. Йæ цæстытыл дæр нал æууæндыд, афтæмæй сæ асæрфта æмæ та ногæй дисгæнгæ нымдзаст æнæнхъæлæджы бæлццæттæм. «Кæд, мыййаг, ацы æртæ иблистæ сты?!» – сагъæсты аныгъуылд Хохолав. Тæлмацгæнæг æмæ цалдæр хæстоны Чанаканы æд цот Къуылых Тамерланы станмæ акодтой. Скæсæны залымты фæсдзæуинтæ фæндаггонты басгæрстой, кæрдтæ кæнæ æндæр хæцæнгæрзтæ сæм агургæйæ. Æнæзонгæ адæмæн се ‘ддаг бакаст, сæ хуыз æмæ сæ уагахаст сыл æфтыдтой зæрдæзнæт æмæ гуырысходзинад. Тамерланы æфсæддонтæ не ‘мбæрстой, фыд æмæ йæ сывæллæтты дзаумæттæй куыд ис спайда кæнæн. Цалдæр хъалагъуры лæмбынæг фæракæс-бакæс кодтой бæлццæтты мобилон телефонтæм, стæй сæ

фæстæмæ сæ хицæуттæн радтой, ахæм бибитæ адæймагæн тас не сты, зæгъгæ. Уазджыты дæлдзæхх агъуыстмæ куыд фæцæйкодтой, афтæ Маххулав телефонæй йе ‘мбалмæ XXI æнусмæ арвыста чысыл хъусинаг: «Мах акодтой Къуылых Тамерланмæ».

Æртыккаг митзæй. Кард æмæ сисæй фыст таурæгъ

Ази æмæ Европæйы æмбис чи басаста, уыцы Æндон Къуылых Тамерлан бæрæг дардта иннæ æфсæддон фæтæгты ‘хсæн. Хæстонтæ йын йæ къæлæтджын стæрты дæр йæ фæдыл рахæсс-бахæсс кодтой. Сæрыстырæй-иу дзы рабадт æгъатыр басæттæг. Йæ сызгъæрин паддзаххудыл ма дардта уæлдзарм худ, уымæн æмæ митджын æфцæг уыд æнусон ихджын зæххау уазал. Уымæй уæлдай ма йыл уыд кæрц æмæ хорз цармæй хуыд цырыхъхъытæ. Кæд къаннæг дæлдзæхх агъуысты арт сыгъд, уæддæр афтæ каст, цыма ныртæккæ карз митын уад фæхæсдзæн ацы дурджын хæдзар дæр.

Чанакан Къуылых Тамерланы цæстытæм бакаст. Хохагмæ кастысты дыууæ цæсты, кæцытæ ахуыр уыдысты адæймаджы нуартæ лыгæй уынын. Фæтæджы æнцъылдтæ цæсгомыл зынд æнæрвæссондзинад æмæ æлдариуæгуарзынад. Станмæ бахизгæйæ, иууылдæр сæрæй нылляг куывтой сæ барджын фæтæгæн. Чанакан æмæ йæ сывæллæттæ уыцы æгъдау нæ сæххæст кодтой. Тæлмацгæнæг Хохолав узбекаг æвзагыл цъæррæмыхстытæй Тамерланæн цалдæр ныхасы загъта æнахуыр уазджыты тыххæй.

Фæстæдæр сын тæлмацгæнæг куыд бамбарын кодта, уымæ гæсгæ Тимур загъта:

– Æз дæн Тимур ибн Тарагай Барлас – зæххы æмбисыл чи æлдариуæг кæны æмæ æппæт дунейы паддзах суæвын кæй фæнды! Сызгъæрин Агуырыфсады хан Тохтамыш мын уисæн кæнынмæ нæ хъавыд. Фæлæ цыбыр рæстæгмæ бамбæрста, ме ‘фсæддонты тых басæттæн кæй нæй, уый. Ныфссаст ханæн цы горæттæ æмæ хъæутæ æххуыс кодтой, уыдоныл арт бандзæрстон, æнæсæттонты та агъуыст мусы нынай кодтон. Уыдон сæхиуыл бавзæрстой æнæбасæтгæ Тимур ибн Тарагай Барласы тых æмæ азар! Цы пиллон арт ссыгътон, уый уын судзы уæ Хæхты бæстæтæ! Фидаргонд цы горæттæ уыдысты, уыдоныл хин æмæ гæдыдзинадæй фæуæлахиз дæн. Уадз æмæ Тохтамыш фена, йæ

паддзахад ын куыд дæрæн кæнын, уый! Алкæмдæр Тохтамышы æхсуысгæнджыты сæртæй пирамидæтæ уадзын, уæдæ Хæхты бæстæты дæр – афтæ! Ме ‘фсадæн не ‘нтыст горæт Алмак райсын. Уыцы фидар хъахъхъæдтой авд-аст мин хæстоны. Тох кодтой удуæлдайæ. Æмæ уæд æз хæстон хиндзинадæй спайда кодтон: дзырдхæсджыты арвыстон, цæмæй басгарой хъулагонд фидары лæмæгъ бынæттæ. Сæ бацæуæн сын суадоны донмæ сæхгæдтам. Мæ цуры йæ зонгуытыл чи не ‘рхауд, уыдоныл мæ карз маст ныккалдтон, æмæ бавзæрстой аккаг æфхæрд. Æнæ донæй фæлмæст æмæ фæллад алмакæгтæ райдыдтой фидыд курын æмæ сразы сты фидары дуæрттæ байгом кæныныл, æрмæст сæм уыд курдиат – сахары цæрджытæ сæрæгасæй куыд баззайой. Æз мæ ныхас нæ сæххæст кодтон, мæ агуырыфсад бабырста уыцы æнамонд сахарма. Хиндзинад у уæлахиздзинады нысан! Мæ хъайтар хæстонтæ Алмакы дур дурыл нал ныууагътой, фидары цæрджыты фылдæр хай ныццагътам, цасдæр дзы уацары ракодтам, чидæртæ та дзы лидзгæ акодтой. Номдзыд Тамерланы ныхмæ чи дзуры æмæ чи лæууы, уыдон æнæмæнг æфхæрд баййафынц! Кæд исчи æндæр æнхъæл вæййы, уæд уый у стыр рæдыд æмæ, гæнæн кæмæн нæй, ахæм фыдракæнд! Сымах ныртæккæ стут мæ станы æмæ уæ сæртæ мæ цуры не ‘ркъул кодтат! Мæ разы табугæнгæ кæй сæр не ‘ркъул ис, уый сæр фысы сæрау михыл сагъд æрцæудзæн!

– Дæ цæсгом фыццаг бакастæй дæр мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, – фыд- уынд æмæ ælгъаг! – дзуапп радта Чанакан Тамерланæн (уыцы ныхæстæ тæлмацгæнæг лæмбынæгæй бамбарын кодта фæтæгæн). – Хæхты бæстæты дæ абырджытимæ цы фыдмитæ бакодтой, уыдон æхсæзсæдæ азы фæстæ дæр рох не сты хохæгтæй æмæ æппæт дзыллæтæй дæр. Цы ног фæлтæр рæзы хохы цæрджыты ‘хсæн, уыдонæн та æз историйы урокты радзурын дæ мæнгард, æнауæрдон хæстон стæрты тыххæй æмæ, ме ‘мзæххонты зæрдæты цы æгæрон уарзондзинад цæры Фыдыбæстæмæ, уый тыххæй. Самарканд æмæ Бухара чи сæндидзын кодта, зонады армдарæг, хъуыстгонд обсерватори самайæг астроном Улугбекы баба Тимур ныууагъта зæххыл тугæйдзаг фæд. Æмæ абон дæр Хæхты бæстæты хистæртæ дзурынц дæ фыдракæндты тыххæй кæстæр фæлтæрæн! Ды уæлахиздзау нæ дæ! Ды дæ, чи фæхæрд ис, уый! Хæхты бæстæты цы фæдтæ ныууагътай, уыдон сты дæ мæнгардзинад æмæ хъæддаг миты æвдисæн. Стæй дзурæг сты ууыл, æмæ дын

уыдис иунæг нысан – Тохтамыш æмæ йæ Сызгъæрин Агуырыфсад ныддæрæн кæнын, дæ маст сæ сисын. Уыцы фæнд æххæст кæнгæйæ, никæуыл бацауæрстай, мин æмæ мин æнаххос сылгоймаджы, сабийы æмæ карджын адæймаджы ныццагътай. Ныддæрæн кодтай Хохы бæстæты горæттæ æмæ хъæутæ. Нæ райгуырæн зæххыл арт бан- дзæрстай, фæлæ уый фæныкк нæ фестад, Фениксау сæндидзыдта. Дæ хæстонтæ цы горæттæ, хъæутæ æмæ фидæрттæ ныддæрæн кодтой, уыдон ногæй самадтам. Ды æмæ дæ лæгмартæ нæ зæххытæй фæлыгъдыстут. Ам мин азты дæргъы цæрынц æмæ архайынц ацы зæххыты хицæуттæ – Хæхты бæстæты адæм. Къæдзæхтыл дыргъдæттæ ныссадзын æмæ айнæг фæзтыл хуым кæнын у æрмæстдæр, хæхты чи цæры, уыдоны бон!

Цыппæрæм митзæй. Улугбекы ахуыргæнæг Каримбейы

Чанаканы ныхæстæ тæлмацгонд куы ‘рцыдысты авайраг æвзагæй узбекагмæ, уæд Тамерлан рамæсты. Тызмæг фæтæг бардзырд дæттынмæ хъавыд, цæмæй æнахуыр уазджытæн сæ сæртæ акъуырой, фæлæ уыцы рæстæг Улугбекы ахуыргæнæг, Къуылых Тимуры уынаффæгæнæг мирза Каримбей ныхасы бар ракуырдта. Размæ рацыд æмæ йе ‘лдарæн загъта:

– О номдзыд эмир Тимур ибн Тарагай Барлас! Ацы ахуыргæнæгæн йæ бон у махæн наукон æмæ историон иртасæнты баххуыс кæнын. Йæ къæйных ныхæстæм нæ кæсгæйæ, йæ пайда йæ зианæй бирæ фылдæр у, о номдзыд сæрдар, намысджын эмир Тимур ибн Тарагай Барлас!

– Мæ цæстыты разæй сæ фесафут! Мæ хæстонтæ митын уады æмæ зæйы бын сæфынц, æз та хъуамæ ацы фæндаггоны хъал ныхæстæм хъусон!

Чанакан, Маххулав æмæ Меседойы акодтой, сæ фарсмæ цы агъуыст уыд, уырдæм. Карибей сын радзырдта Хъиргъизы хæхты тыххæй æмæ дзы цы митын уадтæ вæййы, уый. Фæлæ Тимуры æфсадæн Харибы æфцæджы уад цы зиан æрхаста, ахæм дзы иу дæр нæ уыд. Каримбейы ныхæстæм гæсгæ, кæд Тимур æгъатыр æмæ тызмæг уыд, уæддæр-иу хаттæй-хатт ахуыргæндты зонджын уынаффæтæм йæ хъус æрдардта.

– Чанакан, хонын дæ Самаркандмæ – номдзыд эмир Тимур ибн Тарагай Барласайы паддзахады сæйраг горæтмæ, цæмæй дæхи цæстæй

фенай, нæ паддзахад æрмæст хæстон дæсныйадæй хъæздыг кæй нæу, фæлæ ма зонад æмæ ændæр хъуыддæгтæй дæр, – загъта Каримбей.

– Хæхты бæстæты цы фыдмитæ кæнут æмæ цы фыдбылыз хæссут, уый махæн зын бамбарæн у. Бухара æмæ Самарканд фенгæйæ, кæд хуыздæр бамбариккам уæ царды уагæвæрд æмæ уæ культурæ. Разы дæн Самаркандмæ абалц кæныныл, – дзуапп радта Чанакан.

XXI æнусы историйы ахуыргæнæг XIV æнусмæ Бухара æмæ Самаркандмæ куыд абалц кодта, уыцы таурæгъ алчидæр йæхирдыгонау дзуры. Ацы чысыл уацауы авторæн Чанакан йæхæдæг радзырдта йæ диссаджы балцы лыстæгдзинæдтæ. Кæд искуы фыст æрцæуиккой, æмæ сæ адæм дæр базондзысты.

Каримбей дæлзæххон агъуыстæй рацыд, уазджытæ та уым æхгæдæй баззадысты. Тымыгъ карзæй-карздæр кодта. Уады ниудæй мынæг кодта бирæгъы ниуд. Фыдгæнджытæй бирæтæн сæ хъусхæлынтæ атъæппыты кодтой, бакъуырма сты æмæ сæ сæры зонд фесæфтой. Тымыгъы уылæнтæ æмæ уады хъæлæстæ æрæмбæрзтой Къуылых Тимуры хæстонты, цæргæсы къуыззиттау æмæ уæларвы хъæлæсау тыхдымгæйы къуыззитт æфсæддонты цавддуртау фæкодта. Хохы сæрæй цы ног зæй æрцыд, уый ахаста йемæ цалдæр сæдæ фыдгæнæджы.

Фæндзæм митзæй. Харибы æфцæг сдзырдта

Уалынмæ Харибы æфцæг… сдзырдта. Хох йæ дурджын тымбылкъухтæ æрбалхъывта æмæ базмælыд. Тамерлан йе ‘фсæддонтимæ сæ бынæтты лæугæйæ баззадысты, сæ хъуынтæ арц сбадтысты, сæ цæсгæмттæ ныффæлурс сты. Къæдзæхтæ кæмæй згъæлыдысты, ахæм нæргæ хъæлæсæй Харибы æфцæг загъта:

– Тыхгæнджытæ, сывæллæтты марджытæ! Ма мæ чъизи кæнут уæ хъæддаг фыдмитæй! Æз уæ мæ къуылдымтæй рыгау æрцæгъддзынæн! Мæ митджын æфсад уæ ныддæрæн кæндзæн. Мæн æмæ Хæхты бæстæтæ æнæ мастæй ныууадзут. Ам цы хохаг адæм цæры, уыдон мæн æмæ сæ райгуырæн зæхх уарзынц сæ цардæй фылдæр. Æмæ хæхты тыххæй цæттæ сты хи рауæлдай кæнынмæ. Мæ къуылдымты фысты дзугты хизынц. Хæхты сарæзтой фæзтæ æмæ дыргъдæттæ – нырыккон царды диссæгтæ; фæллойгæнæг адæймаджы сгуыхтдзинад – къухтæй арæзт æрдзон цырт. Уыдон арæхсгæйæ зилынц быдыртæм æмæ дыргъдæт-

тæм, алы аз дæр сæ хъацынц, сыгъдæг кæнынц хæмпæлгæрдæгтæй. Мæ цæфтæ мын дзæбæх кæнынц: лæбырды бын къултæ амайынц, къæдзæхтыл бæлæстæ садзынц, цæмæй уидæгты руаджы фидардæр уой. Хохы рагъы дуртæ æмбырд кæнынц æмæ мæ хæдзæртæ, фидæрттæ æмæ фæндæгтæ аразынц. Æз æмæ æппæт Хæхты бæстæтæ дæр стæм хохæгты. Хохы цæрджытæ æдзухдæр хæхтæ хъахъхъæнынц! Хæхтæ та хъахъхъæнынц хохы цæрджыты! Кæд уæ ацы ран амæлын нæ фæнды, уæд фæстæмæ аздæхут. Уæ къухтæ сты туджы змæст. Сылгоймаг æмæ сывæллæтты марджытæм хæхтæ сты æгъатыр.

Ног митзæй тыхæйбайсæгтæй дзæвгар ахаста, æрдзы тыхы зилдухы Тамерлан тыххæйты æгасæй баззад. Кæд æй, мыййаг, зонынады армдард аирвæзын кодта?

Цалынмæ фæстаг фыдгæнæг хох ныууагъта, уæдмæ абухта Хæрибы æфцæг. Стæй уæд мигъты ‘хсæнæй хур ракаст, æмæ Хариб барухс. Хохы цæрджытæ фыдгулты баныгæдтой. Уыдон ацы ран кад æмæ ном не ссардтой, фæлæ сæ ингæнтæ. Кавказы зæхх тыхæйбайсæгты аныхъуырдта.

Ныр дæр ма Харибы хох фæтар вæййы, 1396 азы хабæрттæ куы ‘рымысы, уæд. Фæлæ ма уый фæстæ дæр Харибы æфцæг бирæ фыдбонтæ федта, бирæ уæззау астæ бавзæрста, бирæ зындзинæдты сæрты ахызт. Кæстæр фæлтæрæн Харибы хох йæ таурæгътæ се ‘ппæт дæр нæ раргом кодта. Æфцæг та искуы сдзурдзæн. Хæхты бæстæты къæдзæхтæм, æфцæджытæм, дуртæм, къахвæндæгтæм æмæ фидæрттæм ис бирæ дзуринæгтæ, раст Харибы хохау.

Уырыссаг æвзагæй БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмац

ДАГЕСТАНЫ АДÆМТЫ ÆМБИСÆНДТÆ

Ахуыргонд суæвынæй адæймаг суæвын зындæр у.

* * *

Цард цæхджын донау у: адæймаг дзы цас фылдæр нуаза, уыйас тынгдæр дойны кæны.

* * *

Нæмыг иу лæг мары, дзырд – сæдæ лæджы.

* * *

Бирæ ныхæстæ Хъуыраны йеддæмæ никæм фидауынц.

* * *

Æдылы хæларæй зондджын знаг – хуыздæр.

* * *

Ау, хъом сæрвæтæй куынæ æрцæуой, уæд изæр нæ кæндзæни?

* * *

Уæрдоны бадгæйæ, тæрхъус не ‘рцахсдзынæ.

* * *

Хъæбатыры мад не скæудзæн, фидар баст нæ райхæлдзæн.

* * *

Сывæллонджын хæдзар – базар, æнæсывæллон хæдзар – ингæн.

* * *

Æхсаргард йæ кæрддзæм нæ лыг кæны.

* * *

Уазæгыл цин кæн хæринагæй нæ, фæлæ æрфыгæй.

* * *

Зæронд лæгæн йæ роны – гуылтæ.

* * *

Кæд дын хæлар ис, уæд æй араех бæрæг кæн, науæд, уе ‘хсæн цы фæндаг ис, ууыл хæмпæлгæрдæг æрзайдзæни.

* * *

Хъæд сабыр куы уа, уæд ын афтид æнхъæл ма у: чи зоны дзы стай хуыссы.

* * *

Хурх нарæг уый тыххæй у, цæмæй-иу дзы дзырд уайтагъд ма схауа.

* * *

Адæм иумæ куы афу кæной, уæд дзы дымгæ рауайдзæн.

* * *

Хъæуы куыйтæ кæрæдзи нæ уарзынц, фæлæ бирæгъ куы æрбалæбуры, уæд ыл февварс вæййынц.

* * *

Адæймаг дзуры – рæстæг худы.

* * *

Ис ахæм адæймаг, æмæ дæсаздзыдæй дæр лæг у, ис ахæм, æмæ дыууиссæдзаздзыдæй дæр – сывæллон.

* * *

Æвзаджы стæг нæй, фæлæ стджытæ дæр ныссæтты.

* * *

Æххуысгæнджытæ бирæ куы уа, уæд нымæтын мих дæр зæххы ныццæудзæн.

* * *

Фæлмæн ныхас калмы йæ хуынкъæй расайдзæн.

* * *

Хайуан æдде хъулон вæййы, адæймаг та – мидæгæй.

* * *

Зæронд галы ауæдз арф вæййы.

* * *

Сæрды бонты кæд дæ сæрымагъз нæ фыхти, уæд зымæджы бонты дæ уæларт аг нæ рафыцдзæн.

* * *

Иу фыс мин фысы аргъ никуы уыдзæн, фæлæ иу лæг мин лæджы аргъ вæййы.

* * *

Иу рæдыд моллойы чызг дæр фæкæны.

* * *

Мæ зæрдæмæ чи цæуа, æппæты рæсугъддæр уыцы чызг у.

* * *

– Амонд, кæдæм цæуыс?
– Адæм кæрæдзи кæм уарзынц, уырдæм.

* * *

Ædылыйæн алкæм дæр – чындзæхсæв.

* * *

Къуылых лæгæн йæ аууон дæр къуылых вæййы.

* * *

Зæрдæ куырм куы уа, уæд цæстытæ дæр нæ уынынц; зæрдæ къуырма куы уа, уæд хъустæ дæр нæ хъусынц.

* * *

Ædылы лæг адæмæй хъаст кæны, зондджын та – йæхицæй.

* * *

Дæуæн йæ сыхагæй чи хъаст кæны, уый йæ сыхагæн та дæуæй хъаст кæны.

* * *

Хъæбулы хъæбултæ – мыдæй адджындæр.

* * *

Цæст цы нæ фена, уый зæрдæ нæ бауарздзæн.

* * *

Сау къуымбил æхсадæй нæ урс кæны.

* * *

Мæнг ныхас – халонæй саудæр.

* * *

Уазæг куы бафсæды, уæд къæсæрмæ кæсы.

* * *

Бæх балхæныны разæй уал саргъ балхæн.

* * *

Саг райсомы боныл йæ зæрдæ дардта æмæ æнæ къæдзилæй баззад.

ХÆЛАРДЗИНАДЫ НЫСАН





Абайты Васо æмæ Расул Гамзатовы хæлардзинад æмæ хъæрмуд ахастдзинæдтæн цы бирæ æвдисæнтæ ис, уыдонæй иу у, Расул Васойæн йæ юбилеймæ цы æвзист хъама балæвар кодта, уый. Æвæрд ис Васойы Хæдзар-музейы Хуссар Ирыстоны. Æхсаргардыл фыст ис: «Уважаемому Васо от Расула Гамзатова».

Куырæт æмæ уæлдзарм худ та Васойæн балæвар кодтой Хъæрæсе-Черкесы Республикæйы минæвæрттæ.



Магомед АХМЕДОВ,
Дагестаны адæмон поэт

ХЪУЫДЫТÆ ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ТЫХХÆЙ

Хетæгкаты Къостайы ном куы фехъусын, уæд уайтагъд мæ зæрдыл æрбалæууы, сывæллонæй хæхты цы æнкъард хабар фехъуыстон, уый.

Дæргъвæтин зымæгон æхсæв, æдде уад ниуы. Нана бады арты цур æмæ дзуры диссаджы аргъæуттæ. Алæмæты цьиуы сыгъзæрин бумбули зилдух кæны йæ ныхæсты, йæхæдæг дæр цыма бæстæтыл зилæг, сæххæссæн кæмæ нæй, ахæм рæсугъд, зондджын цьиу у. Уалынмæ дын æндæр хабæрттæм рахызт. Дзуры, мæгуыр сидзæргæс мад йе ‘ххормаг æмæ æнамонд сывæллæтты куыд сабыр кодта, уый. Йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ сын дуртæ фыхта æмæ дзырдта: «Ныртæккæ хæринаг сфыцдзæн, ныртæккæ». Сывæллæттæ та алы къуымты ныффынæйтæ сты, аджы цы «хæринаг» фыхти, уый дæр сæ нал хъуыд, афтæмæй. Хорз æй хъуыды кæнын, мæ чысыл зæрдæ куыд кæрзыдта – æвæццæгæн, уыцы радзырды цас рис æмæ сагъæс уыд, уый æнкъардта.

Рацыд рæстæг. *Æз базыдтон*, хъомыл адæймагау сывæллоны зæрдæйы мæгуыр мады тухитæ бавæрынмæ чи сарæхст, уыцы поэты ном.

Уый уыд Хетæгкаты Къоста. Ныр æй æмбарын, куыд æххæст у мады тыххæй балладæ, куыд дæсны равдыста поэт йæ хъуыдытæ, æнцондæр мын у æмдзæвгæйы мидис æвзарын, фæлæ сывæллоны бонты æнкъарæнтæ уæддæр сæйрагдæр сты. Уымæн, æмæ сыгъдæгдæр, æргомдæр уыдысты. Нанайы прозæйæ радзырды дæр поэзи æнхъæвзта. Ныр поэты рис, сагъæстæ æндæрхуызон, куыд цард фенæг адæймаг, æнкъарын. *Æмæ* та хъустыл ауайы:

Халон баргъæвст сындзыл...
Уад тымыгъ хæссы...
Сау айнæджы рындзыл
Нары хъæу хуыссы...

Цы диссаджы райдайæн у, куыд хорз бæрæг у, дарддæр ныхас трагедийыл цæудзæн, уый!

Æцæг поэзи кæддæриддæр трагедийæ йемыдзаг уыди.

Иу зæронд ыскъæты,
‘Гас хъæуы уæлдай
Аззади фæсвæды
Ацы бæстыхай.

Ма дис кæн йæ бадтыл! –
Цуайнаджы уæлхъус
Архайы йæ артыл
Иу саударæг ус.

Къоста адæймаджы зæрдæскъæфт фæкæны æмæ йæ йæ фæдыл ахоны. Æппындæр мын дызæрдыггаг нæу, ацы рæнхъытæ кæйфæнды зæрдæмæ дæр фæндаг кæй ссардзысты. Ис сæ, поэтикон дзырды æнæмæнг хъуамæ чи уа, уыцы æнкъарæн – искæй рисæй фæриссын. Поэт йæ хъысмæт бæтты уыцы сылгоймаджы хъысмæтимæ, мад свæййы зæххон рисы символ:

Сидзæртæн хъæдуртæ
Се ‘хсæвæр хуыдта,
Афтæмæй сын дуртæ
Цуайнаджы фыхта:

Афыцын æфсоны
Байрох уа сæ хæрд...
Стонг æмгъуыд нæ зоны,
Иу сайд ын æгъгъæд!..

Сывæллæттæй сæ мæгуыры бонтæ иучысыл уæддæр цæмæй айрох уой, уый тыххæй сæ мад сайы, æмæ уыцы сайд амæй-ай уæлдæр поэзийы æвдисæн сси. Къоста ма æгас уыд, афтæмæй систы йе ‘мдзæвгæтæй бирæтæ адæмон, уыимæ сæ æрмæст ирон адæм нæ зарыдысты – номдзыд поэтты уацмыстæн арæнтæ нæй, цы æвзагыл фыст сты, уый дæр ницы давы. Уымæ гæсгæ мын Хетæгкаты Къостайы поэзи сси мæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ амонд, цин, рис æмæ сагъæсы æвдисæн…

Кæнæ поэты иннæ рæнхъытæ: «Весь мир – мой храм, любовь – моя святыня, Вселенная – отечество мое». Уый поэтикон программæ, сфæлдыстады уаз нысан у. Къостайы тых уый мидæг ис, æмæ æнæхъæн дуне дæр йæ ныхасмæ кæй æрыхъусын кодта.

Йæ царды бирæ зынтæ уыд, æмæ уыдоны бындурыл таутæ суагъта рæстдзинадмæ сидæг нæрæмон поэзи. Николай Тихоновы загъдау, у украинаг адæмы номдзыд фырт Тарас Шевченкойы æнгæс йæ хъысмæтæй, сфæлдыстадæй йæхи куыд æвдыста, уымæй…

Хетæгкаты Къостайы цардыл хъуыды кæнгæйæ, адæймаджы цæстыты раз сæвзæры поэты хъысмæт. Пушкин, Лермонтов, Некрасов – уыцы номдзыд поэттæ систы ирон поэты ахуыргæнджытæ, уыдоны руаджы банкъардта стыр уырыссаг поэзиимæ бастдзинады тæгтæ. Къостайы поэзимæ бацыдысты Пушкины дардмæ уыныны миниуæг, Лермонтовы удварны хæзнатæ, Некрасовы «æппæтадæмон хъыг». Æмæ «Ирон фæндыр» сæвзæрд куыд хъысмæт, куыд цард, куыд сæрыстырдзинад æмæ лæгдзинад æвдисæн.

Хъысмæт æдзух фæлвæргæ кæй кодта, уыцы Къоста цыд йæ ном ын æнусон скæнæг фæндагыл. Ныфсдæттæг ын уыд, кæй рис æмæ сагъæсæй цард, уыцы дзыллæ. Æмæ фыдæвзарæнтæн нæ басаст.

Хетæгкаты Къостамæ ис иу чысыл æмдзæвгæ «Ныстуан»:

Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг
Кæуæгау фæкæса, мыййаг.
Кæй зæрдæ нæ агуры хъарæг,
Уый зарæд йæхи фæндиаг!..

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хæс,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс...

«Æнкъардæй ма зарыны» фадат ын нæ лæвæрдта, цы рæстæг цард, уый. Къоста дардмæуынаг уыд, æдзух афтæ нæ уыдзæн, уый æмбæрста. Æмæ рæстæгæй домдта: «Я полюбил весь мир, весь свет / И дерзко требовал в ответ / Себе какой-то жизни новой, / Свободы, равенства и счастья». Ома æхсарджынæй домдта, йæхи æмæ дзыллæйы дæр цы хорзæх хъуыд, уый, æмæ йæ адæм дæр уарзтой, йæ хъаруйыл ын æфтыдтой: «Люблю я целый мир, люблю людей, бесспорно, / Люблю беспомощных, обиженных, сирот, / Но больше всех люблю, чего скрывать позорно? – / Тебя, родной аул и бедный наш народ». Уыдис æм хъару, уыдис æм рæстдзинадмæ фæндаг гæрдæг хотых дзырд дæр.

Ирон хъæу Нарæй рацæуæг лæппу фыста йæ мадæлон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, дыууæ хатты уыд хасты, фæлæ æрлæууыд йæ дуджы раззагдæр адæмы æмрæнхъ. Йæхи æмæ йæ дзыллæйы хъысмæт дæр уыд трагикон, уымæн æмæ, хицауы бартæ йæхимæ чи райста, уыдоны бон сæ ныхмæ тох кæныны хъуыддаджы бирæ уыд.

Фæлæ, иутæй иннæтæн цагъартæ чи арæзта, уыцы æнæраст дунейы ныхмæ тох уæддæр йæ цырены бацыд, æмæ Къоста сиды сæрибары фидиуæг зæрватыкмæ:

Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй
Фæхæтай фæрнæй
Нæ хæхты, нæ бæсты,
Æлдар кæмæн нæй!

Хъыгагæн, поэтæн йæхи «æнæ æлдар дунейæ» амонд нæ фæци.

Диссаг ма уый у, æмæ «Ирон фæндыр» рухс кæй федта, поэты Херсоны губернимæ куы ахастой, уæд. Хицауиуæггæнджыты нæ фæндыд, чиныг адæммæ фæхæццæ уа, уый, фæлæ йæ бауромын ницавæр цæлхдурты бон баци. Афтæмæй, Къоста хасты уыд, йæ «Ирон фæндыр» та рæстдзинады сæраппонд тохы бацыд. Уыцы æмбырдгонды æмдзæвгæтæ йын систы æнусон кадмæ хид.

Хетæгкаты Къостайы поэмæтæ «Фатимæ», «Тæрхоны раз», «Кæуæг айнæг» æмæ иннæтæ чиныгкæсæджы абон дæр зæрдæскъæфт кæнынц сæ мидис, фæлгонцтæ, цард, дзыллæйы цин æмæ сагъæс æмбарæг æнкъарæнтæй. Уымæ гæсгæ йын мысæм абон йæ ныхæстæ: «Везде, для всех я песнь свою слагаю, / Везде разврат открыто я корю / И грудью грудь насилия встречаю, / И смело всем о правде говорю». Сæ нысаниуæг сæфт нæу абон дæр. Поэт æнусæй-æнусмæ «ныфсджынæй дзурдзæн рæстдзинад», уымæн æмæ рæстдзинад у йæ уаз нысан, нæрæмон фидиуæг дзы чи скодта, ахæм тых у. Стыр поэтикон лæгдзинад равдисæг Хетæгкаты Къоста абон дæр цæры, цæрдзæн нæ фæдонты ‘хсæн дæр.

Поэт ма загъта: «Торжествуй, дорогая отчизна моя, / И забудь вековые невзгоды, – / Воспарит сокровенная дума твоя, – / Вот предвестник желанной свободы!» Æмæ абон, дзыллæйæн цины æмæ фыдæвзарæны рæстæг, мах мысæм, рæстдзинадыл тохы йæхиуыл чи нæ ауæрста, уыцы поэты рухс ном.

Уырыссаг æвзагæй ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац

ГАСАНТЫ Валери,
газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг

ДАГЕСТАН ÆМÆ ИРЫСТОН: ХÆЛАРДЗИНАДЫ УИДÆГТÆ

Гамзат Цадасайы бинонты сфæлдыстадон, зонадон æмæ рухсадон архайды нысаниуæг Ирыстон æмæ Дагестаны хæларадон бастдзинæдты уæрæх у. Кавказы цæрæг адæмтæ кæд сæ зондахастæй, миддуне, æгъдау æмæ культурæйæ алыхуызон сты, уæддæр сæ стыр æмæ хæлар бинонтыл абарæн ис. Сæ алкæй æвзаг, культурæ, æгъдæуттæн ирон адæм кодтой стыр аргъ, сæ алкæмæ дæр кæддæриддæр уыд уарзæгой цæстæнгас.

Дагестаны сфæлдыстадон интеллигенцийы ‘хсæн, йæ уды æмæ зæрдæйы, зонды, сфæлдыстадон æмæ зонадон уагыл Ирыстонимæ, куыд Цæгаты, афтæ Хуссары дæр, ирон адæмæн иууыл стырдæр аргъ чи кодта, зæгъгæ, куы бафæрсæм нæхи, уæд нæ цæстытыл ауайынц Дагестаны адæмон поэттæ Гамзат Цадаса æмæ йæ дыууæ фырты Расул æмæ Гаджийы сурæттæ.

Ирыстоны дзыллæ сæ номдзыд хъæбул Хетæгкаты Къостайы райгуырды 80 азы юбилей куы бæрæг кодтой, уæд нæ республикæмæ ссыдысты нæ бæстæйы номдзыд фысджытæ, æхсæнадон æмæ политикон архайджытæ, литературæиртасджытæ. Дзæуджыхъæуы Уырыссаг театры уыд Советон Фысджыты цæдисы пленум. Сæрмагондæй арæзт æрцыд Къостайы юбилеймæ; йе сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон бирæвæрсыг архайдæн ын уым стыр аргъ скодта нæ бæстæйы Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Александр Фадеев. Раныхас ма дзы кодта Михаил Пришвин. Дагестаны сфæлдыстадон интеллигенцийы номæй пленумы президиумы бадт Гамзат Цадаса. Уый æмбырды загъта цалдæр ныхасы Къостайы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй. Бакаст йæхи фыст номарæн дыууæ æмдзæвгæйы. Уый фæстæ Гамзаты фырт Расул – Дагестаны Фысджыты цæдисы сæрдар, Социалистон Фæллойы хъæбатыр, Ленины æмæ Советон Цæдисы паддзахадон премиты лауреат, прозаик, публицист, æхсæнадон архайæг – дарддæр кад æмæ радимæ хæццæ кодта, йæ фыд Ирыстон æмæ Дагестаны ‘хсæн цы литературон бастдзинæдтæ сарæзта, уыдон. Фыццаг хатт Дзæуджыхъæумæ æрцыд

1957 азы октябры. Фембæлд сфæлдыстадон интеллигенцийы æмæ фæсивæды минæвæрттимæ. Архайдта Хетæгкаты Къостайы райгуырды 100 азы юбилейы бæрæгбоны. Уыцы кадджын бар æм æрхауд канд Дзæуджыхъæуы нæ, фæлæ Мæскуыйы дæр.

«Къоста уыд адæмы поэт, цард сæ цин æмæ сæ сагъæстæй. Уымæй нæ бæстæйы алы адæймагæн дæр у хион, уарзон, зынаргъ йæ ном дæр æмæ йе сфæлдыстад дæр», – дзырдта йæ иу раныхасы Расул.

Зындгонд ирон фыссæг æмæ ахуыргонд Джусойты Нафийы сфæлдыстады тыххæй та афтæ дзырдта: «Нафи йæ аивадон критикон дзырдæй алкæддæр ныккæсы алы поэты, фыссæджы уды адæймагдзинады æмæ сфæлдыстадон «æз»-ы уидæгтæм. Нафи у курдиатджын критик. Йæ хъæлæс рæсугъдæй зæлы советон литературæйы, йæ дзырдаивады æмæ зонады».

Цæгат Ирыстоны облæсты партийы комитеты фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар иуахæмы фæдзырдта йæ кусæнуатмæ зындгонд скульптор, УФ-йы сгуыхт нывгæнæг Санахъоты Сергеймæ. Дзуарыхъæуæй Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ Гæздæнты Тасойы хæдзарæй цы авд сæрæнгуырды ацыд фæцу æмæ ма ‘рцуйы фæндагыл, уыдонæн цыртдзæвæн сæвæрыны хъуыды йын бамбарын кодта. Ацы фæнд фæцыд Сергейы зæрдæмæ, фæлæ йæ фæлгонц йæ цæстытыл нæ ауад. Сæ хæдзары бады, хъусы радиомæ. Уалынмæ дын Марк Бернес «Журавли» куы разарид эфиры. Санахъойы-фырт уайтагъд Хъæбæлоты Билармæ бадзырдта, Гæздæнты зынгхуыст æфсымæрты сурæттæ урс зырнæджыты хуызы саразыны тыххæй йæ фæнд бамбарын кодта. Билары зæрдæмæ дæр ацы хъуыды фæцыд. Скульптор райдыдта цыртдзæвæныл кусын. Йæ байгом кæныны кадджын æмбырдмæ Дзуарыхъæумæ хуынд уыд Расул Гамзатов. Раныхас дзы кодта, йæ зындгонд æмдзæвгæ дæр дзы бакаст. Афтæ зарæджы фæрцы Гæздæнты æфсымæрты сурæттæ бацыдысты дурын фæлгонцты. Иуæй, сæ цырт номарæн у, иннæмæй та – Дагестан æмæ Ирыстоны ‘хсæн хæлардзинады нысан. Цыртдзæвæн байгом Стыр Уæлахизы 30 азы юбилейы бонмæ.

Расул Гамзатовы æмдзæвгæтæ ирон æвзагмæ алы рæстæджыты тæлмац кодтой зындгонд ирон поэттæ Хъайтыхъты Геор, Мыртазты Барис, Цæрукъаты Алыксандр, Плиты Грис, Цæрукъаты Валодя, Тыджыты Юри, Дзасохты Музафер, Ходы Камал, Кокайты Тотрадз, Мамыкъаты Хъазыбег, Плиты Инал, Баситы Зæлинæ.

Расул Гамзатов æмæ йæ фыд Гамзат Цадасайы тыххæй суанг ивгъуыд æнусы 50-æм азтæй фæстæмæ иудадзыг дæр документалон сюжеттæ истой Цæгат Кавказы киностудийы сæрмагонд киножурнал «Северный Кавказ»-мæ. Фæстæдæр уыцы фætк кад æмæ радимæ дарддæр ахæццæ кодтой зындгонд кинорежиссер Рафаэль Гаспарянц æмæ кинооператор Михаил Немысский. Номдзыд поэты цард æмæ сфæлдыстадыл систой цалдæр документалон кинонывы. Дагестаны раз се сгуыхтдзинæдты тыххæй сын лæвæрд æрцыд республикæйы аивæдты сгуыхт архайджыты кадджын нæмттæ æмæ паддзахадон премитæ.

Расул Гамзатовы уацмыстæ ирон æвзагмæ тælмацгондæй дыууæ хатты рацыдысты хицæн поэтикон æмбырдгæндтæй. Фыццаг чиныг «Равзæрст уацмыстæ» рацыд 1978 азы. Дыккаг «Равзæрст уацмыстæ» (уырыссагау æмæ иронау) рухс федтой 2003 азы, номдзыд поэты 80 азы юбилеймæ. Дыккаг юбилейон рауагъдæн разныхас ныффыста РЦИ-Аланийы уæды Президент Дзасохты Алыксандр. Расул Гамзатовæн, йе ‘хсæнадон æмæ сфæлдыстадон бирæвæрсыг архайдæй ирон литературæ æмæ культурæйы рæзтыл тынг кæй сахадыдта, Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадон бынтæ Дагестаны æмæ нæ бæстæйы иннæ адæмты ‘хсæн парахат кæныны хъуыддагмæ стыр æвæрæн кæй бахаста, уый тыххæй лæвæрд æрцыд йæ номыл паддзахадон преми.

Хуссар Ирыстоны Цхинвалы 2022 азы 7 октябры Привокзальный уынджы Расул Гамзатовæн байгом кодтой бюст. Йæ автор – Хуссар Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг Бекъойты Алан. Хъуыддаг куы сырæзт, бюст æвæрд куы ‘рцыд, уæд сæвзæрд «Дыууæ адæмы хæлардзинады сквер». Поэты номарæн бонты дзы республикæйы сфæлдыстадон æмæ æхсæнадон интеллигенци, Хуссар Ирыстоны Хицауадимæ, студенттæ æмæ скъоладзаутимæ иумæ иудадзыг саразынц поэзийы бæрæгбонтæ. Расул Гамзатовы æмдзæвгæтæ æмæ прозаикон уацмыстæ фæкæсынц авайраг, уырыссаг, ирон æмæ æндæр æвзæгтыл.

Расул Гамзатов хæларæй æмæ уарзонæй цард Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны политикон, зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ Галазты Æхсарбег, Дзасохты Алыксандр, Джусойты Нафи, Цæгæраты Максим, Хъайтыхъты Геор, Мæрзойты Сергей, Хуыгаты Сергей, Мæхæмæтты Ахуырбег, Хъуысаты Генри, Беруаты Барис, Хуыбецты Рая, Девлет Гиреев, Брытъиаты Зариффæ, Гуырдзыбеты Иринæ, Хадыхъаты Фатимæ, Лолаты Тамарæ, УФ-йы сгуыхт ахуыр-

гænæг, Дзæуджыхъæуы 1-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литертаурæйы ахуыргæнæг Гусаты Еленæ, Кировы районы Змейкæйы станицæйы дыргъгуыстгæнæг хæдзарады раздæры директор Туаты Хъазыбегимæ.

Расул Гамзатовæн йæ кæстæр æфсымæр Гаджи Гамзатов уыд дæсны филолог, литературæиртасæг, филологон наукæты доктор. Стыр аргъ кодта ирон культурæ, литературæ æмæ аивадæн. Иртæста номдзыд поэт Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад. Хæларæй цард нæ интеллигенцийы минæвæрттимæ. Абайты Васойы сæдæ азы бон Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты уыд наукон-практикон конференци. Уым архайдта Дагестаны зонадон куспжыты стыр делегаци, сæ сæргъы Гаджи Гамзатов. Нæ намысджын ахуыргонды стыр зонадон куысты тыххæй афтæ загъта: «Абайты Васо фæллой кодта йæхицæн ном скæныны æмæ хорзæхтæ исыны тыххæй нæ. Абайы-фырт у хъысмæты адæймаг, карьерæйы фæсдзæуин нæ, фæлæ. Иунæгæй сарæзта æнæхъæн зонадон институты бæрц. Йæ зонадон архайд у бирæвæрсыг, йæ иртасæн цымыдистæ сты æгæрон. Йæ фæллæйтты дарддæр цæры сæ автор, йæ удцырын æмæ зонадон куысты фæлтæрддзинад. Схонæн сæ ис æнæхъæн фæллой, æндидзæн быдыр. Æз æхсызгонæй зæгъдзынæн уый, æмæ нæ хæххон бæстæйы дæр зонынц, уарзынц æмæ аргъ кæнынц уæ номдзыд Абайты Васойæн. Ис, йæ зонадон скъолайы зонды фæдыл чи цыд æмæ цæуы абон дæр, ахæм ахуыргæндтæ. Мах дзы арфæгонд æмæ бузныг стæм, уый тыххæй æмæ йæ зонадон куыстыты хицæн мидисджын æрмæджыты ис Дагестаны адæмыхæттыты æвзæгты тыххæй. Æз ацы форумы, иуæй, Дагестаны Республикæйы адæмты номæй архайын, иннæмæй та – хи зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ. Абайты Васойы фарн æгæрон у æмæ цæрæд мыггагмæ!»

Гамзат Цадаса æмæ йæ фырттæ Расул æмæ Гаджийы размæ Дагестан æмæ Ирыстоны ‘хсæн хæлардзинадæн йæ бындурæвæрджытæй иу уыд номдзыд ирон революционер, Дагестаны советон цардарæзты æрфидарыл тохгæнæг, Хæстон Сырх Тырысайы ордены кавалер Куындыхаты Муссæ. Уый уыд Дагестаны намысджын фырт Махач Дахадаевы цæдисон æмæ æмхъуыдыгæнæг. Иннæ та – Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг Тугъанты Махарбег.

Уыцы традицитæ абон дарддæр хæццæ кæнынц сæ фæдонтæ. Даге-

станы Республикæйы Адæмон æмбырды цур Фæсивæдон парламентæн æмæ нæ республикæйы хæрзаудæн фонд «Быть добру»-йы уæнгтæн 2019 азы Махачкалайы, фæстæдæр та Дзæуджыхъæуы уыд хæларадон фембæлд. Дыууæ республикæйы политикон æмæ æхсæнадон-культурон архайджытæ баныхас кодтой социалон-культурон æмгуыстдзинадыл. Ныридæгæн дæр фонд «Быть добру»-йы уæнгтæ хæрзаудæн нысанимæ цалдæр хатты уыдысты Махачкалайы. Бабæрæг кодтой, социалон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм организацитæ. Бакодтой сын хъæугæ æххуыс. Ацы аз кад æмæ радимæ Ирыстоны дыууæ хайы дæр бæрæг кæнынц Расул Гамзатовы райгуырды сæдæ азы юбилей. Нæ республикæйы Фысджыты цæдисы уыд цæлхæмбырд «Расул Гамзатов æмæ ирон литературæ». РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæйы директоры хæдивæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Бибуаты Иринæ мыхуыры рауагъта цымыдисаг чиныг «Расул Гамзатов и Осетия». Ацы культурæйы артдзæсты ма арæзт цæуынц Расул Гамзатовы уацмыстыл афæлгæстытæ, йе сфæлдыстадимæ баст алыхуызон конкурстæ æмæ равдыстытæ. Фенæн дзы ис киноныв тæ дæр.

Ацы æмæ бирæ æндæр мадзæлттæ сты Ирыстон æмæ Дагестаны ‘хсæн ног æмæ ног «хæлардзинады хидтæ» аразынæн æвæджиауы фæрæз æмæ рæстмæ уæнт!

Абачара ГУСЕЙНАЕВ

БÆХЫ ЦÆССЫГТÆ

Иу сæрд бафтыдтæн лекъаг хъæумæ, æмæ мын зæронд фыййау ракодта диссаджы хабар.

– Иу-фондз азы размæ карст хуымты хызтон колхозы фысвос, – йæ ныхас райдыдта зæронд лæг. – Мæнæй иу верст æддæдæр та хызти бæх йæ байрагимæ.

Хур аныгуылд. Алчи йæ фос йæ хæдзармæ баскъæрдта. Быдыры ма хизгæйæ баззадысты æрмæст бæх æмæ байраг. Уалынмæ кæцæйдæр фæзындысты дыууæ стыр бирæгъы æмæ сæ алфамбылай зилын байдыдтой. Бирæгътæ сæм куыдфæстæмæ сæхи хæстæгдæр баластой æмæ мадмæ дыууæрдыгæй лæбурдтой. Уый дæр кæй зæвæтæй риуыгъта, кæй къахæй, афтæмæй йæ хъæбулы ирвæзын кодта. Уæд бирæгътæ фæхицæнтæ сты: сæ иу бæхмæ разæй лæбурдта, иннæ та йæм фæстæты бацыд æмæ йе ‘ккойы абадт. Мæгуыр бæхæн ма цы гæнæн уыдис, æррайау фæцис æмæ, бирæгъ йе ‘ккойы, афтæмæй хуыррытгытгæгæнгæ тыгъд быдырмæ йæ ных сарæзта. Уæдмæ дыккаг бирæгъ йæхи байрагыл ныццавта.

Æз хъæргæнгæ разгъордтон бæхы размæ. Бирæгъ мæн куы ауыдта, уæд бæхы фæуагъта æмæ фæстæмæ ныййарц, байраг æмæ йе ‘мбалы кæм ныууагъта, уырдæм. Бæх куыддæр бирæгъæй феуæгъд, афтæ йæ хъустæ фæхъил кодта æмæ та фæстæмæ атахти йæ хъæбулы ирвæзын кæнынмæ. Æз дæр азгъордтон йæ фæдыл.

Куы сæм бахæццæ дæн, уæд тугдзых сырдтæ лидзынмæ фесты, байраджы æрдæгкъабæзтæй фæуагътой, афтæмæй. Бæх сæргуыбыр, æнкъардæй лæууыди йæ мард хъæбулы раз æмæ ставд цæссыг згъæлдта... Æз бæхы раз æрлæууыдтæн. Мæ зæрдæ æрбауынгæг мæнæн дæр, æмæ ахъуыды кодтон: цымæ цæмæн цæрынц дунейыл тугдзых бирæгътæ?



МÆНГАРД РУВАС

Иубон ме ‘мбалимæ ærбацæйцыдыстæм Сумбатлийы рæзты Вачийы хъæумæ.

– Уалæ уыцы айнæг къæдзæх куыд хуыйны, уый зоныс? – афарста мæ ме ‘мбал. Хурыскæсæнырдыгæй къæдзæх йæхи бакъул кодта бæрзонд хохыл, хуссар, цæгат æмæ ныгуылæнырдыгæй та уыди цæхгæр лæбырдтæ.

– Зонын, – загътон æз, – уый хуыйны Къассу.

– Раст зæгъыс! Фæлæ уый тыххæй никуы ницы фехъуыстай?

– Нæ, ницы фехъуыстон.

– Уæдæ дын æз ныртæккæ диссаджы хабар ракæндзынæн.

Къассу кæуыл ныхæст у, уыцы хохыл кæддæр хызтысты фысвосы дзугтæ. Фыййæуттимæ уыди æхсæз хъæхъхъаг фыййау куыдзы.

Иубон уæтæрмæ æввахс фæзынди рувас. Куыйтæ йæ куы ауыдтой, уæд æй сæ разæй айстой. Рувасæн, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ сæр йæ кой сси, æмæ йæ ных Къассуйы хохы цъупмæ сарæзта. Мæнæ-мæнæ йæ куыйтæ байфдзысты, зæгъгæ, афтæ рувас йæ къæдзил фездыхта æмæ цыдæр ærбаци. Куыйтæ уæддæр дарддæр згъордтой.

– Æмæ уæд рувас та цы баци? – афарстон æй æз.

– Рувасæн та хъуамæ цы уыдаид? Айнæджы былмæ куы ‘рбацæйхæццæ кодта, уæд йæ сæпп фæурæдта, йæ къæдзил фæхъил кодта, цыма былæй агæпп ласта, уыйау, йæхæдæг иуварс фæзылди æмæ æнцад-æнцойæ афардæг хæхтæм. Куыйтæ та уыциу растæй былæй атахтысты æмæ... дæ фыдгул афтæ... Фыдæлты ныхасау, рувасæн йæ хинтæ йæ къæдзилы сты.



Магомед-Султан ЯХЪЯЕВ

ХЫЛ

Мах рагæй хæлæрттæ стæм Ахмедимæ, иу бонæй фæстæмæ та балымæн стæм уæлдай тынгдæр. Ныртæккæ уын æз радзурдзынæн, хабар куыд уыдис, уый.

Сæрды мах æдзухдæр нæхи фæнайæм, нæ хъæуы фале хъæдрæбын цы цад ис, уым. Уыцы бон нæхи найынмæ уыдыстæм иу-дæс лæппуйæ. Цæуæм ныхæстæгæнгæ фæндагыл, Ахмед – чысыл раздæр, æз – йæ фæдыл. Немæ уыдис Махмуд Керимов дæр. Уый нымад у не скъолайы лæппутæн сæ тæккæ домбайдæрыл. Æмæ дын мæ уыцы Махмуд афарста:

– Цымæ уæ дыууæйæ чи тыхджындæр у, ды æви Ахмед?

– Нæ зонын, нæ тыхтæ нæ барстам, – дзуапп ын радтон æз.

– Æмæ цæуылнæ барстат? Æвæццæгæн дзы тæрсгæ кæныс, нæ?

– Цæмæй дзы тæрсын! Мах дыууæйæ дæр æмхуызон тыхджын стæм.

– Уый – дзыхæй дзургæйæ! – загъта та Махмуд. – Фæлæ хъуыддаг хылмæ куы æрцæуид, уæд лидзæг фæуаис!

Нæ уарзтон æз уыцы Махмуды. Гъе стæй йæ иннæ лæппутæй дæр ничи уарзта. Махæй тыхджындæр кæй уыди, уый тыххæй ныл уæлахиз кодта алы хъуыддаджы дæр. Куы-иу искæмæн йæ аходæны æхца байста, куы та-иу йæ зæрдæйы дзæбæхæн искæмæн йæ уадул ныдздзæхст ласта. Уæлдай хуыздæр та йæм касти лæппуты кæрæдзийыл ацардауын. Уыцы æвзæр миниуджытæ йын æз рагæй дæр бæргæ зыдтон, фæлæ мæм ацы хатт йæ ныхæстæ уæлдай хъыг фæкастысты. Ноджы ма лæппутæ мæ алфамбылай цымыдисхуызæй æнхъæлмæ кастысты, цы зæгъдзынæн, уымæ.

– Нæ фæтæрсдзынæн! – фæхъæр кодтон æз.

Махмуды дæр ма æндæр цы хъуыди!

– Ей, Ахмед! Ардæм-ма рауай! – фæдзырдта уый ме ‘мбалмæ. – Гаджи афтæ зæгъы, куы, дам мæ бафæнда, уæд, дам æй æрхойдзынæн.

Æз ахæмæй ницы загътон, фæлæ мæ Махмуд сдзурын дæр нал бауагъта. Уайтагъд бауад, Ахмеды худы хъуынтæй иу бындзыг ратыдта æмæ йæ мæнмæ æрбадардта.

– Бафу йыл кæн!

Мах лæппутæм ахæм æгъдау ис: куы бафу кæнон уыцы хъуынты бындзыгыл, уæд разы дæн йемæ хыл кæныныл, æмæ дзырдæн фæстæмæ исæн нал ис, кæннод дыл æнустæм тæппуды ном баззайдзæн.

Фælæ уæддæр æз Махмуды къух иуварс асхуыстон æмæ загътон:

– Æз Ахмедæй нæ тæрсын, фælæ хыл нæ кæнын йемæ.

– О, фæтарсти, фæтарсти! – ныхъхъæр ласта Махмуд. – Нæ йæм кæсут, лæппутæ, йæхицæй æппæлыди, афтæмæй та тæрсгæ кæны.

– Ницы æппæлыдтæн мæхицæй! – загътон æз. Фælæ мæм Махмуд хъусгæ дæр нæ бакодта. Мæ худæй мын цалдæр хъуыны ратыдта æмæ сæ Ахмеды былтæм бадардта.

– Уæд та сыл ды бафу кæн!

– Нæ фу кæнын! – фæхъæр ыл ласта Ахмед æмæ йын йæ къух иуварс ариуыгъта.

– Ай дæр тæппуд куы у! Кæрæдзи аккаг хæлæрттæ сты! Гаджи ныртæккæ мæнæ ацы ран йæхицæй æппæлыди, цы минут мæ бафæнда, уыцы минут Ахмеды ранæмдзынæн, зæгъгæ. Дзырдтай æви нæ дзырдтай? – æрбауырдыг мæм Махмуд.

– Загътон, нæ дзы тæрсын, зæгъгæ, фælæ...

– Хъусут, загътон, дам! – мæ дзырд мын мæ дзыхæй аскъæфта Махмуд. – Фехъуыстай йæ, Ахмед? Загътон, зæгъы! Уæдæ ма мæнæй исчи афтæ зæгъæд, æз æй ныртæккæ ацы ран!..

– Æцæг афтæ загътай? – æрбадзырдта мæм Ахмед, йæ цæсгом туджы разылд, афтæмæй.

Æз мæ дзых дæр нæма бахæлиу кодтон, афтæ лæппутæй чидæр ныхъхъæр ласта:

– Дзырдта, дзырдта! Æппæлыд йæхицæй!

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, Ахмед бынтондæр рафыхти. Цæхгæр фæзылд Махмуды ‘рдæм, йæ тых-йæ бонæй ныффу кодта хъуынты бындзыгыл, æмæ уыдон дæр фæйнæрдæм фæтахтысты.

– Лæппутæ, ралæуут-ма фæйнæрдæм æмæ зылд ацаразæм! – дзырдта Махмуд, фыр цинæй йæ къухтæ асæрфта, афтæмæй. – Гъеныр райдайут хыл кæнын, кæннод уæ æз мæхæдæг æрдзæрна кæндзынæн!

Цы гæнæн ма нын уыдис, æмæ мах дæр Ахмедимæ кæрæдзимæ фестæм. Фыццаг уал æнæбары æвнæлдтытæ кодтам, стæй куыдфæстæмæ, гъайдæ-мардзæ, зæгъгæ, стынг ис нæ хыл! Лæппутæ нæ алфамбылай æртымбыл сты. Махмуд хъæр кæны:

– Бадæтт æм дзы! Цæв æй тынгдæр! Тæппуд ма у!..

Фыццаг æз Ахмедыл тых кæнын райдыдтон, мæ быны дæр ма йæ аууæрстон. Фælæ дын Ахмед фæрæвдз æмæ мын мæ фындзы хъæлæн

тымбыл къухæй иу ныддаудта. Мæнæн мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой, фындзæй туг фемæхст...

Лæппутæ ма нæ тыхтæй-амæлттæй кæрæдзи къухтæй скъахтой. Ноджы ма мыл фæндагыл худтысты, уымæн æмæ махмæ, туг кæмæй рацæуа, састы бынаты уый баззайы. Мæнмæ уый афтæ хъыг касти, æмæ цæттæ уыдтæн ног хыл ракъахынмæ дæр!

Фæлæ уал байхъусут, дарддæр хъуыддаг куыд уыдис, уымæ.

Æрбацыдыстæм цады былмæ. Лæппутæ сæ дараес феппæрстой æмæ доны багæппытæ кодтой. Æз та цады былгæрон æрбадтæн æмæ мæ тугтæ æхсадтон. Мæ хæдоны тугтæ дæр цæхсадтон æмæ йæ хурмæ байтыдтон, мæ мад æй куыд нæ базона, афтæ. Мæ зæрдæ фыр мæстæй сыгъди, мæ фындз ныддæнгæл. Мæхи найын дæр мæм нал цыди, афтæмæй та нæ хъæуы лæппутæй мæнæй дæсныдæр ничи у ленк кæнынмæ. Мæ хæдоны фарсмæ кæрдæгыл æрхуыссыдтæн. Фыр мæстæй мæ цæссыг тыххæй урæдтон.

Нæ, ныр æз Ахмедимæ никуыуал бахæлар уыдзынæн. Æз куынæ бафу кодтон худы хъуынтыл, уæд уый уайтагъд цæмæн баууæндыд Махмуды ныхæстыл, йæ рагон хæлары сæр цæмæн ауæй кодта? Ноджы ма мын мæ фындз дæр ныппырх кодта!.. Нæ, нæ, æз уый нæ ныббардзынæн!..

Бирæ фæхуыссыдтæн ахæм уæззау хъуыдытимæ. Цадæй хъуысти лæппуты хъæлдзæг цъæхахст. Хуры хъарм тынтæ æмæ мын кæрдæджы адджын тæф мæ маст фæсабыр кодтой, æмæ йæ мæхæдæг дæр нæ бамбæрстон, куыд афынæй дæн, уый.

Уалынмæ мæ цыма исчи рæхойгæ фæкодта, уыйау фестъæлфыдтæн. Цыдæр бæллæх æрцыди цады, фæлæ цы, уый æвиппайды нæ бамбæрстон.

– Фæ-ди-и-ис!.. Вай! Дон мæ фæласы!..

Куыд æнхъæлут, цымæ чи хъæр кодта уый? Ахмед!

Цæй маст æмæ ма цæй æфхæрд! Мæхæдæг дæр æй нал бамбæрстон, мæ къæхтæ мæ сæхæдæг цады былмæ куыд ахастой, уый. Мах Ахмедимæ суанг фыццæгæм къласæй фæстæмæ хæлæрттæ уыдыстæм, æмæ уæм уый хуымæтæг хъуыддаг ма кæсæд!..

Лæппутæ иууылдæр былгæрон сдзыгуыр сты æмæ уырдыгæй хъæр кæнынц, сæ къухтæ тилынц. Фыр тыхстæй нал арæхстысты, мæгуыр лæппуйæн куыд баххуыс кæнын хъæуы, уымæ. Æз сæ фæйнæрдæм асхуыстытæ кодтон æмæ æд хæлаф доны смидæг дæн. Цады бæрæг

астæу Ахмед йæ гæндзæхтæ цæгъды, йæ къухтæй дон тъæпп-тъæпп кæны, йæ цæстытæ ныссырх сты. Хъæр кæныныл дæр ма бæргæ архайы, фæлæ йæ хъæлæс нал хъуысы.

Æз æм ныхъхъæр ластон:

– Ныртæккæ, ныртæккæ! Фæцæуын дæм! – æмæ йæм баленк кодтон.

Бахæццæ йæм дæн, фæлæ дарддæр цы кæнон, уый мæхæдæг дæр нал зыдтон. Ахмед мын мæ цонгмæ фæлæбурдта, æмæ дыууæйæ дæр доны бынмæ афардæг стæм. Тыхтæй-амæлттæй ма фæстæмæ сленк кодтам. Нæ ахсæнтæ донæй байдзаг сты. Ахмед та мæ ног мæ цонгæй рацахста. Æз æм дзурын:

– Ленк кæн! Дæ къухтæ тил!.. – мæхæдæг былгæроны ‘рдæм бахæццæ уæвыныл архайын.

Чи зоны, æмæ дыууæйæ дæр фæдæлдон уыдаиккам, фæлæ уæдмæ не ’мбал лæппутæ сæхи æрæмбæрстой æмæ нæм æрбаленк кодтой цалдæрæй.

Былгæронмæ куыд æрбахæццæ стæм, уый æз нал бамбæрстон. Æрмæст ма хъуыды кæнын, Ахмедимæ кæрдæгыл фæрсæй-фæрстæм куыд бадтыстæм æмæ хуыфгæ-хуыфын дон нæ хъæлæсæй куыд калд. Лæппутæ нæ алыварс æрæмбырд сты æмæ нын амонынц алы хостæ. Чидæр сæ афтæ зæгъы:

– Аразгæ улæфт сын скæнын хъæуы.

Ацу, зæгъын, ардыгæй дæ аразгæ улæфтимæ. Æрхъуыды мын кодта!

Ахмед фæстагмæ куы сулæфыд, уæд ризын байдыдта æмæ цъæх-цъæхид афæлдæхт. Махмуд æй фæрсы:

– Цы дыл æрбамбæлди, дæ хорзæхæй? Дæхицæн дзæбæх ленк кодтай, стæй дæ æвиппайды дон ласын байдыдта.

– О, лæппутæ! – загъта Ахмед. – Цады астæумæ куы бахæццæ дæн, уæд мæ чидæр мæ къæхтæй рацахста æмæ мыл бынмæ æрхæцыдис. Ард уын хæрын, рæстытæ дзурын! Чидæр дзы бады доны бын, æвæццæгæн, Донбеттыр у. Уыциу лæбурд фæкæны æмæ адæймаджы йæхимæ æрбалвасы! Гаджи куынæ уыдаид, уæд æз уырдыгæй никуыд раирвæзтаин!

Уыцы ныхæстæм хъусгæйæ, Махмуд ныккæл-кæл кодта, фыр худæгæй ма йæ гуыбыныл ныххæцыди.

– Донбеттыр, дам! Вай! Мæлын!.. Нæ чысыл цады Донбеттыр! Уыдон доны зайæгойтæ сты, уыцы бынат æз мæхæдæг хорз зонын. Куыд тæппуд дæ, куыд, Ахмед!

Ахмед дын уыциу сæррæтт фæласта æмæ Махмудмæ балæбурдта. Донласты фæстæ ма йæм утæппæт хъару дæр кæцæй разынд, нæ зонын.

– Уайгæ ардыгæй! – фæхъæр ыл кодта Ахмед, йæхæдæг фыр мæстæй зыр-зыр кæны. – Цæугæ, хуыздæр дын уыдзæн!

– Сабырдæр, сабырдæр у! – йæ худын фæурæдта Махмуд. – Кæннод, донласт дæ, уый дæр нал ахъуыды кæндзынæн æмæ дæм дзы дзæбæх бадæтдзынæн!

Уæд æз дæр фæгæпп ластон æмæ Махмудмæ бауырдыг дæн:

– Бавнал ма йæм уæдæ!

– Циу, цы уыл æрцыди, лæппутæ? – бахъуыр-хъуыр кодта Махмуд, йæхæдæг дарддæр алæууыд. – Хъазæн ныхас скæнæн дæр нал ис æви?.. Фæлæ йæ мах хъазæн ныхæстæм нал бауагътам. Ахмедимæ йæм балæбурдтам æмæ йын сау над скодтам, мæ пырх фындзы тыххæй, кæрæдзийыл нæ кæй сардыдта, уый тыххæй, йæхи ныл сæрыстыр кæй кодта, уый тыххæй дæр. Цыбыр дзырдæй, абон дæр нæ нæма ферох кодта, æвæццæгæн. Нæ разæй афтæ тагъд лыгъди, æмæ ма йæ зæвæттæ ферттив-ферттив кодтой. Афтæмæй не скъолайы та нымад уыди тæккæ хъæбатырдæр лæппуйыл.

Ахмедимæ нæ ныр, кæй зæгъын æн хъæуы, ничиуал фæхицæн кæндзæн.



ПЕХЛЕВАН

Иу сæрд мæ мад æмæ мæ фыдимæ ацыдтæн хохмæ. Мæ фыдымад мын балæвар кодта урс сæныкк. Мæ сæныкк-иу цыфæнды бæрзонд къæдзæхы сæрмæ дæр суадаид æмæ-иу уырдыгæй рагæпп ластаид – æппын ницæмæй тарст.

Сæныкк мемæ тынг бахæлар ис. Сусæгæй-æргомæй йын хастон хæринæгтæ, æмæ уый дæр къæбылайау мæ фæдыл згъордта.

Æз бирæ фæлæгъстæ кодтон мæ мад æмæ мæ фыдæн, сæныччы немæ горæтмæ аласæм, зæгъгæ, æмæ уыдон дæр æрæджиау сразы сты.

– Æрмæст æм дæ цæст хорз дар, – фæдзæхста мын нана. – Ныр ма хæрзчысыл у, æмæ йын æнæ мадæй зын уыдзæнис. Æхсыр ын-иу дæтт.

Сæныччы немæ сæвæрдтам машинæйы æмæ йæ æрластам Махач-каламæ.

Æз ме ‘мбæлттæм равдыстон нанайы лæвар, æмæ дыууæ боны дæргъы нæ хæдзар сывæллонæй цух нæ кодта: цыдысты æмæ цыдысты сæныкк уынынмæ. Раздæр сæныччы дардтам, къухнайы цы къæбицгонд ис, уым. Фæлæ уый фæстæ мæ мад загъта:

– Æз мæ хæдзары сæгъ нæ фæдардзынæн! Уæртæ йын сарайы иу къуым скæнут.

Мæ фыд кæцæйдæр фæйнæджы лыггæгтæ æрбахаста, æмæ йын дыууæйæ сарайы къуымы дзæбæх хæдзар скодтам. Дуары бæсты йын сæвæрдтам зæронд арынг, йæ быны та йын бакодтам хъæмп, цæмæй йын фæлмæн уа.

– Йæ ном та куыд уыдзæн? – афарста мæ мæ фыд.

– Нæ зонын, – загътон æз. – Ном ын нæма æрхъуыды кодтон. Лæппуты афæрсын хъæудзæн.

– Сывæллон ма куы уыдтæн, уæд мæнмæ дæр уыдис сæныкк, – загъта мæ фыд. – Æмæ йæ æз Пехлеван хуыдтон.

– О, уæдæ йæ æз дæр афтæ хондзынæн!

Ном Пехлеван, ома бæндæнылкафæг, мæ зæрдæмæ тынг фæцыдис; уымæн æмæ цирчы хъазджытæй уæлдай фылдæр уарзын бæндæнылкафджытæм кæсын. Нæ кæрты цæрджытæ уайтагъд сæныкмæ сидын байдыдтой Пехлеваны номæй. Æмæ, раст зæгъгæйæ, æцæг бæндæнылкафæджы хуызæн уыди. Сарайы сæрты æмæ-иу хæдзæртты сæрты гæппытæ кодта.

Æнæуи дæр диссаджы хъæлдзæг сæныкк уыди: бон-сауизæрмæ-иу кæрты чъыллиппæй хъазыд, суанг ма-иу гæдыйыл дæр узæлыныл схæцыд, фæлæ-иу уымæн йæ хъуын арц абадти æмæ-иу футтытæ кæнгæ лидзæг фæци. Сæныкк дæр-иу йæ цыбыр къæдзил фæхъил кодта æмæ-иу æй фæсте асырдта. Искуы иу хатт-иу Пехлеваны фæсгорæтмæ хизынмæ акодтон. Уым-иу цалдæр сахаты цъæх кæрдæгыл фæхызти, стæй-иу нæхимæ куы цыдыстæм, уæддæр ма йын-иу мемæ фæлмæн кæрдæджытæ æрбахастон. Нæхимæ йын æнæуи хæринæгтæй уæлдай алы бон дæр лæвæрдтон æхсыр, æмæ сæныкк рæзыд, нард кодта. Уалынмæ йын сыкъатæ дæр фæзынди æмæ куыдфæстæмæ здыхсгæ цыдысты, хъомыл сæгъæн куыд вæййынц, уыйау.

Иубон мын мæ мад афтæ зæгъы:

– Æз хъуыддаджы фæдыл цæуын кæдæмдæр, æмæ-иу ды хæдзар иунæгæй ма ныууадз.

Уаты иучысыл абадтæн, стæй æнкъард кæнын байдыдтон æмæ загътон: «Цон фæлтау Пехлеванмæ», – æмæ сарамæ разгъордтон. Дуарæй бахызтæн, кæсын: арынг иуварс æппæрст, сæныкк йæ бынаты нæй. Æз фæхъæр кодтон:

– Пехлеван, Пехлеван, кæм дæ?!

Сарайы иннæ къуымæй мæм райхъуысти: «Ме-е...»

Базгъордтон æм, æмæ дын мæ Пехлеван дæргъæй лæууы æмæ мæм кæсы тæригъæддаг цæстытæй.

– Цы дыл æрбамбæлд, мæ гыццыл Пехлеван?

– Ме-е-е... – ноджы уынгæгдæр хъæлæсæй бауасыд сæныкк. – Ме-е-е...

– Ма фæрынчын у! – фæтарстæн æз. – Фест-ма уæлæмæ, фест!..

Куыддæр сæныкмæ февнæлдтон, йæ къæхтыл æй слæууын кæнон, зæгъгæ, афтæ йæ гæндзæхтæ бацагъта æмæ ныууасыди.

Æвæццæгæн, зæгъын, йæ гуыбын риссы. Фæлæ цы чындæуа?..

Ахæм тæригъæд фæкодтон сæныккæн, æмæ ма мæ цæссыг тыххæй баурæдтон.

Уалынмæ сарайы дуарæй æрбакаст нæ сыхæгты лæппу Тæгир. Ахуыр дæр иу къласы кæнæм Тæгиримæ.

– Цæй хъæр у уый? – афарста мæ Тæгир. – Цы ми кæныс ам?

– Пехлеван фæрынчын! Фæмæлы, цы йын акæнон?!.

Тæгир дзуццæджы æрбадти, сæныччы гуыбын йæ къухæй асгæрстытæ кодта æмæ йæ сæр батылдта:

– О-о, йæ хъуыддаг хорз нæу!

– Уæдæ æцæг амæлдзæн?!. – бынтон фæудаист дæн æз.

– Нæ зонын... – загъта Тæгир. – Дохтыр æм куы æрбакæниккам...

– Æмæ дын дохтыр кæцæй æрбакæнон?

– Телефон уæм куы ис. Бадзур Тагъд æххуысмæ.

– Æцæг, æцæг, – ахъуыды кодтон æз дæр æмæ базгъордтон телефонмæ.

– Тагъд æххуыс-ма мын аваер, дæ хорзæхæй! – бадзырдтон телефонисткæмæ.

Трубкæйæ цавæрдæр къæр-къæр ссыди, стæй дзы райхъуыст сылгоймаджы хъæлæс:

– Тагъд æххуыс дæм хъусы.

– Дæ хорзæхæй, æвæстиатæй рацæут, Пехлеван фæрынчын!

– Пехлеван? – афарста мæ сылгоймаг. – Йæ мыггаг та куыд у?

– Нæ зонын... Мыггаг ын нæй, нырма бынтон гыццыл у.

– Цал азы йыл цæуы?

– Цæй азтæ! Нырма йыл æртæ мæйы йеддæмæ нæма цæуы.

– Æмæ ды та чи дæ?

– Æз Гаджи дæн.

– Дæ мыггаг та?

– Мусаев.

– Хистæртæй ничи ис дæ разы?

– Ничи. Иууылдæр ацыдысты... О, курын дæ, рæвдздæр, кæннод Пехлеван амæлдзæн! – ныллæгъстæ йын кодтон æз.

– Гъе уый дын бæллæх, гъе! – арф ныууылæфыд сылгоймаг. – Цæй, дзургæ, дæ адрис куыд у.

Æз ын æй загътон.

– Ныртæккæ фæцæуæм, – ныфс мын бавæрдта сылгоймаг. – Уынгмæ-иу нæ размæ рауай.

– Хорз! Æнхъæлмæ уæм кæсдзынæн. Бузныг!..

Хæтæл æрæвæрдтон æмæ фæстæмæ сарамæ разгъордтон. Пехлеван дæргъæй лæууыд æмæ ænæрæнцайгæйæ хъæрзыдта.

– Бадзырдтай дохтырмæ? – афарста мæ Тæгир.

– Бадзырдтон. Ныртæккæ æрбацæудзысты. Ды уал ам абад, æз сæ размæ ауайон.

– Уайгæ.

Уынгмæ разгъордтон æмæ сæм æнхъæлмæ кæсын. Уалынмæ фæстигъæй æрбазынд егъау урс машинæ, йæ ныхыл – сырх дзуар.

– Ардæм, ардæм! – ныхъхъæр кодтон æз æмæ сæм мæ къух фæтылдтон.

Машинæ нæ дуармæ ærлæууыд, æмæ дзы рахызтысты ацæргæ лæг тызмæг цæстæнгасимæ, йæ къухы чысыл чумæдан, афтæмæй æмæ рæсугъд ærыгон сылгоймаг. Сæ дыууæйыл дæр уыди урс халаттæ.

– Кæм ис рынчын? – афарста лæг.

– Цомут, равдисон уæм æй, – æмæ сын сарайы ‘рдæм ацамыдтон.

– Кæдæм нæ кæныс? – дисхуызæй афарста сылгоймаг.

– Сарамæ. Рынчын уым ис. Рауайут ардæм... Мæнæ ис!

– Рынчын ды дæ? – афарста лæг Тæгиры.

– Нæ, æз æнæниз дæн. Уæртæ Пехлеван у рынчын, – загъта Тæгир æмæ сæныкмæ ацамыдта.

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, лæг фыр мæстæй йæ къæхтæ ærцагъта æмæ фæхъæр ласта:

– Гъе уый дын æнаккаг митæ, гъе! Къулбадджытæ! Адæмæн нын рæстæг фаг нæу, адон та нæ сæгъмæ ærбакодтой! Ацы хъуыддаг æз афтæ нæ ныууадздзынæн!..

Тынг хъыг мæм фæкастысты йæ ныхæстæ.

– Æз къулбадæг нæ дæн, – загътон ын æз. – Мæ сæныкк фæрынчын, мæлгæ кæны, æмæ дæм уымæн бадзырдтон!..

Фæлæ лæг йæ хъæрæй не ‘нцад.

– Æз ын йæ ныййарджыты фæивар кæндзынæн! Йе скъоламæ дæр ын фехъусын кæндзынæн!..

– Фæлæуу-ма, Юсуп Керимович! – загъта сылгоймаг. – Тагъд ма кæн...

Фæлæ йæм лæг хъусгæ дæр нæ бакодта, афтæмæй фæдуарæдде ис. Сылгоймаг Пехлеваны раз дзуццæджы ærбадти æмæ йæ фæлмæн къухæй ærсærфта. Сæныкк дæр дын йæ уасынæй фенцад.

– О, мæгуыр йæ бон! – загъта сылгоймаг. – Дæ гуыбын риссы, нæ? Æвæццæгæн, исты æвзæр хал ахордтай? Тæрсгæ ма кæн, ныртæккæ дæ мах адзæбæх кæндзыстæм...

Сылгоймаг йæ хызынæй систа цавæрдæр хос, йе ‘нгуылдзты æхсæн æй амур ласта, мæ армытъæпæны йæ æркодта æмæ мын загъта, донимæ йæ азмæнт æмæ йæ Пехлеванæн бадар, зæгъгæ.

– Райсом та-иу æй хъомты дохтырмæ бахæсс, – загъта мын уый. – Стæй дæ зæрдыл бадар: мах адæмы дохтыртæ стæм, фосæн та ис сæрмагонд рынчындæттæ.

Уый ма Пехлеваны асæрфтытæ кодта æмæ ацыди машинæмæ.

Уыцы хосы фæстæ сæныкк фæдзæбæхдæр, йæ нæтынæй фæхъус æмæ йæ бынатмæ дæр йæхæдæг сабыргай бацыди.

Æз æнхъæлдтон, мæ мад æмæ мæ фыд куы æрбацæуой, уæд мæм хæцдзысты, Пехлеванмæ адæймаджы дохтыр кæй æрбакодтон, уый тыххæй, фæлæ æнæ мастæй аирвæзтæн.

Дыккаг бон мæ фыдимæ иумæ Пехлеваны ахастам хъомты дохтырмæ. Уым нын хостæ радтой, æмæ сæ æз Пехлеванæн дардтон æхсыримæ. Сæныкк бонæй-бон дзæбæхдæр кодта, стæй та чъыллиппытæ дæр байдыдта.

Ныр стыр сæгъы йас сси. Сæрды каникулты та мæ фыдымадмæ хохмæ цæудзынæн, æмæ мын Пехлеваны дæр мемæ æнæ аласгæ нæй, кæддæра ма йæ базондзысты?

Уырыссаг æвзагæй ТУАТЫ Л. тæлмац





Абуталиб ГАФУРОВ (1882 – 1975) – Дагестаны адæмон поэттæй иу, зындгонд уыд йæ райгуырæн бæстæйы æппæт адæмыхæттыты 'хсæн дæр. Расул Гамзатов æй скодта йæ роман «Мой Дагестан»-ы сæйраг хъайтар. Уый ныффыста, уæ размæ уын кæй хæссæм, йæ уыцы зонды ныхæстæ дæр.

АБУТАЛИБЫ ЗАГЪДАУ...

* * *

Иу læджы йæ куыстæй систой. Иуцасдæры фæстæ йæ Абуталиб чындзæхсæвы федта. «Сæрибар» лæг раздæр æнæрвæссон уыд, ныр æнæхъæн бон зарыд, кафыд, хъазæн ныхас кодта. Абуталиб загъта:

– Цы диссаджы лæг сæфт уыйбæрц рæстæг.

* * *

Иу læмæгъ актер æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта æмæ ма чиныг дæр рауагъта. Абуталиб загъта:

– Уый поэты ролы хъазы. Фæлæ йæ хъазы йæ иннæ фæлгонцтау тынг æвзæр.

* * *

Цалдæр фыссæджы хохмæ бæрæгбонмæ фæхуыдтой. Фысджытæ læвæрттæ бамбырд кодтой æмæ Абуталибы фæрсынц:

– Ды дæр, æвæццæгæн, афтид къухæй нæ ацæудзынæ?

Абуталиб фæцырд:

– Цытæ дзурут?! Æз мемæ кæнын не 'фсины, сывæллæтты, мæ хæстæджытæй кæйдæрты. Адæймагæй ма зынаргъдæр цы уа?

* * *

Абуталиб фембæлд, бирæ хъыцъыдæттæ йын чи бануазын кодта, уыцы рауагъдадон кусæгимæ. Загъта йын:

– Кæс-ма, дæ сæр куыд фæхалас.

– Абуталиб, æмæ ды урссæр рагæй куы дæ.

– Æз дæу тыххæй афтæ фæдæн, фæлæ ды та мæ хал цæмæн ахордтай, ацу æмæ йæ базон.

* * *

Иу поэт Абуталибы цур йæхицæй æппæлынæй нал æфсæст. Абуталиб ын загъта:

– Дæ хъуыдытæ-ма мын иу цалдæр уысммæ æфстау авæр.

– Цæмæн?

– Дæхæдæг дæхи тыххæй æдзух куыд хъуыды кæныс, æз дæр дæ иу уысм уæддæр афтæ хорзæй æрымысон.

* * *

Уынджы иу læмæгъ поэт тынг рæсугъд чызгимæ фæцæйцыд. Абуталиб бафиппайдта:

– Уарзондзинадæй амонд кæй нæй, уый тынг хорз æмдзæвгæтæ фæфыссы. Æмдзæвгæтæ фыссын чи нæ зоны, уый та, æвæццæгæн, уыцы амондæй æххæстæй фæхайджын вæййы.

* * *

Ныхас рацыд дæсны æмæ арæхстджын уæвыныл. Абуталиб загъта:

– Зынгæ цы нæ кæны, чысыл, бæрæг цы нæу, ууыл хъæуы бæстон æмæ зæрдæмæхъаргæ ныхас. Стыр æмæ зындгонд хабарыл дыууæ ныхасы дæр фаг у.

* * *

Абуталибы фæхуыдтой ресторанмæ. Уый загъта:

– Даргъ, «ивæзт» æмдзæвгæтæ нæ уарзын. Уарзын цыппарræнхъонтæ, æмбисæндтæ, рагон адæмы цыбырæй загъд хъуыдытæ. Абардзынæн сæ зæрдæйæн æхцон духанимæ (чысыл хæрæндон – ред.). Рестораны хъæуы дзæнгæда цæгъдын, духаны – бæстон ныхас кæнын, рестораны се ‘ппætæн дæр иу оркестр ис, духаны – алкæмæн йæхи зарæг, рестораны алы дзæгъæлдзуты фендзынæ, духаны – адæмы.

* * *

Стыр бынаты кусæг адæймаг йæ цармы нал цыд. Бынат суæгъд, æмæ иууылдæр, ныр та дзы кæй сæвæрой, ууыл хъуыды кæнын райдыдтой. Абуталиб загъта:

– Амæй-ай мæллæгдæр адæймаджы бацагурут.

* * *

Æрыгон фысджыты æмбырды Абуталиб загъта:

– Æз, кæй зæгъын æй хъæуы, раджы райгуырдтæн. Уæ нанатæ ма уæд чызджытæ уыдысты. Уымæ гæсгæ уæ бон зæгъын у, мæхæдæг æмæ мæ зондахаст дæр кæй базæронд сты. Фæлæ, адæймаг цы зоны, уымæн базæронд уæвæн нæй. Хæрæг хæдтулгæйæ зындæр скъæрæн у. Саст тæбæгъ скъуыд электрон телæй зындæр бацалцæггæнæн у. Цыппаррæнхъон даргъ критикон уацæй зындæр ныффыссæн у.

* * *

Радиойæ дзырдтой Абуталибы ног æмдзæвгæтæ. Йе ‘фсин хæдзары куыстытæ кодта æмæ йæм нæ хъуыста. Абуталиб æй бафарста:

– Цæуылнæ хъусыс æмдзæвгæтæм? Æз дæн.

– Цыма дæ фыццаг бон зонын.

– Омæ ног дæн. Ахæм нырма никæд уыдтæн.

* * *

Рауагъдады Абуталибы чиныг иннæ азмæ аргъæвтой. Уый загъта:

– Эффенди Капиев, æз цы дзырдтон, уыдæттæ ныффыста æмæ сæ уайтагъд рауагъта. Расул Гамзатов ныффыста, æз ын цы радзырдтон, уыдæттæ, æмæ сæ уый дæр уайтагъд рауагъта. Мæ хъуыдытæ мæхæдæг рауадзынвæнд куы скодтон, уæд та сæ фидæнмæ æргъæвынц.

* * *

Спектаклы премьерæйы фæстæ Абуталибы фæрсынц, йæ зæрдæмæ фæцыд æви нæ, уымæй. Йæ дзуапп уыд ахæм:

– Цыппæрæм акт æвæджиауы хорз рауад.

– Спектаклы æрмæст æртæ акты куы уыд.

– Куыд æртæ? Æмæ банкет та?!

* * *

Фысджыты цæдисы дзырдтой литературæйы ног декадæ бацæттæ кæныныл. Абуталиб загъта:

– Декадæйыл дзырдтам цалдæр азы размæ. Куы нытътъанг, æппын ын кæрон нæй?!

* * *

Ærыгон фыссæджы командировкæйы арвыстой, цæмæй хъугдуцæгыл очерк ныффысса. Уый бавдæлд æмæ хъугдуцæджы аскъæфта æмæ йæ ракуырдта. Уыцы хабарыл ныхас бацайдагъ. Абуталиб фæрсы:

– Рæсугъд уыд уыцы хохаг чызг?

– Рæсугъд æмæ куысты раззагдæр.

– Куыд æй аскъæфта?

– Рог хæдтулгæйы йæ баппæрста.

– Фыццаджыдæр, литературæ æрцыд цардимæ баст. Дыккаджы та, уынæм ногдзинад – раздæр-иу бæхыл скъæфтой. Рагон мидисæн фыссæг æнтыстджынæй ног хуыз радта.

* * *

Абуталибæн радзырдтой, йе ‘мдзæвгæтæ-иу фыццаг уырыссаг æвзагмæ чи ратæлмац кæнын кодта æмæ-иу афтæмæй кæмæн фæхуыздæр сты, уыцы поэты тыххæй. Уæд сæ-иу ногæй йæ мадæлон æвзагмæ раивта æмæ сæ афтæмæй мыхуыр кодта. Абуталиб загъта:

– Æндадзæгæй куыстон æмæ йæ бæлвырд зонын, бандадзæн æрмæстдæр хуынкъ мигæнæн кæй ис.

* * *

Иу фыссæгæн радтой кадджын цин, орден æмæ цалдæр куысты бынаты. Абуталиб ын загъта:

– Гъеныр дын æппæт уавæртæ дæр ис, цæмæй мацыуал ныффысай, уымæн.

* * *

Абуталиб йæ раздæры æмхъæуккагыл фембæлд милицæйы кусæджы дарæсы. Загъта:

– Мæнæй домынц социалистон мидис æмæ националон фæлгонц. Ай та уын, табуафси, – социалистон фæлгонц æмæ националон мидис.

* * *

Композиторты æмæ Фыдджыты цæдистæн горæты астæу иумæйаг агъуыст радтой. Абуталиб загъта:

– Уыйбæрц магусатæ иу цары бын? Æгæр уыдзысты.

* * *

Уайтагъд стыр поэмæтæ æмæ романтæ «нывæндыныл» чи бафты, ныхас уыцы æрыгон фысджытыл рацыд. Абуталиб загъта:

– Ацæргæ æмæ бирæ зонæг сылгоймаг дæр хатт æвæлтæрд æрыгоны рацахсы.

* * *

Уыцы хъуыддагыл ныхасы рæстæг ма ноджы загъта:

– Æз æндадзын лыстæг дзауматыл ахуыр кодтон: уидгуытæ, къустæ, тæбæгътыл. Æмæ æрмæст уый фæстæ бахастон мæ ныфс, стыр бæрæгбонты-иу чи хъуыд, æнæхъæн хъæуы уыцы агтæ æндадзынмæ.

* * *

Ныхас рацыд литературон куыстыл. Абуталиб загъта:

– Тызмæг хæххон цъуппыл кæй æрцахсай, уыцы чысыл цæрæгой, хъæугæрон кæй амарай, уыцы арс кæнæ стайæ зынаргъдæр у. Кæнæ, быдыры бæркадджын зæххыл цы дзуллаг æрзад æмæ хохæгтæ дуртыл кæй зайын кодтой, уыдонæн иу аргъ ис? Æз мæгуыр уыдтæн, æмæ уым зынæй ницы уыд. Уыдтæн æндадзæг, æмæ уый дæр зын нæ уыд. Уыдтæн зурнайыл цæгъдæг. Уый дæр зын нæ уыд. Æппæтæй зындæр мын у поэзи. Æмæ æппæтæй зынаргъдæр.

* * *

Иу æрыгон поэтæй Абуталиб загъта:

– Æвæццæгæн дзы ницы рауайдзæн. Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ редакцимæ хæдтулгæйыл æрбаласта.

* * *

Иу æрыгон поэт боцъотæ рауагъта. Абуталиб æй бафарста:

– Цæмæн дæ бахъуыд боцъотæ?

– Лев Толстой дæр афтæ дардта.

– Кæс-ма, Лев Толстойæ агæпп кæнын куыд æнцон у.

* * *

Иу фыссæгæн йæ костюм чъизи уыд, æмæ загътой, æвæццæгæн, дам æм йе ‘фсин хорз нæ кæсы. Абуталиб загъта:

– Уый йын сæумæрайсом йæ дзыппытæ асыгъдæг кæны. Костюмæн йæхи дæр асыгъдæг кæнынмæ йæ нал равдæлы.

* * *

Репетицийы зарыд диссаджы хъæлæсы хицау Татам Мурадов. Уыимæ 60-аздзыд зарæггæнæгмæ музыкалон ахуырад нæ уыд. Репетицийы рæстæг æм хъуыста Стыр театры зындгонд зарæггæнæг сылгоймаг. Йæ цæстысыгтæ згъæлдысты æмæ згъæлдысты.

Татам Мурадов, мæскуыйаг зарæггæнæджы афтæ зæрдæскъæфт кæй фæкодта, уымæй фефсæрмы. Сылгоймаг та загъта:

– Æз, тæригъæд ын кæй кæнын, уымæ гæсгæ кæуын. Ахæм хъæлæсимæ адæймагæн ахуыры фадæттæ ма уæд. Æвзонджы бонты хорз ахуыргæнджыты къухмæ бахауд, зæгъгæ, уæд ныр йæ ном æнæхъæн дунейыл зæлид.

Абуталиб æй фехъуыста æмæ загъта:

– Æрмæст Татам Мурадовы нæ, фæлæ иннæ дагестайнаг зарæггæнджыты, поэтты, æнæхъæн дагестайнаг аивады кой дæр кæныс. Дагестанæн йæхиуыл дæр дзурыс. Цас радтаид дунейæн, йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ йын ахуыр кæныны гæнæнтæ куы уыдаид, уæд.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***20 октябры*** Æппæтуæрæсеон фестиваль «Русское зарубежье: города и лица»-йы фæлгæты Цæгат Ирыстоны Гæздæнты Гайтойы номыл республикон фæсивæдон библиотекæйы арæзт æрцыд Гæздæнты Гайтойы хæлæртты æхсæнады сæрдар, ахуыргонд æмæ фыссæг Юрий Нечипоренкоимæ фембæлд. Уый бакаст лекци ахæм темæйыл: «Гæздæнты Гайтойы уацмысты тæлмацтæ дунейы дæсгай паддзахæдты». Изæры раныхас кодтой журналтæ «Мах дуг» æмæ «Дарьял»-ы сæйраг редактортæ Хетæгкаты Оксанæ æмæ Цхуырбаты Алан. Уыдон адæмы базонгæ кодтой, сæ коллективтимæ Гæздæны-фырты 120 азы кадæн цы сæрмагонд номыртæ рауагътой, уыдонимæ. Сæ хъуыдытæ загътой библиотекæйы директор Царахаты Ритæ, фыссæджы сфæлдыстад иртасæг Хуадонты Фатимæ æмæ иннæ специалисттæ дæр.

► ***4 ноябры*** Дзæуджыхъæуы центрон чиныгдоны уыд поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг Плиты Грисы номарæн юбилейон изæр. Фыссæджы рухс ном æрымысынмæ æрбацыдысты сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ, æхсæнадон архайджытæ, Грисы хæлæрттæ, студенттæ æмæ скъоладзаутæ. Мадзалы архайдтой уазджытæ Хуссар Ирыстонæй дæр. Ирон театры актертæ равдыстой Плиты Грисы трагеди «Чермен»-мæ гæсгæ æвæрд спектаклæй скъуыддзаг, скъоладзаутæ йын бакастысты йе ‘мдзæвгæтæ.

► ***12 ноябры*** Мæскуыйы ирон æхсæнады сæрдарæй ногæй æвзæрст æрцыд Абайты Алан.

► ***14 ноябры*** Гæздæнты Гайтойы номыл республикон Фæсивæдон чиныгдоны уыд зындгонд прозаик, цыппар историон романы автор («Теркæй Туркмæ», «Дæ фыдæлтæ – рухсаг», «Нарты Сосланы æвдæм балц» æмæ «Сырх хъаймæт») Булкъаты Михалы номарæн изæр. Уыцы бон Михалыл сæххæст уыдаид 95 азы. Номдзыд фыссæджы тыххæй радзырдтой историк Цыбырты Людвиг, йе ‘мсис хæлæрттæ Хуыгаты Сергей, Дзасохты Музафер, Гусалты Барис, Кокайты Тотрадз, Биазырты Кромвел, Къадзаты Станислав, Косты Лизæ, йе сфæлдыстадæн стыр аргъгæнджытæ Джыккайты Мурат, Джусойты Клавæ, Дзанайты Иринæ, Будайты Милуся æмæ иннæтæ. Мадзалы архайдтой Михалы кæстæртæ æмæ уыдоны кæстæртæ. Сæ номæй æппæт уазджытæн арфæ ракодта йæ фырт – поэт, прозаик, тæлмацгæнæг Булкъаты Игорь.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 11. 2023 г.
Подписано в печать 16.11.2023 г. Выход в свет: 27.11.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1050 экз. Заказ № 535. Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Мæ аргъуан – зæхх,
Мæ дзуар у уарзондзинад,
У дун-дуне Фыдыбæстæ мæнæн!

КЪОСТА

Фæцæрут бирæ, фарнимæ цæугæйæ,
Хæлардзинадмæ иудадзыг бæллут.
Æндæр адæмтæн цины монц хæсгæйæ,
Уæ сыгъдæг ном, уæ кадимæ цæрут.

Расул ГАМЗАТОВ





„MAX DUG“

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD“ 1934

Индекс 73247
12+